

Makutharama

Pakeliran Sedalu Natas
(garap *tradisi* Radya Pustaka)

dhalang:

Ki Purbo Asmoro

S. Kar., M. Hum.

25 Oktober 2008

Benawa, Palur, Surakarta

Jawa Tengah, Indonésia

dipun-transkripsi saking rekaman déning:

Kathryn Emerson

déwan penyunting transkripsi:

Purbo Asmoro

Sugeng Nugroho

Makutharama, pakeliran sedalu natas (*tradisi* Radya Pustaka), naskah basa Jawi © 2008, Purbo
Asmoro

Pathet Nem

buka gendèr, Ketawang Gendhing KABOR, kethuk 2 kerep, sléndro nem

[Medal parekan, Duryudana, Durna, Sangkuni, Kartamarma.]

(Kabor, sirep)

Jejer Sepisan: Praja Ngastina

JANTURAN: Swuh rep data pitana. Anenggih nagari pundi ta kang kaéka adi dasa purwa.

Éka sawiji, adi linuwih, dasa sepuluh, purwa wiwitan. Senadyan kathah titahing déwa ingkang kasongan akasa, sinangga pratiwi, kaapit ing samodra, kathah ingkang anggana raras, nanging datan kadi Nagari Hastina, ya sinebat Nagari Liman Benawi. Mila kinarya bebuka, ngupaya nagari satus datan antuk kalih, sanadyan sèwu 'tan jangkep sadasa. Dhasar nagari panjang punjung, pasir wukir, loh jinawi, gemah ripah, tata tur raharja.

Panjang: dawa pocapané, punjung: luhur kawibawané, pasir: samodra, wukir: gunung. Negara ngungkuraké pagunungan, nengenaké pasabinan, ngéringaké pategalan, ngayunaké bandaran gedhé. Loh: tulus kang sarwa tinandur, jinawi: murah ingkang tinuku. Gemah: lampahing para nangkodha surya-ratri datan ana pedhoté, labet datan ana sangsyaning dedalan. Aripah: janma manca ingkang samya bebara jejel apipit aben cukit tepung taritis, papan wiyar katingal rupak saking harjaning praja. Ingon-ingon kebo sapi pitik iwèn datan ana cinancangan, yèn ta rina padha aglar ing pangonan, yèn ta wanci surup surya mulih marang kandhangé dhéwé-dhéwé.

Para mantri bupati sapanekaré jangkep sami bijaksana limpad ing kawruh, tansah ambudi raharjaning praja. Senadyan para narakisma, padha ayem tentrem atiné mungkul pangulahing tetanèn. Dhasar negari ingkang gedhé oboré, padhang jagadé, dhuwur kukusé, adoh kuncarané. Bebasan ingkang celak manglung tebih tumiyung. Mboten ing Tanah Jawi kéwala ingkang sami nungkul, sanadyan ing tanah sabrang kathah para raja ingkang sami sumawita, datan karena ginebag ing ajurit, muhung kayungyun poyaning kautaman, samya atur putri minangka

panungkul. Ing saben 'ri kalamangsa, sami asok bulu bekti glondhong pengareng-areng, pèni-pèni raja pèni, guru bakal guru dadi.

Sinten ta jejuluking sri nata ing Ngastina, wenang dèn-ucapna, nenggih Mahaprabu Duryudana, Kurupati, Jakapitana, Hanggendarisuta. Mila jejuluk Duryudana, ateges naléndra ingkang abot sangganing aprang. Kurupati, angratoni darahing Kuru. Jakapitana, duk nalika sang nata sinengkakaké ngaluhur jumeneng naléndra nyata maksih jejak dèrèng nambut silaning akrami. Déné Anggendariputra, nyata sang nata putra pambayuning Kusuma Dèwi Gendari.

Kacarita, Prabu Duryudana kondhang ing rat naléndra bèrbudi bèrbandha, remen hanggeganjar hangulawisudha, nanging kirang marsudi rèhing tata krami. Kadang satus kang sami nyantana dèn-ugung kesenengané. Marma sagung para kadang sami kaduk adigang, adigung, miwah adiguna, ngendelaké kadanging ratu.

Yèn ta ginunggung wiyaring jajahan, luhuring keprabon, sayekti saratri datan ana pedhoté, sinigeg ingkang murwèng kawi. Nuju ing hari Soma, sang nata miyos tinangkil mungging sitinggil binatu rata, lenggah mungging dhampar denta pinalipit ing kencana, pinatik ing nawaretna. Lèmèk babut prangwedani ginanda wida jebat kasturi, sinebaran kanang sari. Dhasar kinebutan laring badhak kanan-kéring, kongas gandaning nata angèbeki paséwakan.

Rep sidhem datan ana sabawaning walang ngalisik, ron-ronan datan obah, samirana datan lumampah. Inggang kapiyarsa amung swaraning pradangga hanganyut-anyut binarung ocèhing kukila ingkang méncok ing waringin, miwah sabawaning abdi kriya gemblak kemasan, pandhé, ingkang samya nambut karya. Karengyan saking paséwakan, pating carengklang pating carengkling, imbal gantya lir mandyaraga, werdiné kaya gamelan. Teka amuwuhi asri renggeping panangkilan. Ing alun-alun papandhèn bandéra lelayu payung agung miwah bawat, tinon angendanu pindha mendhung. Para mantri bupati ingkang sami séba, ambèr ambalabar dumugi ing pangurakan yayah samodra pasang.

Nenggih sinten ta ingkang lenggah jajar klawan sang nata. Nenggih pujangganing kraton Begawan Durna ya Sang Kumbayana. Mabukuh marikelu mungging ngarsa, nenggih Rekyana Patih Harya Sengkuni. Datan kantong pangéran ngiras paniti sastra, Radèn Harya Kartamarma ingkang wus sumahap

mungging ngayun. Dupi wus antara lama dènira lenggah tinangkil, sang nata sasmita mring sang rekyana patih arsa wawan pangandika.

(Kabor, udhar)→Ladrang SEKAR LÉSAH, sléndro nem, suwuk

Pathet Ageng, sléndro nem

*Leng-leng ramya ningkang,
Sasangka kumenyar,
Mangrengga ruming puri,
Mangkin tanpa siring,
Halep nikang umah,
Mas lir murub ing langit,
Tekwan sarwa manik,
Tawingnya sinawung,
Saksat sekar sinuji,
Unggyan Banuwati,
Ywan amrem alangen,
Lan Nata Duryudana.*

Ada-ada Girisa, sléndro nem

*Leng-leng gatining kang,
Hawan saba-saba,
Nikèng Ngastina,
Samantara tekèng,
Tegal Kuru Narar,
Ywa Kresna laku sirèng,
Parasu Rama Kanwa Janaka,
Dulur Naradha,
Kapanggih ing ika,
Tegal miluri karya.*

DURYUDANA: Nuwun mangké ta Bapa, Bapa Durna. Sarawuh Jengandika wonten ing paséwakan, kula ngaturaken pasegahan panakrami.

DURNA: O, kula nok-non, nuwun inggih, Sinuwun. Dahat suka marwata sutaning manah pun bapa ing Sokalima, kula tampi, kula petek wonten ing pranaja, mugi amewahana bawa leksana. Namung puji hastuti puja mantra sangking pun bapa ing Sokalima mugi konjuk wonten ing ngarsa Paduka, Sinuwun.

DURYUDANA: 'Nggih, kula pundhi kanggé jimat paripih, mugé handayanana kasantosan kula. Bapa Durna, mbok manawi andadosaken kagyating penggalih Jengandika, tumunten kula piji, kula rawuhaken ing paséwakan kalenggahan mangké.

DURNA: Oh, saking wantering timbalan Paduka Inkgang Sinuwun, lampah kula sangking pertapan dumugi ing paséwakan, kados kula jangkah-jangkaha sepisan dumugi, manawi wonten suwèking jubah kula sacengkang, mboten mawi kula toléh. Menapa wonten kepareng Padukéndra badhé mundhut cecepenganing bapa, ingkang awarni aji jaya kawijayan, kanuragan, 'tosing balung, wuleding kulit. Menawi tetéla mekaten, badhé kula unjukaken wonten ing ngarsa Paduka Sinuwun dinten menika ugi.

DURYUDANA: Tumrap kula kados sampun cekap dayaning lisah tala ingkang tumama ing angga kula. Inkgang mekaten kula ngaturaken panuwun. Bapa Durna, keparenga lenggah prayogi.

DURNA: Kula nok-non, nuwun inggih, ngèstokaken dhawuh, kados sampun mboten kirang prayogi menggah pamaraking pun bapa ing Sokalima, Sinuwun.

DURYUDANA: Paman, Paman Harya Sengkuni. Apa baya adadi guguping atinira Paman, manira piji mangayun, Paman?

SANGKUNI: Kawula nuwun, nuwun. Saklangkung gurawalan anggèn kula nampi dhawuh Padukéndra. Nalika wonten ing njawi pindha jinait telenging wardaya, tistising tyas dahat leng-lenging ndriya hangelangut. Nanging sareng dumugi ngarsa Paduka Nata, asrep raosing manah kula pindha siniran tirta ing wanci énjang, sayekti mboten wonten raos maras.

DURYUDANA: Apa darunané mangkono Paman, mara gagé sajarwoa.

SANGKUNI: Kawula nok-non, kula ngrumaosi bilih gesanging pun paman, ngéyup wonten ing sahandhap pada Paduka 'Njeng Buminata. Pramila suka kakarsakna ngrangsang ingkang inggil, nggayuh ingkang tebih, tugel kadamela bebalang, remuk rempu kasawurna, pun paman ing Kepatihan mboten badhé suwala, Sinuwun.

DURYUDANA: Hem, Paman aja klèru panampa. Yektiné ora pisan-pisan manira bakal paring pidana marang jenengpara Paman. Nadyan ta jenengsira nandhang dosa

pati kaya mung cukup tumeka ing lara. Ya merga saka kuwanènira Paman Harya Sengkuni ing babagan apa waé, lan gedhéning darmanira bisa ngejum gumbala kang ruwet. Paman, ingsun mundhut pawarta kahananing Praja Ngastina.

SANGKUNI: Nok-non nuwun inggih, sedaya para kawula sami sahiyeg sahabipraya, gumolong cipta, rasa, karsa, miwah karyanipun, rainten-dalu anggung hambudidaya murih wewahing kaluhuran Nata Paduka Sang Aprabu.

DURYUDANA: Sokur mangayu bagya sèkethi jumurung. Kula nuwun mangké ta Bapa, Bapa Durna. Keparenga pinarak lenggah radi majeng sawetawis, badhé wonten gémbolaning raos ingkang nedya kula babar wonten ing paséwakan, Bapa.

Pathet Jugag, sléndro nem

*Hanjrah ingkang puspita 'rum,
Kasilir ing samirana mrik,
Sekar gadhung,
Kongas gandanya,
Mawèh raras renaning driya.*

DURNA: Kawula nuwun, nuwun Sinuwun. Keparenga pun bapa nganglungaken jangga nilingaken karna, tumunten kadhawuhna menggah menapa ingkang dados rasoing penggalih Paduka Sinuwun?

DURYUDANA: Bapa, setunggaling wanci kula nampi wasitaning déwa ingkang kawursita wonten salebeting pasupenan. Bilih ing 'ri kalenggahan mangké, déwa badhé ngandhapkan kanugrahan wahyuning keprabon, inggih wahyuning keraton, ingkang winastan Pepakem Makutharama. Ujaring wasita ingkang sampun kula tampi, badhé mandhap wonten ing tlatah Kutharunggu, wonten ing Swélagiri. Ing mriku wonten pithataning janma ingkang kinten kula dados sang awatara ing jagad ingkang nedya ambabar pepakemipun Prabu Ramadéwa duk rumuhun. Bapa, kula nyuwun dhawuh Jengandika babagan wahyu menika kadipundi, keparenga Bapa Durna paring pangandika sabbatama.

DURNA: Oh, lolé-lolé, somalolé somaranté jebebeg howéloh-howéloh, wana-wana dadi alas, alas-alas dadi wana. Kaluhuran dhawuh Paduka Sang Nata, bilih mboten klèntu, jer pun bapa ugi nampi wangsit ingkang mekaten; jawata badhé ngandhapkan kanugrahan agung wujuding Pepakem Makutharama. Kacetha

ujaring gotèk, duk Sri Ramawijaya sang martèng jagad kuwawa angregem njanaloka, presasat labet saking hambegipun ingkang utami, sinuyudan déning sagung dasih kaswasih, labet anggenipun tansah amundhi Pepakem Makutharama kala wau. Namung èstonipun ingkang nami wahyu, wahyu menika tuwuh saking wohing pangudi, inggih menika pangudi ingkang sinartan mantep lan temen, manteping raos lan tumemening tumindak.

DURYUDANA: Inggih, ngaturaken panuwun, Bapa.

SANGKUNI: Kula nuwun sèwu Sinuwun, keparenga kula badhé miterang dhateng Kakang Sokalima.

DURYUDANA: Iya Paman, mangsa bodhoa.

SANGKUNI: Kakang Durna?

DURNA: Apa, Cuni?

SANGKUNI: Mara gagé aku wènèhana katrangan ingkang cetha, wong nggayuh wahyu lan ngopèni wahyu kuwi carané kepiyé?

DURNA: Yèn kowé kepéngin sumurup apa ta kang dèn-arani wahyu, wahyu kuwi suwijining kabegjan utawa kanugrahan peparing saka Kang Maha Kuwasa, ingkang ambabar daya luwih. Déné babaring daya luwih mau bisa wujud kesugihan bandha donya, bisa wujud panguwasa, uga bisa wujud drajat lan pangkat. Rèhning wahyu mau asalé saka Sing Gawé Jagad iki, mula ora bisa kinaya ngapa déning para titahé. Tegesé, ora bisa dirancang lan dipétung déning titah, jejerling titah mung sakderma kanggonan utawa kedunungan. Dadi mung sakderma nglakoni. Kuwi waé sing ngarani wong liya, nganti sing kawogan dhéwé ora ngrumangsani. Wong sing nampani kabegjan utawa kanugrahan iku, banjur diarani wong kang kewahyon.

SANGKUNI: O....

DURNA: Lha yèn asalé wahyu mau, menawa manut pangandikaning para pinisepuh lan para nimpuna utawa para pinter, iku suwijining kukuban, sawijining undhuh-undhuan utawa suwijining woh saka anggoné nandur, utawa anggoné gawé lelabuhan marang jagad iki. Mungguh sing nandur iku bisa awaké dhéwé, nanging uga bisa leluhuré. Déné carané nandur yaiku ora liya kejaba tapa-brata, yaiku

nindakaké laku kaya patrapé wong sengsara. Nindakaké patrapé kaya wong kecingkrangan lan wong kekurangan, sarwa ora kepénak. Ditindakaké kanthi niat, tékad, lan ati dhéwé. Mula ya kudu adoh saka rasa pangresula, ngundhamana, muring-muring, nanging kepara kudu dilambari nganti tekaning ati lila, nalangsa, sabar, lan narima.

SANGKUNI: Mengkono?

DURNA: Lha, sarèhning wahyu iku mujudaké sewijining kamulyan. Mula ya dadi pepénginaning sapa waé ingkang ngenggoni jejeri dumadi. Presasat saben wong ingkang urip ana ing alam padhang iki, yèn ta ngerti marang werdining wahyu, wis mesthi kepéngin nggayuh. Nanging yakuwi, nadyan kepéngin nggayuh, nèk durung mesthi bisa kasembadan. Ya mung titah ingkang katarima déning Kang Murbèng Jagad, lan titah ingkang bareng klawan kabegjan, kang bisa kaparingan wahyu kang mengkono mau. Yèn ditonton saka ing kelairan waé, wong ingkang kedunungan wahyu iku wong sing patrap uripé pedinan sarwa prasaja, sarwa temen, adoh saka watak lelamisan, dhemen ngajèni marang sapa waé, hambeg susila anuraga, ora dhemen marang bangsaning cecongkrahaman, anané mung sarwa hamemayu rahayuning kahanan sakwutuhé. Kejaba saka iku, ing rèh kebatinané ora naté kendhat anggoné nindakaké wewatoning urip ingkang wis dianggep dadi pepakem. Kuwi Cuni.

SANGKUNI: O, o, o, tinemuné kok ya angèl temen wong kewahyon?

DURNA: Angèl. Ora angger wong. Cara-cara kaprigelan, 'isa disinau. 'Ning angger tekan nggon kewahyon, 'ki angèl. Wong 'ki nèk kewahyon, obah mamah ménggok ngemplok. Apa-apa sarwa kebeneran. Kuwi wong kawahyon. 'Agèk arep lunga ngono wé, diampiraké uwong, 'kon kondangan. Kuwi nèk wong ketrima. Béda karo wong sing ora ketrima, suket godhong dadi mungsuh. 'Agi nduwé penemu bener, mesthi disalahaké nguwong. Nèk wong ora kebeneran kaya ngono kuwi.

SANGKUNI: Lha nèk kira-kira, kira-kira Kurawa 'ki bisa nggayuh apa ora, Pepakem Makutharama kuwi?

DURNA: Mengko dhisik. Aku krungu pawarta, binandhung ing karna, ujaring bakul sinambiwara.

SANGKUNI: Bakul sambiwara 'ki apa?

DURNA: Bakul sambiwara 'ki sudagar gedhé.

SANGKUNI: Krungu kabar apa Kakang?

DURNA: Aku krungu pawarta yèn ta panengah Pandhawa si Janaka linggar saka ing kasatriyan. Mangka adat lupiya ingkang wis kawuri, uger Janaka méntar mangka nedhengé ana wasita bakal tumedhaking kanugrahan gedhé, ponang wahyu, saka pangrasaning pun kakang Sokalima, mesthi Janaka ngudi tumuruning kanugrahan iki.

Sendhon Pananggalan, sléndro nem

*Siyang pantara ratri,
Amung cipta pukulun,
Tanna lyan kaèksi,
Mila katur,
Inkang cundhamanik,
Prasasat ragèng,
Ulun kang sumembah,
Munggwing padanta prabu,
Myang kagunganta singsim,
Saksat sampun prapti,
Katon asta pukulun,
Wulat narapati,
Rama déwaningsun.*

DURYUDANA: Hem. Bapa Durna, nembé mangertos menika manawi Dhimas Permadi oncad saking Kasatriyan Madukara. Manawi ta tetéla mekaten, kula sampun saged anjagèkaken, yèn kula anggadhahi pepénginan badhé ngudi tumuruning kanugrahan, ingkang putra pun Jakapitana tartamtu mboten badhé saged kasembadan.

SANGKUNI: Cetha, manawi Janaka menika tumandang ngupaya wahyu, tartamtu Kurawa mboten badhé ngukup menapa-menapa.

DURNA: 'Ko 'sik 'Dhi Cuni, aja cilik ati. Wong kuwi kudu sing nrima. Narima iku tumanggaping ati ingkang jembar, 'ning ya kudu santosa ing sedya.

SANGKUNI: Carané nrima piyé?

DURNA: Aja sok serik, lan aja nduwèni pangira-ira marang liyan. Merga aku wis kandha ing ngarep, yèn ta wahyu kuwi kudu jinangkah lan kudu digayuh. Dhasaring narima siji: narima sak-anané. Liré, upamané nyandhang nganggo lan memangan mung sak-anané, ora ngaya golèk onjo lan ora golèk sing mirasa. Kuwi tegesé wong nrima. Panganan kuwi marakaké apa. Énaké pangan ya wis mung ngana kaé, ora wurung nèk kokèhan panganan énak ya mung lara gula. Banjur narima sakkecekelé. Liré, pangudining raja brana ora nggregut banget, nganti dredah amarga nyahak wewenanging liyan. Sabanjuré narima sakkuwaté. Liré, pangangkating sesanggan ora dirosani 'ning yèn abot disèlèhaké, mung samurwat klawan drajaté. Banjur uga ana laku nrima yèn ta diseriki, disengiti, ora bakal ngandhut tatuning ati, kepara ngrumangsani lamun ta awaké dhéwé ingkang isih kurang becik déné durung disenengi déning uwong. Nrima yèn diwirangaké. Liré, kinira gawé panasing ati iku kaanggepa ngundhakaké panemu, déné nganti bisa digawé wirang déning wong liya, nedya ngunduri tindaké ingkang nuwuhaké wirang mau. Dadi yèn ta wong iki bisa narima kaya tuladha-tuladha ingkang tak-kandhakaké kabèh mau, saka pangrasaku bakal bisa ènthèng jroning pikiré satemah bisa nampa kanyatan iki, ora susah jubriya menyang sapa-sapa.

DURYUDANA: Bapa Durna.

DURNA: Kula wonten dhawuh.

DURYUDANA: Nanging tetep ancasing sedya kula kepéngin ngudi tumuruning kanugrahan.

SANGKUNI: Sinuwun, kados kirang prayogi menawi Paduka piyambak ingkang nyalirani.

DURYUDANA: Prayogané piyé Paman?

SANGKUNI: Kinten kula upami ta leres pekabaran menika, Radèn Janaka ngupaya tumedhaking kanugrahan agung Pepakem Makutharama, ing mriki wonten priyantun ingkang sembada njajari lenggahipun Janaka.

DURYUDANA: Sinten Paman?

SANGKUNI: Mboten sanès kejawi namung ingkang raka Ngawangga, ingkang minulya Sang Adipati Karna Basuséna. Manawi Paduka Sinuwun kepareng utusan ingkang raka ing Awangga, kinten kula badhé saged lebda ing karya.

DURYUDANA: Paman, metuwa njaba, aturana maju lenggahé Kakang 'Dipati Ngawangga.

SANGKUNI: Nok-non, nuwun inggih ngèstokaken dhawuh. Kepareng amit madal pasilan.

Pathet Jugag, sléndro nem

*Hatap para hapsari tumonton mring sang dwija,
Kadya 'gé wor jiwa,
Kagagas ing tyas dahat kéwran ing karyanira,
Datan antuk samya myat rengganing prabata,
Roning kadhep kumelap lir pangawéning dwija.*

[Sangkuni madal pasilan, ngaturi Karna minggah sitinggil.]

POCAPAN: Lah ing kana ta wau, wus mundur palarasan Rekyana Patih Harya Suman.

Dupi wus cundhuk ayunan klawan Sang Narpati Ngangga Prabu Karna Basuséna, tanggap ingkang piniji, sigra ngetap busanané, parandéné paripaksa mangu-mangu ing penggalih.

Dhayohan

Ladrang MANGU, sléndro nem

[Karna dhateng.]

(Mangu, sirep)

KARNA: Nuwun, amit pasang kaliman tabik, sinabeta ing iladuni, dhumawah ing tawang-tawang, linepatna ing tulah manu. Yayi Prabu, cumanthaka rakanta ing Ngawangga, labet kula piniji déning Paduka Yayi.

DURYUDANA: Kakang 'Dipati, suwawi kula aturi lenggah ingkang prayogi, badhé wonten atur ingkang kula unjukaken ing ngarsa Paduka Kakang Narpati Ngawangga.

KARNA: Adhuh, beja kemayangan Yayi, ngèstokaken dhawuh Paduka.

(Mangu, udhar, sirep)

JANTURAN: Mubyar ngenguwung soroté lir bagaskara. Narpati Ngawangga Sang Basuséna, dupi wus prapta ing ngarsa Nata Sri Duryudana, suka marwata suta tyasira. Anarka lamun ana karya ingkang kedah sinangga. Idheping tékad, teteping darma, udhu jiwa urun raga, setya mring Sang Jakapitana. Nyata lamun Sang Suryaputra, pantes dadya cucuking adilaga, sembada tatag ngadhepi sawernaning bebaya, tanggung mring pangrencana, tanggon mring wisésaning parangmuka. Mèsem jroning wardaya Sang Nata Prabu Duryudana.

(Mangu udhar, suwuk)

Pathet Wantah, sléndro nem

*Prandéné kang wus sampurna,
Ing pangawruh tan samar wor ing dhiri,
Kang ngalingi wus kadulu,
Ngléla tan kalamatan,
Wruh ing wrana pambukané,
Tan kaliru jro liyep layap karasa,
Saking prana pranawaning.*

KARNA: Adhuh, Yayi Prabu kadanging pun kakang, Yayi Jakapitana sedhèrèk kula anem, Yayi. Yayah sinamber ing gelap lepat, tinubruk ing mong tuna, sareng Paman Harya ing Kepatihan prapta wonten unggyaning raka para ing Ngawangga ingkang sawetawis tebih pamarak kula. Wonten dhawuh, Yayi?

DURYUDANA: Kakang 'Dipati, dinten mangké jawata badhé ngandhapaken kanugrahan Pepakem Makutharama ingkang badhé mandhap wonten ing Pertapan Swélagiri ing Kutharunggu. Ing ngriku kacariyos wonten pandhita wakiling Kang Akarya Jagad, ingkang badhé ambabar pepakemipun Prabu Ramadéwa duk rumuhun, ingkang peparab Begawan Késawasidi. Jengandika Kakang Narpati mugi kerso tedhak dhateng Kutharunggu nyatakaken wasita kala wau. Éwadéné kapara yekti, kadospundi éguh pertikel pemanggihipun Kakang 'Dipati, kula borongaken sakwetahipun. Inggang baken kondur Jengandika mring Negari Ngastina saged mboyong Pepakem Makutharama.

KARNA: Adhuh, Yayi Prabu kadanging pun kakang. Tumrap rakanta ing Ngawangga presasat kadidéné warastra ingkang sampun tinumpangaken wonten kendhening langkap, Yayi Prabu ingkang nglésan. Manawi Yayi Prabu badhé ngelès mangidul, kula badhé dhawah wonten kidul. Yayi Prabu Jakapitana nginceng ngalèr, pun kakang badhé dhawah wonten ing lèr. Dinten mangké kula badhé nyendikani dhawuh Paduka. Keparenga kula nyuwun pamit tambahing pangèstu sageda lebda ing karya.

DURYUDANA: Inggih, nganthiya kadang Sata-Kurawa sakcekapipun. Mboten langkung namung pamuji kula ingkang ndhèrèkaken jengkar Paduka Kanjeng Kaka Prabu Ngawangga.

Ada-ada Girisa, sléndro nem

*Yogya malih kinarya palupi,
Suryaputra Narpati Ngawangga,
Lan Pandhawa tur kadangé,
Lyan yayah tunggil ibu,
Suwitèng Sri Kurupati,
Anèng Nagri Ngastina,
Kinarya 'gul-agul,
Manggala golonganing prang,
Bratayuda ingadegken sénapati,
Ngalaga ing Kurawa.*

[Karna késah.]

DURYUDANA: Bapa Durna.

DURNA: Kula wonten pangandika ingkang adhawuh.

DURYUDANA: Kakang 'Dipati Ngawangga sampun jengkar.

DURNA: Lha inggih, menika langkung prayogi, pun bapa ndhèrèk bingah.

DURYUDANA: Kula aturi memuji dhateng panguwasaning déwa, mugi-mugi sageda kasembadan sedya kula.

DURNA: Nuwun inggih, ngèstokaken dhawuh 'Nggèr.

DURYUDANA: Paman Sengkuni.

SANGKUNI: Kula nok-non, wonten pengendika ing adhawuh.

DURYUDANA: Mepaka para kadang Sata-Kurawa kinèn padha miranti, ngombyongi jengkaré Kakang 'Dipati Ngawangga.

SANGKUNI: Nok-non, nuwun inggih, ngèstokaken dhawuh. Kepareng amit madal pasilan.

DURYUDANA: Yayi Kartamarma.

KARTAMARMA: Kula wonten pangadika ing adhawuh, Kaka Prabu.

DURYUDANA: Bubarna kang nggantung séba, pun kakang jengkar ngedhaton, Yayi.

POCAPAN: Lah ing kana ta wau, wus titi purnèng gati paséwakan, sang nata sasmita arsa jengkar manjing Lokapusantara. Saksana para wahini pawongan cèthi ingkang samya ngampil upacarèng aji, rep regedeg nguncupaken asta minangka tandha pakurmatan. Yayah binayangkaré konduring Sang Nata Prabu Duryudana.

Bedholan

Ayak-ayak, sléndro nem

[Duryudana menyang saking palenggahan, kadhèrèkaken parekan. Sangkuni, Durna, lan Kartamarma lèngsèr saking sitinggil.]

Gapuran

(Ayak-ayak, cengkok Anjangmas, irama dados, sirep)

[Duryudana kèndel wonten ngajenging gapura.]

JANTURAN: Sèbet byar katalika wau. Naléndra ing Ngastina Prabu Duryudana kondur angedhaton. Dèn-ayap biyada, cèthi, manggung ketanggung, jaka palara-lara, ingkang éndah-éndah warnané, adi busanané, rompyoh-rompyoh sesinomé, samya ngampil upacara keprabon: sawunggaling, hardawalika, katé mas, dwipangga kang sarwa retna.

Apa ta busananing sang nata, mangagem jamang mas sungsun tiga, kinancingan grudha mungkur, utah-utahané sotya nawa retna tibèng wuntat sinangga ing praba. Praba kunthi bajra, sengkang boma sumping tambra. Sangsangan mas winangun

naga karangrang, gelang bauwarna sinungsun calumpringan, kelat bau naga mangsa, supé tajug sakembaran. Wangkingan warangka ladrang, kandelan kumala rekta, ukiran tunggak semi, ganja tinatah tinatu rengga. Clana cindhé puspita gubeg, akampuh sembagi jinawi. Ukup rénda, cenéla tinarètès kumala mubyar. Sinongsongan kertas jenar pinarada byur. Tindaking nata lengkèh-lengkèh pindha sardula lupa, lémbéhan merak kasimpir, riyak gajah angoling. Satindak mangu sapecak kèndel, tansah kadriya ingkang ginupit ing panangkilan.

→(Ayak-ayak Anjangmas, irama wilèt, sirep)

Marma sang nata kandheg sangajenging gapura, mirsani uparengganing wiwara, kinarya nyelimur sungkawaning ndriya. Sapinten ta 'genging gapura; watara ana sapucaking Wukir Mahamèru, inggilé ngungkuli pucang lan tirisan. Pucaking gapura sinungan maniking warih 'gengnya sapuh jenggi, rebut sorot klawan sunaring sang bagaskara. Siraping gapura prunggu sari, adeg-adeg wesi balitung, tebeng tembaga rinaja werdi. Apa ta tegesé raja werdi; jasat werna biru kang dadya embanan. Tulundag akik 'bang jejobinan. Korining gapura sinung gambar wewangunan Kamajaya–Ratih. Candraning wewangunan, lamun ta menga kang kori kadi bédhang semayan, yèn ta minep pindha pengantèn apepasihan.

Pipining gapura sinungan gupala prunggu sari sakembaran, rinambutan kawat, binrengosan kawat. Nétra kumala, untu jatha selaka menur, dèn-ilat-ilati mas jingga, sami cinepegan gada. Kuping jinara trus ing irung, dèn-isèni brebara miwah breburi. Brebara kombang lanang, breburi kombang wadon. Marma yèn ta menga-minebing kori, geroting lawang mbrengengenging kombang gereng-gereng pindha buta ingkang arsa nubruk. Tembéné kang samya uninga sirna sipating gupala, yayah Cingkarabala–Balaupata ingkang tengga Kori Matangkep.

Plataraning gapura sinebaran mirah, nila, pakaja, hèrgeni. Mila yèn ta kinarya lumampah, kesandhung ing pada pating galebyar pating pancurat pindha kartika rebut sasana. Dhasar negari papan gasik waradin; wonten umbul tinalangan, toyané dèn-jogké sajroning pura kinarya padusaning para diyah. Saben hari Soma miwah Respati sakbibaring paséwakan, ilining toya gandané arum mangambar labet klunturan konyohing para bedhaya srimpi ingkang samya adus. Layoning sekar kadi sarah, marma sajroning pura datan ana ganda ingkang kuciwa. Saking

'gunging sesotya nawaretna ingkang kinarya rengganing pura, nganti datan kantenan siyang miwah dalunira. Yèn ta ratri pindha purnamasidhi, yèn ta rina sangsaya hanelahi.

Mangkana sang nata wus tutug 'nggènira mirsani uparengganing gapura. Samana sigra nyasmitani mring parekan ingkang tengga kori, kinen atur uninga mring sang garwa Nata Ngastina nenggih Dyah Ayu Banowati. Tanggap ingkang sinasmitan, gya umangsah sumembah, gegancangan lampahé manjing salabeting pura.

→ditabrak *Ayak-ayak, sléndro nem*

[Duryudana manjing kedhaton.]

(Ayak-ayak, suwuk)

Kedhatonan

POCAPAN: Lah ing kana ta wau, wus lumarap lampahira nyai emban, unjuk uninga mring ngarsaning Sang Ayu Banowati. Nengna kawuwusa, ganti ingkang winursitèng kawi, ora kaya ingkang mapan ana ing gupit mandragini, kaya pandam kéntir ing warih.

Gendhing DAMARKÈLI, kethuk 4 kerep, sléndro nem

[Limbuk medal, mlampah sarwi jejogèdan. Kasusul Cangik medal, ugi mlampah sarwi jejogèdan. Lesmanawati medal, kasusul Banowati.]

(Damarkèli, sirep)

JANTURAN: Sorot mancur mencorong mijil saking putri winongwong, nenggih Dèwi Banowati, musthikaning uwong. Nyata ayu akarya lamong, akèh priya kang kepéngin mboyong, dadi kembang lambé pating clemong, akèh kang gandrung kloyong-kloyong. Lamun Sang Banowati liwat, para priya mung pating plenggong plompong-plompong ora kuwat ndulu bundering bokong.

Nyata tetungguling memanis. Réma njanges semu wilis, sinom lir ron pakis, nanggal sepisan kang alis, lathi abang lir manggis, janggut nyathis, pamulu hambenglé kérés. Yèn dandan ora uwis-uwis. Payudara lir bluluk kuning dèn-

prenah mrih manis, sinangga kemben dadya munjuk sawetawis, mula ora susah dikepeti wis ésis.

Dedegé ora sangkuk, asta lir gendhéwa tinekuk, driji kaya saya minggah saya mucuk, padharan ora mblendhuk, ponang pocong nyenthing munjuk, disawang saka mburi cundhuk, ngiringan mathuk, ngarep Bojo kaya Dèwi Banowati sewayah-wayah gathuk, awan sayuk, wengi njuk, luwih-luwih yèn ta 'bar adus ésuks.

Dhasar pinaringan nugrahaning Widhi, sembada ing warna soroté mancur. Téjanirèng tambara wening, liringing nétra kumenyar, soroté ngenguwung awenes-wenes kamantyan turut marang kumbaning grana kéngis. Sedhep amantesi soroting jaja wiletan, ngasmara kéndra lampahé. Dedeg ndedeling lurus, swara gandem arum manis, jaja wijang èsmu ngengret. Tindak tajem luruh, dlamakan lempah tarincing, tapaké nora siwah. Lambung miyer turut, lunging jangga sapaningal, asta membat lémbéhan kaya merak kesimpir. Pamidhangané lir traju rukma, turuting tenggak ukelé tajem tekeming jejengku.

Pendhak-pendhak Sang Nata Prabu Kurupati miyos tinangkil, Sang Dèwi Banowati miyos munggwing prabasuyasa, sinambi mriksani gebyakaning para bedhaya srimpi, keplok imbal angedasih senggakan arebut wirama. Hambèr hamblabar sanggya para cèthi miwah para pawongan ingkang samya sumahap munggwing ngayun. Sinten ta ingkang mabukuh ngumala 'rum. Nenggih menika ingkang putra Dèwi Lesmanawati, 'tan prebéda ayuné klawan ingkang ibu, mung kladuk luruh.

Nalika ing mangké nuju suwuking pradangga, ana tengara konduring Sang Nata Prabu Jakapitana. Gupuh-gupuh Sang Retna 'Yu Dèwi Banowati ngrakit tirta munggwing sangku, kinarya amijiki padanira sang raka Prabu Duryudana. Dadya guragapan amethuk mring rawuhnya Sang Prabu Kurupati. Tinut ing wuntat ingkang putra kinasih Dyah Lesmanawati miwah sanggya para parekan.

(Damarkèli, udhar)

[Banowati mapag rawuhipun Duryudana, kedhèrèkaken Lesmanawati, Cangik, tuwin Limbuk.]

[Duryudana pinanggih Banowati.]

→*Damarkèli minggah kethuk 8*

[Duryudana lan Banowati lenggah ing kedhaton, kaadhep Lesmanawati, parekan, Cangik, tuwin Limbuk.]

(Damarkèli, suwuk)

Pathet Ageng, sléndro manyura

*Kilyan sangka rika tataman arepat,
Rèhnya balé kancana,
Soba bra mahening pawal natar ikang,
Rok mutyahara raras,
Widuriya mara nila,
Baprani pager tunjungnya,
Manten lumeng,
Muntab hinteni gapuranya macawinten,
Suryakantha ujwala.*

BANOWATI: Kawula nuwun, nuwun, dèrèng sawetawis dangu kepareng rawuh Paduka Kanjeng Sinuwun, anjanur gunung déné radi randhat anggèn Paduka miyos siniwaka, kula ngaturaken pangabekti, Sinuwun.

DURYUDANA: Yayi Ratu, ya tak-tampa gawé bombonging rasa. Ora liwat pangestuné pun kakang tumrapa marang jenengpara, Yayi Ratu.

BANOWATI: Dahat kapundhi éngga jimat paripih, Sinuwun.

LESMANAWATI: Rama Prabu, kula ngaturaken pangabekti mugi konjuk.

DURYUDANA: Lesmanawati anakku wong ayu, ya, tak-tampa gawé bombonging rasa. Ora liwat pangèstuku tampanana, Lesmanawati.

LESMANAWATI: Kapundhi éngga jimat paripih, mugi andayanana kasantosan, Rama Prabu.

BANOWATI: 'Bat-tobat-tobat. Wonten wigatos menapa, Sinuwun kadi nyalawadi paséwakan ing 'ri kalenggahan mangké. Keparenga ambabari garwa Paduka kula pun Banowati, Sinuwun.

DURYUDANA: Yayi Ratu, déwa bakal ngudhunaké Wahyu Pepakem Makutharama, ingkang bakal mudhun ana ing tlatah Swélagiri. Kacetha ing kono jroning wangsit ana pandhita ingkang angasrama kang peparab Begawan Késawasidi, ingkang bakal amedharaké pepakeming Prabu Ramawijaya duk rumuhun. Ujaring wangsit, sapa ingkang kadunungan kenugrahan yekti bakal pinardawa kamulyané, dadi ratuning para ratu. Mula Yayi, rada suwé jroning paséwakan merga bingung rasaku aku krungu pawarta yèn ta Janaka lunga saka kasatriyan. Adat lupiya yèn ta marengi mudhuning kanugrahan Janaka lunga, ora wurunga wahyuné mesthi nèmplèk menyang wong Pendhawa. Mula 'pisan iki aku njaluk dongamu. Pujèk-pujèkna Janaka upama golèk wahyu aja oleh gawé.

BANOWATI: 'Bat-tobat-tobat, kénging menapa Paduka paring dhawuh ingkang mekaten? Lajeng sambung rapetipun menapa kula kaliyan 'Dhimas Permadi?

DURYUDANA: Tirokna gunemaku.

BANOWATI: Nuwun inggih.

DURYUDANA: Muga-muga

BANOWATI: Muga-muga

DURYUDANA: Kaparenging déwa

BANOWATI: Kaparenging déwa

DURYUDANA: Permadi nggoné golèk wahyu

BANOWATI: Permadi nggoné golèk wahyu....

DURYUDANA: Aja kasembadan.

BANOWATI: Kasembadan.

DURYUDANA: Balèni menèh.

BANOWATI: Mboten saged. Sampun mboten apal.

DURYUDANA: Klèru 'ki kenèk dibalèni. Klèru kok mbandhang.

BANOWATI: Nuwun inggih, nuwun inggih. Inggih. Mbok inggih manawi mekaten lajeng kepareng Paduka?

DURYUDANA: Aku wis kongkonan Kakang Narpati Ngawangga, supaya munggah marang Kutharunggu. Idheping tékadku mung kepéngin nggayuh tumuruning Wahyu Pepakem Makutharama.

BANOWATI: 'Bat-tobat-tobat, manawi mekaten mbok iya mangga dipun-sesuwun wonten salabeting sanggar palanggatan kéwala, supados saged kasembadan sedya Paduka Sinuwun.

DURYUDANA: Sakdurungé munggah menyang sanggar palanggatan, aku kepéngin madhang.

BANOWATI: Nuwun inggih. Sedaya inggih sampun cumawis, menawi badhé bujana.

DURYUDANA: Golèkna sambel kemangi.

BANOWATI: Nuwun inggih, nuwun inggih, sampun cumawis.

DURYUDANA: Digarap sing apik.

BANOWATI: Nuwun inggih, nuwun inggih.

DURYUDANA: Sindhèn klengenaku Nyai Bekel Ngatirah, yèn ana 'kon nyambel kemangi.

BANOWATI: 'Bat-tobat-tobat, mboten saged, mboten saged. Mboten saged. Nyai Bekel menika sagedipun *Ela-ela Kalibeber*.

DURYUDANA: Hem, Banowati, dhèrèkna pun kakang bojana.

BANOWATI: Mangga Sinuwun, kula ndhèrèkaken.

Sendhon Kloloran, sléndro nem

*Galak ulat,
Kadi thathit ambarung,
Kang pamulu,
Alus manis mawèh kung,
Sembada 'geng,
Adedeg mandarangkung,
Agorèh pantes dadya malat kung.*

[Duryudana saha Banowati manjing kedhaton, kadhèrèkaken Lesmanawati. Cangik tuwin Limbuk kantun wonten jawi.]

Limbukan

CANGIK: Anakku 'ndhuk, anakku 'nggèr, kowé kok ndomblong bareng nyawang
Inkang Sinuwun kekanthèn asta bakal bojana andrawina 'ndhuk, kowé kok
ndomblong, 'nggèr?

LIMBUK: Ya, 'Mak. Sinuwun bisa gandhèng asta karo Gusti Putri kaya ngono kok, aku
kok ya ora ènèk sing ngandhèng, ya 'Mak.

CANGIK: Oh, anakku 'ndhuk. Kowé 'ki Limbuk mbiyèn, ya wis pol-polé ya gur ngono
kuwi.

LIMBUK: Iya iya 'Yung, iya.

CANGIK: Heeh. 'Nggèr, kadéwasaning manungsa winates. Kowé lagi semono drajatmu,
lagi semono ukurmu. Ora ngukur sapa-sapa, ngukur awaké dhéwé.

LIMBUK: Iya 'Mak, iya.

CANGIK: Mumpung iki gustimu lagi kepareng dhahar.

LIMBUK: Yèn ngono apa awaké dhéwé ngentèni lorotan, karo isah-isah mengko ya 'Mak?

CANGIK: Sing dilorot apa? Wong ming timun dicampuri karo ampas kambil.

LIMBUK: Malah *sehat*.

CANGIK: Heeh, 'nggèr, 'nggèr, iya. Iki kanca pradangga komplit, saka pengrawit kraton.

LIMBUK: Kraton ngendi?

CANGIK: Adhuh 'dhuh, abdi dalem Mayangkara.

LIMBUK: É

CANGIK: Tetunggulé saka Pujangga Laras, mlumpuk dadi siji ana ing kraton iki.

LIMBUK: Iya.

CANGIK: Ayo 'ndhuk, supaya Inkang Sinuwun seger 'nggoné dhahar, nèk krungu
swaraning, mirengaké swaraning pradangga.

LIMBUK: Ya. Adat lupiya sing kawuri, Sinuwun kuwi karemané mesthi bangsaning
jineman.

CANGIK: Heeh. Karo manèh ya arep ngapa? Mangga nyuwun gungan dhumateng Nyai Bekel ingkang sampun kawentar saindenging Nuswantara swantenipun dipundhelikaken wonten ing suwijining srana ingkang saged medal swantenipun.

LIMBUK: Nyai Bekel sapa?

CANGIK: Nyai Bekel Ngatirah.

LIMBUK: Wah, nèk kuwi aku remen. Piyayi kondhang, 'Yung.

CANGIK: Heeh. Rungokna swarané. É alah, tontonen 'ndhuk. Piyayiné coba ta, kuwi lenggah ènèng nggon pradangga kaya ngono, 'yuh 'yuh. Nèk ngrungokaké swarané kaya ngana, èh èh, piyayiné wis sepuh.

LIMBUK: É, é, é, wis sak-biyung?

CANGIK: Heeh, wis sak aku, 'ning rungokna coba rungokna. Kowé bocah weton saiki ora bakal menang, ya céngkok, ya sèlèhé, wis sakparipolahé. Iki ditiru karo bocah-bocah kuwi.

LIMBUK: Iya.

CANGIK: Eh, eh, eh. Leléwaning swara, nèk nyuwara 'ki sajak lé kaya nggawil. Kaya ya karep-karep ora, 'ning kok ya tekan. "Ujung jari, balung rondhoning kalapa," kaya nggawil kaé.

LIMBUK: É

CANGIK: Coba rungokna 'ndhuk. Mangga Nyai Bekel. O, anu ... dipun-sanga. Ngaten? O, ngaten. 'Nggih, mangga, mangga. Para pangrawit dipun-andhapaken.

Jineman ULER KAMBANG, slendro sanga

(andhegan Uler Kambang)

CANGIK: Ah, jan, jan, lé nggawil. "Anuruta."

LIMBUK: Nurut sapa waé.

CANGIK: Mangga Bu.

(Uler Kambang, suwuk)

CANGIK: Kenèk *tepuik tangan* kenèk. Adhuh ‘dhuh ‘dhuh, adhuh. *Hebat, hebat, hebat*. Mula mau dingendikaké, iki rasané kaya ‘nèng suwarga.

LIMBUK: É, é, jan, jan. Komplité wong urip nèk wis ngéné iki trus arep ngapa. Kapan matiné?

CANGIK: ‘Dhuh ‘dhuh wis, *mulai*. É, é, é, wah, wis kaya ngono kuwi, ‘ndhuk, ‘ndhuk. Wah, jan, ora ukur, ora ukur. Matur sembah nuwun. ‘Ndhuk, pantes ditulad. Wis semono sepuhé, swarané ngantèk... Nggon “aja lali,” ah. Gur ngendika ““ja lali” ngono kok mak-prinding menyang githok. Angger ènèk wong ngomong ““ja lali lho” kok mak prinding ngono aku. Gur ngono thok lho kok. Ya kuwi nèk jenengé rasa kaya ngono kuwi. Kuwi kudu nganggo *konsep* rasa ‘Mas Marc Benamou. *Konsep rasa Jawa*, hem. Adhuh, élok ‘men, ya. ‘Ndhuk, mung wong gojèk ngéné iki.

LIMBUK: Iki apa ora ènèk wong nyumbang lagu?

CANGIK: Ora ènèk lho, werna-werna waé. Sing jenengé wong urip ana ing alam padhang iki, tinitah urip ana ing alam ndonya, umuré wong ‘ki apa nganti kok *seratus* telung puluh taun? Ora ènèng. Upama ta ènèk satus taun ‘ki wis klebu suwé nggoné urip ‘nèng ndonya. Lan arang wong urip nganti umuré semono kuwi. ‘Ning nèk ngélingi ragané sing dipendhem ‘nèng mbumi iki bisa nganti éwon taun, mula uripé wong ‘nèng ndonya sing umur kira-kira ya mung nganti satus taun kuwi bebasané mung sedhéla.

LIMBUK: Iya, mula ènèk sing ngarani mampir ngombé kaé.

CANGIK: Iya, mula. Aja ngombé. Memelas banget nèk wong-wong sing padha ora gelem percaya menyang sangkan-paraning dumadi, lan ora weruh dalan bener sing kudu ditambah murih rahayuning urip ana ing ngakir mbésuk ‘ndhuk.

LIMBUK: Iya ‘Mak.

CANGIK: Lha apa ta sebabé wong kok ora mikir sangkan-paraning pati, merga saka gumendhung. Uripé akèh-akèhé mung ngendel-endelké, mula ora gelem rumangsa lan ngakoni nèk sejatiné jiwané dilimputi pepeteng, merga kesenengané ngedohi pepadhang.

LIMBUK: Iya.

CANGIK: Kuwi mbésuk jiwané bakal nampa piwelèh, wujudé penandhang ana alam antara, ya ing alam pepeteng, nggoné sukma sasar.

LIMBUK: O ngono? Kowé 'ki nèk ngendika marahi medèn-medèni 'aé.

CANGIK: Lho, kuwajibané wong tuwa ngandhani anak ngono kuwi.

LIMBUK: Iya. Mbok kaé ketoké lé dhahar tanduk, Sinuwun.

CANGIK: Horok. Wah. Léléné dientèkaké, malahan, 'dhuh.

LIMBUK: Gusti Duryudana kok ya remen lélé?

CANGIK: O 'dhuh, alah, gèk 'nggon endhas barang ngantèk resik. Brengos-brengosé barang di

LIMBUK: É é é

CANGIK: Ya nèk ngono ya diimbuhi 'ndhuk, gendhingé 'yo.

LIMBUK: Kira-kira sing kuna banget.

CANGIK: Nyuwun Ibu Bekel Cendhani Laras.

LIMBUK: Èh. Sing endi?

CANGIK: Kaé. Nyi Bekel Cendhani Laras. Mangga. Mboten kénging ingkang kasar-kasar, menika kraton. 'Nggih kinten-kinten lelagon utawi gegendhingan sing kinten-kinten marahi lemes. Mangga, mangga 'Jeng. Kok malah aba pélog.

LIMBUK: Sing aba sapa?

CANGIK: Mangga. Mangga 'Jeng. 'Napa? "Lalu...lalu...." Ngono? "Lalu mangsa," ngaten nggih? 'Yo.

Jineman MARI KANGEN, sléndro manyura

CANGIK: *Mulai...*

(Mari Kangen, suwuk)

LIMBUK: Kaya ngono éndahing kagunan 'Mak.

CANGIK: Aja nganti ilang, 'nggèr, 'nggèr. Wah, hem. Muga-muga satus taun engkas aja nganti ènèk "dha-cèh dha-cèh" Satus taun engkas. Iki, satus taun kepungkur, iki.

LIMBUK: Iya.

CANGIK: Heeh. Ayo, kaé katoné wis rampung nggoné dhahar, ayo dikukuti. Lorotan-lorotan kaé wadhahana, gawanen mulih 'ndhuk.

LIMBUK: Iya.

CANGIK: Balung-balung kaé, 'nèng ngomah 'isa disesepi.

LIMBUK: Iya 'Mak.

Ada-ada Girisa, sléndro nem

*Kukusing dupa kumelun,
Ngeningken tyas sang apekik,
Kawengku sagung jajahan,
Nanging sanget hangikibi,
Sang Resi Kanékaputra,
Kang anjog saking wiyati,
Kagyat risang kapingrang,
Rinangkul kinempit-kempit,
Dhuh sang retnaning bawana,
Ya kitu kang walangati.*

[Cangik tuwin Limbuk mlebet. Duryudana minggah sanggar pamujan.]

POCAPAN: Riwusnya rampung nggènira bojana, sigra manjing sanggar palanggatan, ngeningaken cipta. Sedhakep sluku tunggal, nutupi babahan nawa sanga, linantik manjing madyaning kang bajra hérawana. Parandéné wenganing rahsa masih mobat-mabit Risang Nata Prabu Jakapitana. Mahanani kuwur tyasé, datan bisa mindeng ciptané. Ngobong dupa nadyan gedhéné sakmustaka liman, tegesé sak-endhasing gajah, parandéné mung keluké kumelun ngantya mlepegi Sang Nata Prabu Duryudana. Jibeg bebeg ing ndriya, tinarka lamun ta déwa ngrencana. Diudhar semèdiné, arsa manjing papreman klawan ingkang garwa Dèwi Banowati.

Ada-ada Jangkep, sléndro nem

*Tan samar pamoring suksma,
Sinuksmaya winahya ing asepi,
Sinimpen telenging kalbu,
Pambukaning warana,
Tarlèn saking layap-liyeping aluyup.*

[Duryudana mlebet.]

Paséban Njaba

POCAPAN: Cinendhak kanang carita gelisé kang munggel kandha. Ora kaya ingkang mapan ana ing pagelaran, kaduk semu kirang candrané.

Gendhing SEMUKIRANG kethuk 2 kerep, sléndro nem

[Citraksa lan Citraksi medal, kasusul Dursasana.]

(Semukirang, sirep)

JANTURAN: Pangéran putra ratu, Radèn Harya Dursasana wong lonyot, gecul, growal-growal, dhasar seneng geguyon. Sarira 'gung ronggah-ronggah gedhé glémboh-glémboh. Kétok gagah nanging wagu. Gunemané sinela guyu, lagéyané ginawé-gawé, gédhag-gèdhèg, glélang-glèlèng, gumendhung ngendelaké sugihé. Gelang kalungé rangkep tiga dienggo bareng dimèn padha gumun, nanging blas ora ana wong nggagas. Yèn ta cinandra:

Alisé njembrung ketel, wuluné kasar: wataké seneng wong wédok planyahan. Mripat pendul abang: karem ngombé tuwak, brem, ciu, waragang. Nèk wis mendem bengok-bengok. Ora ana sing diceluk kejaba 'Jeng Tarini. Idep ngecocong: kaku wataké, seneng ngapusi. Irung penthul: ora kena digugu gunemané. Lambé cabak, untu arang-arang: wataké seneng jajan 'ning nglimpèkaké kancané, tur golék warung sing ndhelik. Kuping mingkup: wataké blas ora kena dituturi. Gulu dawa saratané ménglang-mènglèng: wataké ora kena dipercaya. Pundhak brojol: emoh makarya kang abot, senengané yèn ana ndalem ngliga kathok kolor, lumah-lumah karo mbubuti wulu cangklakan. Dhadha mingkup: jirih nanging kemaki. Weteng bèkèl: nèk mangan kudu énak. Lakuné ékar, lamun lémbéhan cepaplangan nyampluki kiwa-tengen, tur kringeté ambuné wengur, blas ora énak.

Lamun ta ingkang raka Prabu Jakapitana miyos tinangkil, Radèn Dursasana gawé pelungguhan dhéwé. Palenggahané digawé supaya menjila; ngandhap piyambak ambèn sing dipothol sikilé. Sandhuwuring ambèn galar lampit pring wulung, ndhuwuré lampit penjalin, tinumpangan tumpukan klasa pandhan tilas buntel mayit. Saknginggilé malih bantal tinutup permadani. Yèn lumampah tiyang

jaler ‘tan kena ngulataké, mung pawèstri ingkang ayu ingkang kena nyawang lakuné Sang Dursasana. Lamun lumaku ing ndalan klicatan nétrané pencilakan, luwih-luwih yèn ana wong wédok ayu, trus watuké digawé-gawé, “eh he he.” Patrapé kaya wong gugup, wong wadon mau diuber nganti sakecekelé.

Nalika samana lungguh nggedhangkrang sila tumpang, sikilé kemitir, sedhéla-sedhéla kecoh. Amung kang rayi Sang Citraksa miwah Citraksi ingkang anggung cinaket, merga bisa nutupi wadiné. Nalika samana angentosi bibaring paséwakan udhuning Rekyana Patih Harya Sengkuni, dadya mangkana pangandikaning Sang Dursasana.

(masih sirep)

DURSASANA: Hé, ha ha ha ha ha ha.... Citraksa.

CITRAKSA: Kula wonten pangandika, Kakangmas.

DURSASANA: Kok krungu gamelan kaé, gamelan apa?

CITRAKSA: Nuwun inggih, menika tiyang Banjarjunut sami nabuh gamelan tosan.

DURSASANA: Hé hé, ‘nggonku ‘nggoné wong sugih kok trima gamelan wesi?

Kandhanana, ‘kon ‘nyang nggonku, tak-tukokaké gamelan prunggu. Ha ha ha. Sapa sing ngendhang Loro Topèng kok dikendhang ladrang kaé sapa kaé? Bareng kurang selarik: *tung-tak-tung-den-tung-den-tung-den*.

Ha ha ha.

CITRAKSA: Menika ‘nggih tiyang krawitan Banjarjunut.

DURSASANA: Ha, kandhanana, trèmbèlané! Sindhèné sapa kaé kok “jarwèng jatma” kuwi piyé? Dibeneraké cathetané “jarwèng jalma” ora “jatma.”

CITRAKSA: Sampun dipun-pernahaken nanging ngèyèl, Kakang.

DURSASANA: Wé, pecaten waé! Lha kaé apa ramé-ramé kaé ‘nèh, Citraksa?

CITRAKSA: Menika tiyang main kecepeng.

DURSASANA: Trondholo kecut! Wong ngendi sing main?

CITRAKSA: Inggih Banjarjunut.

DURSASANA: Trèmbèlané! Olèh kaya sithik wé bedhigasan. Ha ha ha. Wis tak-kandhani, tak-kon golèk 'nggon sing rada ndhelik. Kandhakna aku nèk isih main menèh, thothoké ndhasé.

CITRAKSA: Inggih Kakang, sampun kula sanjangi.

DURSASANA: Ya. Hem, ora ngerti yèn ta punggawa negara 'ki ora padha. Ana sing kejem. Lha kaé apa 'nèh kaé, ana wong nunjang palang mlayu? Wah, kaé ana wong jerit-jerit apa kaé, Citraksa? Ho ho hèn.

CITRAKSA: Nuwun sèwu, menika wonten tiyang sugih, lajeng dedana wèwèh dhateng tiyang ingkang kesrakat, namung saking kathahing tiyang ingkang sami ngrubung wonten mriku, ngantos usrek-usrekan, oyok-oyokan, kathah ingkang pejah.

DURSASANA: Ha, ha, ha. Wha, wong wèwèh kok ndadak dikétok-kétokaké, 'parat! Ha ha ha ha ha ha. Kandhanana kaé!

CITRAKSA: Inggih.

DURSASANA: Lha kaé apa kaé, mlayu-mlayu menèh?

CITRAKSA: Menika tiyang balapan dara.

DURSASANA: 'Ning ya nganggo dhuwit?

CITRAKSA: Nganggé.

DURSASANA: Wah, kurang ajar, nduwé 'dhit kok dienggo main. Dikandhani, ora kena kaya ngono kuwi.

CITRAKSA: Inggih.

DURSASANA: Lha kaé menèh apa, ramé-ramé kaé?

CITRAKSA: Menika, menawi mboten klèntu, tiyang sadéyan wonten pinggir margi, nanging dipun-èngetaken mboten kénging, lajeng warungipun dipun-rusak.

DURSASANA: Lha kok ana wong wédok karo cincing-cincing kaé apa, kok diguyu wong pirang-pirang?

CITRAKSA: Inggih, menika nuding-nuding kaliyan nayaka negari ingkang ngrusak warung kala wau. Wontenipun dipun-gegujeng sabab anggenipun cincing kengingilen, mangka kesupèn mboten kathokan.

DURSASANA: Élikna kaé. Kowé mlayua rono, ndang 'kon ngedhukaké, ora Ho ho ho.

Wé lha kaé, ketoké Paman Harya wis mudhun saka sitibentar. Citraksa, Citraksi.

CITRAKSA: Kula.

CITRAKSI: Ku-ku-ku-ku....ku-kula.

DURSASANA: Ayo, maju ngangseg lungguhé.

(Semukirang, udhar)

[Dursasana, Citraksa, Citraksi bidhal ngadhep Sangkuni.]

→ *minggah kethuk 4 kerep*

[Sangkuni lenggah, kaadhep Dursasana, Durmagati, Citraksa, Citraksi, Kartamarma, tuwin Aswatama.]

(Semukirang, suwuk gropak)

Ada-ada Girisa, sléndro nem

*Tan paé rarasing jiwa,
Renggan wiramaning gendhing,
Kinarya ngimpuni basa,
Memanisé dèn reksani,
Lamun bubrah kang gendhing,
Sastra ngalih raosipun,
Kang tumrap ing pradangga,
Swara nrus pinresing èsthi,
Manrus kongas 'ruming langgen kalenglengan.*

DURSASANA: Oé, lha lha lha lha, ha ha ha. O, éh. Kula cumadhong dhawuh Paman, kepareng miyos wonten ing pagelaran, ingkang putra kula pun Arya Dursasana cumadhong dhawuh.

DURMAGATI: Inggih, 'Man, kula cumadhong dhawuh, ingkang putra pun Durmagati, 'Man.

CITRAKSA: Kula cumadhong dhawuh.

CITRAKSI: Ku-ku-ku-ku-ku-ku. Kula nyadhong wigatosing paséwakan, me-me-me-meg-meg-meg.

ASWATAMA: Semanten ugi ingkang putra 'Swatama cumadhong dhawuh, Paman.

SANGKUNI: Hé, kabèh waé aja padha saur manuk mundhak mbrebegi kuping. Srakatan tanganmu, kisruh 'nyang pendulu. Dursasana.

DURSASANA: Kula.

SANGKUNI: Lan kabèh waé padha rungokna. Dina iki ingkang raka Ngawangga pinatah déning rakamu, Prabu Suyudana, munggah menyang Gunung Kutharunggu.

DURSASANA: Badhé menapa, 'Man?

SANGKUNI: Golèk Wahyu Pepakem Makutharama. Merga manut wangsiting déwa, ing kono ana sang awatara ingkang peparab Begawan Késawasidi ingkang bakal medhar pepakemé Prabu Rama. Anané ingkang raka Ngawangga ingkang diutus pinatah ing karya iki merga midhanget pakabaran warta binandhung ing karna, lamun ta panengah Pandhawa Radèn Janaka uga linggar saka ing kasatriyan. Saka pangrasaku, yèn ta rakamu Ngawangga ingkang tumandang, mesthi bakal bisa antuk gawé.

DURSASANA: Huh hé hé. Dados niki mengké?

SANGKUNI: Kowé perdandana sak-adhi-adhimu kabèh. Uga ngrakita gegaman, sawanci-wanci katlèyèk ing lelakon aja nganti mindho gawé.

DURYUDANA: Wah, wé, golèk wahyu barang, 'Man, 'Man. Tur nggoné ngalas 'teng gunung lemuté gedhé-gedhé. Ha ha ha.

DURMAGATI: Walah, mbok mboten 'sah mawon 'Man. Janggrungan 'teng ngriki mawon, seneng-seneng patang-puluh dina, patang-puluh bengi. nDadak golèk wahyu barang 'nggo napa? Wahyu niku lak kanggoné wong sing kesrakat, wong sing ora nduwé kelungguhan. Kaka Prabu Jakapitana niku 'pun dadi ratu gegehug samaladhug, ndadak golèk wahyu 'nggé abrag napa 'Man?

CITRAKSI: Ku-ku-ku-kula meg-meg.

SANGKUNI: Aja guneman dhéwé-dhéwé. Kowé kudu mangkat, 'nggèr.

DURSASANA: 'Nggih, ngiras pantes darmawisata. Beja éntuk beja mboten 'nggih namung nari kaliyan kabegjanipun piyambak, 'Man.

SANGKUNI: Iya. Aswatama.

ASWATAMA: Kula wonten dhawuh, Paman.

SANGKUNI: Mara gagé natapa bendhé tengara nglumpuking para wadya-bala.

ASWATAMA: Nok-non, nuwun inggih ngèstokaken dhawuh. Kepareng amit medal pasilan, Paman.

Ada-ada Hastakuswala Alit, sléndro nem

*Mundur rekyana patih,
Undhanging pra wadya samya sawéga,
Umyung swaraning bendhé bèri,
Gubar gurnang kalawan,
Puksur tambur myang suling papandhèn daludag,
Bandéra mitwah kakandha warna-warna,
Pindha jaladhiyan,
Asri kawuryan.*

[Aswatama medal ing njawi, ngundhangaken dhateng para prajurit.]

ASWATAMA: Hé, hé, para prajurit.

PRAJURIT: Kula.

PRAJURIT: Kula.

PRAJURIT: Kula.

PRAJURIT: Kula.

PRAJURIT: Kula.

PRAJURIT: Kula.

PRAJURIT: Kula. Wonten menapa, Radèn Aswatama?

ASWATAMA: Aku mundhi dhawuhé Gusti Patih Harya Sengkuni.

PRAJURIT: Kadhawuhan menapa?

PRAJURIT: Wonten menapa?

PRAJURIT: Wonten menapa?

PRAJURIT: Wonten menapa?

ASWATAMA: Bocah gamel, bocah pekathik, bocah panegar. Gamel tegesé tukang ngupakara jaran. Pekathik: tukang nuntun jaran. Panegar: tukang ngajari jaran. Kinèn padha nyawiji, manunggal klawan para prajurit liyané.

PRAJURIT: Inggih.

PRAJURIT: Inggih.

PRAJURIT: Inggih.

PRAJURIT: Inggih.

PRAJURIT: Inggih. Badhé tindak pundi?

ASWATAMA: Iki bakal ana karya kang wigati munggah menyang Gunung Kutharunggu. Mula jarané padha kambilana.

PRAJURIT: Dipun-kambili menika menapa dipun-parutaken kambil?

ASWATAMA: Hus, cangkemé! Dikambili 'ki dilarapi, nèk ora ngerti 'ki takon.

PRAJURIT: Inggih, inggih, inggih.

ASWATAMA: Prajurit jajar, kuwi prajurit asor, nganti prajurit jaga karya sing gaweyané nyamektakaké ubarampéning prang, lan prajurit jayèng sekar, kuwi prajurit kekapalan. Aja lali para tamtama pinilih lan bayangkara, ya kuwi prajurit ingkang ngreksa ratu. Yèn perlu prajurit cepakna sak-haksaini.

PRAJURIT: Sak-haksaini menika sepinten?

ASWATAMA: Sak-haksaini kuwi selikur èwu wolung atus pitung puluh patti. Saben sapatti kuwi wadya cacah lima, jaran telu, kréta siji, gajah siji, pingna selikur éwu wolung atus pitung puluh.

PRAJURIT: O 'nggih, 'nggih, 'nggih, wah kathah sanget.

ASWATAMA: Okèh.

PRAJURIT: Kaé kanca jaran, jaran, jaran, jaran.

PRAJURIT: Hé, jaran kanca jaran.

Ada-ada Hastakuswala Ageng, sléndro nem

Greg-greg andheman ingkang,

*Jaran ngrik magalak genti manitih,
Pamekakira Risang,
Sudarsana dahat,
Kendhali rangah manjing,
Lak-lakaning kuda,
Ngrik mijil rah,
Kadya tuk sumarambah,
Mung jir, mung jir,
Yaksa temahan,
Yitna sang narpatmaja.*

[Aswatama wangsul ngadhep Sangkuni, atur palapuran.]

ASWATAMA: Menawi katiti priksa miwah kabidhalaken sewanci-wanci mboten badhé kerondhèn damel, Paman.

SANGKUNI: Yèn mangkono natapa bendhé tengara budhaling wadya.

ASWATAMA: Nuwun inggih, kepareng amit madal pasilan.

Ada-ada Budhalan, sléndro nem

*Énjing budhal gumuruh,
Saking jroning praja,
Gung ingkang bala-kuswa,
Abra busananira lir surya wedalira,
Saking jalanidhi,
Arsa madhangi jagad,
Duk mungup-mungup anèng sapucaking wukir.*

[Aswatama medal malih, saperlu natap tengara bidhal.]

POCAPAN: Sigra natap bendhé tengara budhaling wadya, kaya kebo giniro solahé.

Budhalan

buka gendèr, Lancaran KEBOGIRO, irama tanggung, sléndro nem

[Kartamarma, Citraksi, Citraksa, Durmagati, Dursasana, tuwin Sangkuni bidhal.]

→Kebogiro, irama lancar

[Prajurit sami bidhal.]

[Kiprahan: Dursasana.]

[Jaranan: Aswatama nitih turangga.]

→ *Kebogiro, irama dados*

→ *irama lancar, suwuk gropak*

[Karna nitih kréta.]

Ada-ada Jangkep, sléndro nem

*Rikat lampahirèng rata tan pantara,
Praptèng sukuning arga,
Éram tumingaling,
Pakuwon arsiné,
Ndhendheng saéngga praja,
Umyung kang pradangga busekan pra janma.*

POCAPAN: Nenggih menika ta warnané rata guthaka, tegesé kréta gerbong. Kréta pagedhongan, siraping gedhong sisiking bandeng segara. Wuwungé majupat rinengga manglar munga. Apa ta tegesé manglar munga? Garudha ingkang awaké ula. Guluné pinaringan pir waja, mendat-mentul kaya bisa nyaut méméyan. Baking kréta kayu cendhana tuwa, lurup bludru biru sinulam rénda mas pinetha lunging gadhung rumambat. Cendhéla kaca gedhah binuwang rasané, werdiné kaca bening. Langsé sutra jenar asémpyok mutyara saklungsu-klungsu gedhéné.

Dhasar dandananing kréta dumadi saka wesi linuwih, wesi pulosrani, balitung, mangangkang, lan wesi kang mawa pamor, klebu wesi saka nJayantakan. Rodhaning kréta pinulas kuning pinggiré abrit, ruji sinela wangun candrasa. Rodha ngarep tengen kayu gembuk. Apata kuwasané? Yèn ta wis linungsur kena kanggo nyalini gambang. Rodha ingkang ngarep sisih kiwa kayu setigi, kena kanggo nggusah tikus. Rodha mburi ingkang sisih tengen kayu randhu alas, kena 'nggo mbelok wong mendem. Rodha buri sisih kiwa, kayu lotrok. Apa kuwasané? Bisa kanggo nglairaké bayi, nèk angèl.

Jaran loro lanang-wadon darbé angsar dhéwé-dhéwé. Sing lanang angsaré gampang golèk utangan, sing jaran wadon angsaré bisa nglalèkaké wong sing diutangi. Apus kendhali ginawé saka lulang kebo landhoh, kuwasané teguh yuwana. Kusir wus mèngkrèng ing palungguhané, nami Ki Guna Samidi. Nganggo

beskap gawéyané dhéwé merga wong ndandakaké ora dijupuk. Kenèk ngagem surjan, aran Ki Gedhé Randimo. Penongsong wus ngegaraké payungé.

Dupi wus sinasmitan, cukat kang kusir ngubengaké cemethi, nyendhal kendhali. Tibaning pecut pas jaran mancad. Cikat trincing cumlorot playuné cepeté nganti kaya clèrèt taun, crat-crot-crat-crot-crat, crat-crot-crat-crot.

Srepeg, sléndro nem, suwuk

[Karna bidhal nitih kréta lan prang ampyak sekedhap.]

Pathet Kedhu, sléndro nem

*Myat langening kalangyan,
Haglar pandam muncar,
Tinon lir kekonang,
Surem soroté tan padhang,
Kasor lan pajaring,
Purnamèng gegana,
Dhasaré mangsa katiga,
Hima hanaweng,
Ring ujung ancala,
Senen akarya wigena,
Miwah sining wana,
Wreksa gung tinunu.*

POCAPAN: Lah ing kana ta wau, nenggih ingkang ginupit. Rantap-rantap rerénténgan rakiting prajurit, sasat wus kerig lampit. Kumlèbèting bandéra layu sebit, 'wor umbul-umbul rinakit, keclaping sanjata lir thathit, binarung swaraning thong-thong grit. Gumuruh tetabuhan manengker langit, bangkit angungkit gregeting para prajurit. Akèh wernaning tetabuhan kaya ta: kalasangka, gurnang, puksur, thong-thong grit, teteg, maguru gangsa, lan sauran. Kala tegesé kendhang, sangka gong. Gurnang: kenong ginantung kaya bendhé. Puksur tegesé kaya terbang tinabuh mawi kayu. Thong-thong: kendhang klonthongané wesi, grit tegesé kaya terbang yèn ngunèkaké kaya tambur. Teteg kaya bedhug, maguru kemodhong ingkang tanpa plangkan, sauran kaya kenong.

Lampahing para prajurit kumpul sajuru-juru datan carub. Ana ingkang kaya séla blekithi. Séla araning watu, blekithi semut. Semut kethuthuk watu, pecah 'ndhasé. Lampahing prajurit wus samya makuwon.

Nengna kawuwusa, gantya ingkang winursitèng kawi. 'Tan kadi ingkang mapan wonten dhépoking Wukir Kutharunggu, kawistingal anggung angobar kang menyan séta.

Adegan Sabrang: Pertapan Kutharunggu

Gendhing MENYAN SÉTA kethuk 2 kerep, sléndro nem

[Késawasidi lenggah, kaadhep Anoman tuwin Jajalwreka.]

(Menyan Séta, sirep)

JANTURAN: Anenggih pundi ta ingkang cinarita. 'Tan sanès tata rakiting patapan, papaning pandhita linangkung, kongas angambar ganda arum, rumpakaning basa panyandra. Drajanging brahmana angasrama mangun puja-brata tataning panembah. Bahni dupa mangalat murub makantar, tarlèn kaprabawan gelenging pangèsthi, titising pamawas, waskitha tanduking pramana. Narawang wenganing rahsa, saciptané amung anglinggamurda Kang Kawasa. Sayektiné wus ngampil ga'ibing bathara, rasa samar sumingkir, kirana sumunar nrabas saliring kang samar-samar, marma kalis saking raos kuwatir, tirta wening candraning pasuryanira, Sang Begawan Késawasidi.

Dinulu aglar gumelar sanggya para cantrik manguyu jejanggan. Ganthaning raos muhung samya ngèstu pada datan swalèng kayun, yun angempèk éyom, ya mung ngajab antuka sihing sang mahayogi. Ginupita kang anèng ngayun, 'yun-ayunan klawan sang wiku, kunané 'ku sénapatining Sri Rama, Maruti peparabé. Pélak putih memplak wuluné, nétra wening mawa pangaribawa. Wadana tumungkul kulina matrapaké trapsila, lagéyan sarwa prasaja. Jagad wis ngondhangaké jenengé Sang Hanoman. Manut miturut mring Sang Késawasidi, dinadar ing saben hari. Riwusnya winulang saliring kawruh, wruh ing rasa sanggya kadang Bayu, yuwana kang kaèsthi, Hèsthi Situbanda dalah Naga Kuwara, Raseksa Jajalwreka, Kaga

Mahambira. Rarasing swasana narbuka wiwara pepadhang, dangu hanganti wijiling sabda.

(Menyan Séta, udhar) →minggah kethuk 4, suwuk

Pathet Lasem, sléndro nem

*Salwir bawaning kang sinung wadi,
Ing naya mong jagad jaga-jaga,
Harjuningrat saèsthiné,
Asthagina ginelung,
Kang ginulang gulanging pangling,
Rèh Sang Ramawijaya,
Wijiling pamuwus,
Marah mring Sang Wibisana,
Sananing asthaguna ginitèng sari,
Sarèhning Hasthabrata.*

KÉSAWASIDI: I, i. Hong wilahèng mastuhuna sidham sekaring bawana langgeng.

Mengko ta Anoman, lan sira Jajalwreka.

ANOMAN: Kula wonten pangandika ingkang adhawuh, Panembahan.

JAJALWREKA: O, o, o, kula wonten pangandika ingkang adhawuh, Sang Mahayogi.

KÉSAWASIDI: Samengko kadang-kadangmu Bayu liyané padha sawéga ing njaba. Tak-sawang wiwit mau, ana ingkang bakal mbok-takokaké marang aku, Anoman?

ANOMAN: Inggih. Kaluhuran dhawuh Paduka Sang Mahayogi. Anggèn kula séba ing ngarsa Jengandika Sang Mahamuni menika 'tan asanès amung kepéngin ngempèk éyom katrimahing sugeng Paduka sang minulya ing jagad. Namung, nadyan ta kula sampun wiwit kuncung ngantos gelung anggèn kula ngudi dhateng kautamèn, parandéné taksih gidhuh ing raos-pangraos kula. Keparenga kula cumadhong dhawuh, Panembahan.

KÉSAWASIDI: Anoman, ngertiya. Kabèh-kabèh iku sejatiné purihen beciké waé. Yèn wis mengkono, wis bener. Becik tegesé manut jaman, manut cara kang dèn-éloni. Wong kang ngenggoni kabecikan, mesthi rahayuné mung sajroning golongané dhéwé. Becik ing Tanah Jawa, terkadhang saru lan ala tumrapping bangsa liya. Lha becik kang kena dienggo ngendi-endi iku, becik kang kepiyé?

Mengkéné Anoman. Yèn kowé bisa mranata apa-apa ingkang murih wutuh lan mundhak tulèn, murih kepénaking angger uwong, iku aran anglakoni kabecikan ingkang mesthi tinampa ing sadhéngah bangsa. Ngendi bangsa ingkang isih ngarani ala marang laku mau, 'kèh-'kèhané isih duwé salah dhéwé, durung nyandhak marang becik kang saktemené.

Anoman, jagad iki meruhi telu. Siji dadi, loro wuwuh, telu wutuh. Lan nyirnakaké sabarang ingkang tanpa guna marang dumadi iku, yèn wong ngenggoni wateking jagad mengkono, kiraku wis ora bisa aran salah. Wong lara diwarasaké, tegesé diwutuhaké menèh. Diarani awèting uripé supaya isiha tumangkar, ngisèni ndonya, lan ngetokaké asilé kang akèh. Anoman, yèn wong mau wis jempo ora ngetokaké asil, nanging malah mangan waé, mesthiné mati dhéwé, ora susah dipatèni. Uwit ingkang wis ora awoh menèh uga cepak patiné, sawusé mati, bathangé wit utawa kéwan iku ngregedi jagad. Mulané banjur ana ingkang mbosokaké nganti lebur, nganti dadi lembut utawa dadi sari kang alus, kena diserot déning tuwuhan kang isih enom. Ing wasanané alusé bathang-bathang mau nguruni uripé tetuwuhan lan kéwan ing jaman sakmburiné. Tegesé, rereged ingkang tanpa guna mau saiki bali dadi sari ingkang nguripi lan migunani menèh.

ANOMAN: Wadhuh Panembahan, Panembahan, ngaturaken 'genging panuwun awit saking sesulang Paduka Sang Mahayogi.

KÉSAWASIDI: Saknepsu-nepsuné uwong, meksa kudu murih becik lan wutuh. Akèh waé wong kang nesu, sawenèh mecah grabah, ngrusak pirantining omah, mbuwangi barang, ngakon minggat utawa nyebdakaké marang bojoné, lan liya-liyané, iku kliru banget. Apa ora luwih prayoga, wong nesu mau nggawé omah gedhong. Nesuné nesu, anaké banjur disekolahaké kang dhuwur. Upama aja ngajab lara utawa ngajab minggat, malah pujinen supaya mariya bodhoné dadiya pinter. Aja dipicakaké, nanging 'kone sing awas. Aja kok 'kon mati, nanging malah pujinen dawa umuré, supaya ketekan anggoné marèni marang kesalhané.

Anoman, anggepen pituduh ingkang meruhaké salahmu banjur udinen. Iki kabèh mau meruhaké marang luputmu. Cekaké, donya iki adhepna beciké sabarang lelakon, tampanen klawan seneng minangka wewulang. Yèn mengkono mesthi

atimu tansah bungah, marakaké adoh saka sangsara, ndawakaké umur, lan nggampangaké sedyamu, Anoman.

Ada-ada Srambahan, sléndro nem

*Anoman malumpat sampun,
Praptèng witing Nagasari,
Mulat mangandhap katingal wanodya 'yu kuru aking.*

→*Srepeg, sléndro nem*

(Srepeg, sirep)

ANOMAN: Wadhuh Penembahan, cumeplong raosing manah kula, pindha siniram ing tirta windu.

JAJALWREKA: Padhang tetrawangan raos kula, Sang Penembahan. Kaparenga kula tetep ngempèk éyom ing katriman sugeng Paduka Sang Mahayogi.

KÉSAWASIDI: Ya iya. Mung waé kowé tak-wènèhi gawéyan. Ora suwé manèh tumekaning mangsakala udhuning kanugrahan Pepakem Makutharama. Mung waé, mara tlitinen, sapa baya manungsa ingkang sembada dadi wadhahing wahyu, Anoman. Nanging kang patitis 'nggonmu nandukaké pamawas. Lamun ta luput pandugamu, yekti bakal ndeder karusakan.

ANOMAN: Inggih, ngèstokaken dhawuh. Kepareng kula amit madal pasilan, Penembahan.

(Srepeg, udhar)

[Anoman bidhal; tinut Jajalwreka, Naga Kuwara, Garuda Mahambira, tuwun Gajah Situbanda.]

Candhakan: Karna Wonten Kutharunggu

[Karna tuwin para Kurawa pinanggih kaliyan Anoman.]

(Srepeg, suwuk)

Ada-ada Jangkep, sléndro nem

*Ridhu mawur mangawur-awur wurahan,
Tengaraning ajurit,*

*Gong maguru gangsa,
Teteg kaya butula,
Wor panjriting turanggèsthi,
Rekatak ingkang,
Dwaja lelayu sebit.*

KARNA: Kaya ora pangling, iki Begawan Anoman?

ANOMAN: Inggih, kapundhi dhawuh Paduka Risang Narpati Ngawangga. Pangabekti kula mugè katur, Sinuwun.

KARNA: Iya iya, Anoman tak-tampa gawé bombong rasaku.

ANOMAN: Semanten ugi bekti kula katur, Sang Mahapatih Harya Sengkuni.

SANGKUNI: Iya iya Anoman, tak-tampa.

ANOMAN: Mekaten ugi Radèn Dursasana.

DURSASANA: Wé hé hé lha dalah, iya. Tak-tampa 'Man, Wagiman.

KARNA: Anoman.

ANOMAN: Kula wonten dhawuh.

KARNA: Ora pati ndugamana, lha kok dadi aku ketemu sliramu ana ing papan kéné. Ana gawému apa kowé mapan ana ing Gunung Kutharunggu iki, Anoman?

ANOMAN: Inggih, mugè andadosna ing kawuningan, bilih kula nyiswa dhateng pandhita anyar katon, inggih menika guru pepundhèn kula Sang Penembahan Begawan Késawasidi.

KARNA: Lho, yèn ngono pawarta kang sumebar iki bener yèn ta ing tlatah kéné ana pendhita tiban kang angasrama?

ANOMAN: Inggih, kaluhuran dhawuh Paduka Sinuwun Prabu Suryatmaja.

SANGKUNI: Wèh, yèn ngono kebeneran 'Man, kowé nyantrik ana ngersaning Penembahan Begawan Késawasidi, gagé larapna Sinuwun Ngawangga klawan aku, dalah para Sata-Kurawa kepéngin sapejagong klawan Begawan Késawasidi.

ANOMAN: Nyuwun pangapunten. 'Ri kalenggahan mangké sang mahayogi nembé mempen wonten ing pasemèdèn suci, mboten saged dipun-panggihé déning sinten

kéwala. Kula ingkang tinanggenah tetugur wonten ing mriki. Mila nyuwun pangapunten, mbénjang kéwala menawi sampun wonten lodhanging penggalih sang adi panembahan, Jengandika Sinuwun Ngawangga badhé kula larapaken sowan wonten ngarsanipun sang mahamuni.

KARNA: Lho, Anoman! Kowé kok wani guneman mbalèkaké, aku iki sapa? Narpati Ngawangga ora kétang cilik-cilikan ya ratu, dhasaré aku dutaning nalendra agung Ngastina, Yayi Prabu Jakapitana. Praptaku ing kéné ora liya mung kepéngin mundhut Pepakem Makutharama.

Ada-ada Srambahan, sléndro nem

*Bumi gonjang-ganjing langit kelap-kelap katon,
Lir kincanging alis,
Risang mawèh gandrung,
Sabarang kadulu.*

ANOMAN: Wah, jagad mangèstungkara. Muni mak clemong kok mrekitikaké kuping. Arep mundhut Pepakem Makutharama, anggepmu apa? Aku nganti ciklu-ciklu ana ngarepé sang adi panembahan waé durung kesamadan dayaning Pepakem Makutharama, lha kok dadi nggembélo Narpati Ngawangga!

KARNA: Lho, malang kadhak pendirangan mripatmu, arep apa?!

ANOMAN: Ayo, kowé gelem bali apa ora? Ora gelem bali aja takon dosamu. Sapa sing rawé-rawé tak-rantas, sing malang-malang tak-putung.

KARNA: Babo, babo! Sugih kendel bandha wani. Kowé mulat Narpati Ngawangga ora mung tiba obor blarak, nanging colok Sang Hyang Surya.

SANGKUNI: É, Anoman aja gemlèng kowé. Ana kéné kancamu pira?

DURSASANA: Wé hé hé lha dalah, monyet diènyèt-ènyèt.

ANOMAN: Majuwa sabalamu ora bakal tinggal glanggang colong playu!

KARNA: Metuwa menyang dalan sing amba, ing kéné marganing patimu, kowé Kapiwara.

Prang Gagal

Srepeg, sléndro nem

DURSASANA: Titènana kowé.

[Anoman prang kaliyan Aswatama.]

→ *Sampak, sléndro nem*

[Aswatama kawon; Kartamarma gantos prang kaliyan Anoman.]

KARTAMARMA: Wah, édan. Wah, édan.

[Kartamarma kawon.]

SANGKUNI: È, ayo maju 'cah, maju!

[Durmagati prang kaliyan Naga Kuwara.]

SANGKUNI: È, mangkat 'cah mangkat ah, 'dha maju, dha maju é. Nandang gawé. Apa rumangsané...lho lho lho lho.

[Garudha Mahambira prang kaliyan Sangkuni.]

SANGKUNI: Asemé. Nelèki.

DURSASANA: Golèk sing kethèk.

(Sampak, suwuk)

[Dursasana aben ajeng kaliyan Anoman.]

DURSASANA: Wé hé hé, lha. Trèmbèlané. Munyuk, monyet kowé Anoman, ha, ha wani karo Radèn Dursasana, hem, bedhès?

ANOMAN: Kowé baliya.

DURSASANA: Hoh, bali piyé? Bali kudu nggawa Pepakem Makutharama. Gawanen réné pakémé. Tak-enggoné pakémé.

ANOMAN: Pakem apa?

DURSASANA: Pakempalan. Ayo.

ANOMAN: Ayo, bali.

DURSASANA: Ha ha ha. Aku gelem bali nèk wus ilang nyawamu.

ANOMAN: Ya, nyoh. Tugelen guluku. Kowé 'isa matèni Anoman, cetha kowé nggentèni aku dadi gémbong Mangliawan.

DURSASANA: Ha ha, trèmbèlané. Ing kéné marganing patimu. *Tak-De-dhah.*

(Perang diiringi tanpa gamelan.)

DURSASANA: *Tak-dedah. Awas, de-dhah. Tung ... de-dhah. De-dhang. De-dhang. De-dhang tung dlang tak-ke-tung--thok-thok-tung dlang...tak-dhah-thok. Cara Pengging ngono kuwi 'Man. De-dhah, tung-dhang*

ANOMAN: *Tung-dhang-de-dhah* kuwi apa?

DURSASANA: Sing ngendhang 'Pak Panggah, *de-dhah*. Ngendhangiku jer *de-dhah. De-dhah.*

ANOMAN: Kok muni 'aé.

DURSASANA: Ayo tenanan 'pa piyé?

ANOMAN: Tenanan ya tenanan, 'thik apa.

DURSASANA: Hé hé. Ing kéné marganing patimu, héh. Munyuk kaya ngéné, apa 'thik. Apa dikira ngéné iki ora pakem, ngono?

ANOMAN: Wah, arep tenanan?

DURSASANA: Ya. Tenanan ya tenanan 'thik. Lho, lho, lho, lho, lho.

Sampak, sléndro nem, suwuk

[Karna aben ajeng kaliyan Anoman.]

KARNA: Iblis lanat. Anoman kang kaya kowé!

ANOMAN: Apa abamu? Aja mung sumbar, Prabu Karna.

KARNA: Mendhelong barisaning Sata-Kurawa, aja mbok anggep gigrig Prabu Karna.

ANOMAN: Ayo, majuwa! Péngin munggah kahyanganing Bethara Yama, Tak-untapaké.

KARNA: Tinjo ngkérat nyawamu, 'parat!

Sampak, sléndro nem

[Karna prang kaliyan Anoman.]

(Sampak, suwuk)

KARNA: Panuksmaning jajalanat! Gawé wirang. Pusaka Kyai Jalak ampuh digegem.

SANGKUNI: Wonten 'napa 'Nggèr? Lho napa niku?

KARNA: Kula mboten mulat, Anoman kula jojoh Kyai Jalak, digegem kaliyan Anoman.
Pusaka ampuh kok béngkong, Paman.

SANGKUNI: 'Yung, 'yung, dipun-gegem Anoman?

KARNA: Inggih.

SANGKUNI: Kok béda kalih keris kula.

KARNA: Menapa?

SANGKUNI: Keris kula niku nèk ènten sing nggegem kok malah kenceng.

KARNA: Ampun cengéngésan!

SANGKUNI: Adhuh 'Nggèr. Keparengipun?

KARNA: Mang ngalih. Kuwat nampani senjata kula pamungkas, sembah ider-ideran.

Sampak, sléndro nem

[Karna nglepasaken jemparing, nanging saged kasaut déning Anoman.]

ANOMAN: É, Prabu Karna!

→*Ayak-ayak Tlutur, sléndro nem*

[Karna sungkawa.]

(Ayak-ayak Tlutur, sirep)

JANTURAN: Sirna karekating Narpati Ngawangga, nglokro, piyandeling dhiri pusaka Kyai Kunta Wijayandanu sinaut déning Sang Hanoman, binekta ndedel nggayuh nggegana. Dupi wus sirna saking pandulunira, Sang Suryaputra kaya arsa dhawah ing siti. Rinaos kaya rinujit, kaya ginubah tyasira Narpati Ngangga, nyata lamun iku andeling dhiri ingkang dèn-agulaké. Dadya mangkana pegat-pegat pangandikaning Narpati Basukarna.

KARNA: 'Dhuh, déwa batharaning jagad, Hyang Agung Paduka paringa pangayoman. O, Paman, Paman Sengkuni, ketiwasan kula, Paman. Lajeng ginanipun menapa

anggèn kula suwita wonten Negari Ngastina? Menapa ingkang saged kula jagèkaken malih, Paman?

(Ayak-ayak Tlutur, udhar, suwuk)

SANGKUNI: Oh, 'Nggèr, 'Nggèr. Mila ta mila, Paduka nglepasaken senjata pamungkas. Ingatasipun namung Anoman kéwala, Paduka Sinuwun ngantos ngedalaken pusaka piningit. O, 'Nggèr.

KARNA: Paman, Paman, taunana windonana kula mboten badhé wangsul menawi mboten pinanggya pusaka kula, Paman.

Ayak-ayak, sléndro nem, suwuk

POCAPAN: Lah ing kana ta wau, riwusnya bandawalapati silih ungkih genti kalindhih, Kurawa ingkang pinandhégan Narpati Ngawangga Prabu Karna Basuséna lumawan Sang Hanoman lan kadang Bayu. Nanging datan mangga puliha. Riwusnya magut pupuh, Narpati Karna musthi sanjata Pamungkas Kyai Kuntadruwasa. Lumarap kaya kilat, sakedhèping tingal wus sinaut déning Sang Mayangkara, binekta ndedel nggayuh nggegana. Gidhuh penggalihing Narpati Karna Basuséna, kuwur baliwur ing raos. Sinigeg kang kaécalan, nengna kawuwusa. Ingkang mapan anèng pucaking Aldaka Candramanik. Nyata lamun pujangganing jagad salira brahmana agung.

Magakan: Pertapan Candramanik

Gendhing PUJANGGA, kethuk 4 kerep, sléndro nem

[Wibisana lenggah, kaadhep Bisawarna.]

(Pujangga, sirep)

JANTURAN: Hanenggih ingkang cinarita, ana gunung cilik pinapar pinarata kinarya pacrabakan, asri éndah lamun ta kadulu. Nenggih menika ingkang winastan Pertapan Candramanik. Kawistingal dalan-dalan manghayat minggah lengkèhing wukir. Urut sapinggiring marga tinaneman sesekaran ingkang hamanca warni. Kembangé samya manglung: prabusèt, arum ndalu, sruni miwah melathi. Lunging gadhung hamulet mawèh éndahing sesawangan, dadya jenjem kang ndhedhèpok,

jenak ingkang ndedunung. Brengengenging sadpada ingkang ngisep sarining sekar, pindha pujining para brahmana ingkang sesanti murih rahayuning jagad.

Akèh wismaning para cantrik, manguyu, jejanggan, indhung-indhung, uluguntung, galuntung, ingkang sedaya muhung ngèstupada mring sang brahmana linangkung. Begawan Kunta Wibisana, nyata lamun pandhita kesdik paningalé, mateng semèdiné, mantheng pangèsthiné, katarima tapané. Apa ta tandhané? Saben malem Sukra manca warna, ana sorot téja ngenguwung ingkang mijil saking cahyaning sang wiku, marma mendhung miwah méga samya sumisih nganan-ngéring. Nadyan ta peksi lumayang ing gegana ngungkuli pacrabakaning sang tapa, kléyang tiba ing siti datan kuwawa, labet saking pangaribawaning sang tapa.

Nuju ing ari sajuga lenggah leng-leng angulati, dupi mulat praptanira ingkang putra nata ing Singgelapura Prabu Bisawarna ingkang wus marak mangayun, dadya sukaning ndriya Sang Begawan Kunta Wibisana, cinaketaké rinangkul pinengkul-pengkul.

(Pujangga, udhar) → minggah kethuk 8, suwuk

Pathet Jugag, sléndro nem

*Ana wiku medhar ananing Hyang Agung,
Yaiku cahyanta kang nglimputi,
Woring dhiri,
Wayangannya dumunung,
Nèng nétranira.*

WIBISANA: I, i, i. Hong wilahèng mastuhuna sidham sekaring bawana langgeng. Putrané si bapa 'nggèr, anakku wong njenthara, Bisawarna. Padha basuki raharja praptanira kulup anèng pertapan kéné, 'nggèr?

BISAWARNA: Inggih, pangèstu Paduka Kanjeng Rama Penemban, niskala sowan kula manggih rahayu. Namung pangabektinipun ingkang putra ing Singgelapura mugi konjuk wonten ing ngarsa Paduka, Kanjeng Rama Penemban.

WIBISANA: Iya iya 'nggèr tak-tampa gawé bombonging rasa. Ora liwat mung pangestuné pun bapa amayungana lekas kita.

BISAWARNA: Dahat kapundhi éngga jimat paripih, mugi handayanana katentreman sumarambah kawula sak-Negari Singgela, Rama.

WIBISANA: Anakku 'nggèr wong bagus, Bisawarna. Sayektiné pun bapa rumangsa bombong, déné jenengpara kaki ing 'ri palungguhan iki wus mituhu dhawuh piwelingé pun bapa. Nyatané ing 'ri iki sira sowan marang Pertapan Candramanik. Piyé 'nggèr, para kawulanira ing Singgelapura, sakpungkuré si bapa ngasta songsong jejeging adil ing Singgela, kaki?

BISAWARNA: Adhuh, Rama Penemban. Èstunipun kula sampun nindakaken sedaya dhawuh piwucal Paduka Kanjeng Rama. Inggih, saksaged-saged, sagaduking lampah. Sagaduking lampah, sakadaring manah kula inggih sampun kula tindakaken, jer nyatanipun para kawula sami ayem tentrem nir ing sambékala. Namung kémawon inggih mboten saged wibawa kuncara kadi nalika Kanjeng Rama Penemban ingkang asta wonten ing Singgela.

WIBISANA: Anakku 'nggèr, anakku wong njenthara. Iya, ora dadi baya pengapa. Jer anggonira ngrumangsani kang mengkono mau, idheping tékad jenengsira isih kepéngin nggayuh ingkang luwih.

BISAWARNA: Prasajan kéwala, kula nyuwun dhawuh sabda Paduka Kanjeng Rama Begawan, mugi sageta kinarya pamecut laksitaning lekas kula, anggèn kula maluya praja, Rama.

WIBISANA: Ya iya 'nggèr. Lakuning urip, pamoring pamardi lan pamarsudi mau dadiya pangudi. Sepisan: beciking kelakuan saranané kudu hanggulang welas asih, nancepaké rasa 'sih tresna. Kang kapindhoné: akèhing kepinteran, saranané kudu nlatèni pasinaon sarta ora isin tetakon. Kateluné: pakolèhing kagunan, saranané kudu ngulinakaké panggarap sarta nengkaraké pangupakara. Banjur ingkang angka catur: sugih, saranané kudu anggedhèkaké panggaotan kanthi gemi, surti, nastiti, ngati-ati sarta tumungkul pamikiré. Kaping lima: ngudi singgih, saranané kudu manggung angudi kawruh pangrèh praja, sarta nuntuni tata tentrem, tata patrapé wong omah-omah tentrem jenjeming ati. Angka nenem: buntasing sesurupan, saranané kudu gegosokan panemu, sarta anggilot marang surasaning basa. Inkang wekasan: landheping panggrahita, saranané kudu ngulataké cipta sasmita, yaiku mawas rasaning patrap lan pangucap apadéné kedhèp sasmita sarta

ulat liring nganti bisa hanampuni rasaning liyan ingkang ora kawedhar, utawa, nampakaké rasané dhéwé marang wong liya. Iku kulup, sapta ingkang wus ingsun paringaké marang jenengpara kaki, kena kinarya gegaran.

BISAWARNA: Adhuh Bapa, ngaturaken panuwun. Tetrawangan raosing manah kula pindha lumampah ing wanci kulem pinapag ing obor sèwu. Namung kéwala, kadi wonten sandéyaning raos kula, déné sowan kula ing 'ri kalenggahan mangké kadi bènèh lan padatan, krana pertapan menika semunipun wingit. Menapa wonten wigatos ingkang badhé Paduka paringaken dhateng ingkang putra, Bapa?

WIBISANA: Kulup, bener aturira. Tegesé sira lantip ing panggraita. Ngertiya 'nggèr, sayektiné walèh-walèh apa, kaya wus purna darmané pun bapa ana ing alam padhang iki, wiwit kuncung nganti gelung 'nggonku laku darma, lumaku ana ing kabecikan. Srananing panggayuh aku nganti nyabrang saka Negara Ngalengka mèlu Sang Bathara Rama, idheping tékad muhung hangèstuti marang bebener. Nanging 'nggèr sumurupa, kabèh kang tak-tindakaké, mbuh bener, mbuh luput, dina iki kaya wus wahyaning mangsakala kumudu paripurna. Katandha pun bapa wus nampa tengara ga'ibing Kang Kawasa, pun bapa nedya tinimbangan marak sowan ana ngarsaning Kang Kawasa, 'nggèr.

BISAWARNA: Adhuh bapa.

Ayak-ayak Tlutur, sléndro nem

(Ayak-ayak Tlutur, sirep)

POCAPAN: Yayah sinampar gelap tyasing Sang Nata Prabu Bisawarna dupi wus nampi pangandikanira sang rama Begawan Kunta Wibisana. Kawuwusa kocap, tumbuh-tumbuh sotaning 'nggalih hanggéndhong tyas wigena, tumungkul hangaras pada, carocosan ingkang eluh nganti kaya tangkis dhadhal. Ribeting raos duhkitaning 'nggalih nganti sesak dhadhané, nganti kaya mbledhag-mbledhaga. Mangkana pegat-pegat wijiling pangandika.

BISAWARNA: Adhuh Rama Penembahan, kénging menapa Paduka badhé négakaken dhateng ingkang putra kula pun Bisawarna? Sepinten bangga kula anggèn kula badhé ngembat praja? Rama, Rama panembahan, kula ngrumaosi kuthung, cubluk,

cupet ing nalar, tuna ing budi, cingkrang ing samukawis. Kula ndhèrèk Paduka kéwala, Bapa.

WIBISANA: Putraning pun bapa, 'nggèr, sumurupa. Lakuning manungsa ana ing mercapada iku, ora liya menyang ngendi parané kejaba mung nggayuh sampurnèng laya. 'Nggèr, rungokna pangandikaning pun bapa ya, 'nggèr. Wiwit jaman Ramayana mbiyèn, pun bapa mung tansah ngemong marang wataking candhala ingkang sinandhang déning Kanjeng Kaka Prabu Dasamuka, nganti diélikaké déning titising Sang Hyang Wisnu, parandéné ora mendha, saya ndadra. Ora ana dalan kejaba pun bapa nyabrang, ndhèrèkaké Sang Martèng Jagad.

Anakku 'nggèr, mangka sipating pendhita iku kudu samubarang bisa ngawékani. Patraping panindak, ancasing sedya kudu amung mamrih pakoléh, ora liya pakolèhing sampurna laya, ya gegayuhan pati ingkang sampurna. Gandrung marang panembah lan sengsem olah kasampurnan, dalané ana telu: siji mawas dhiri, loro: srana srawung marang wong kang tekun pangidhepé marang Hyang Kang Mahanasa, kaping teluné: nyenyuwun marang Kang Maha Agung. 'Nggèr, rehning nyatané iki wis ana dalan trontonging pepadhang pun bapa bakal ngèsthi kamuksan, aja mbok-ribeti atiku. Mara lungguha kang prayoga, aku tak-guneman klawan sira.

(Ayak-ayak Tlutur udhar, suwuk)

WIBISANA: Anakku 'nggèr, anakku. Yèn ta pangèsthimu kang kaya mengkono, mbok-réwangi nibakaké luh ana ngareping pun bapa, yektiné tumètèsing luhmu nandhakaké yèn ta kowé bakal ngribet-ngribeti lakuné pun bapa. 'Nggèr, yèn kowé isih nggondhèli, padha waé kowé kanggonan nepsu kang mancahi marang kaparenging Kang Kawasa nggoné bakal methik tandurané. Mula kang saka iku, 'nggèr, tak-tundhung tumuli kowé baliya marang praja.

Ayak-ayak Tlutur, sléndro nem

[Bisawarna mengkeraken Wibisana.]

(Ayak-ayak Tlutur, sirep)

POCAPAN: Kapeksa ing raos parikedah mengkeraken kang rama kinasih. Prabu Bisawarna kumaléyang lampahé, wus datan darbé daya, dhoyong hadegé, datan

kuwawa hambendung santosaning tékad. Ing cipta muhung ngèstu pada ngénaki tyasing sudarma. Kacarita nalika samana saya tebih saya tebih, lampahé datan kuwawi tumolih. Mulat Sang Begawan Kunta Wibisana dupi wus ical ingkang putra saking pandulu, sigra sedhakep saluku juga nutupi babahan nawa sanga, ngeningaken kang pandulu, pramana jati ingkang dèn-èsthi. Ana pangaribawa ingkang mijil sangking anggané Sang Begawan Kunta Wibisana, cahya cumlorot amblerengi. Mulat saking alam antara, nenggih sukmaning satriya Pangleburgangsa, Harya Kumbakarna. Kaya kapanduk tyasira, daya-daya niyup saking alam antara.

(Ayak-ayak Tlutur, udhar)

[Kumbakarna dhateng.]

(Ayak-ayak Tlutur, suwuk)

KUMBAKARNA: Ora klèru panyawangku, kowé adhiku ingkang ndak-tresnani, Gunawan. Kowé isih mapan ana ing kéné, pun kakang wis kuduné ora bisa sapatemon, nanging merga aku mau nyawang cahya manther hanyadalanang, jebulané ora liya adhiku kang ndak-tresnani. Hem, Gunawan, Gunawan, apa kowé ngerti marang aku, 'dhi?

WIBISANA: Inggih Kakangmas, pangabekti kula mugi katur.

KUMBAKARNA: Iya, tak-tampa gawé bombonging rasaku. Kowé isih éling marang aku, 'dhi?

WIBISANA: Inggih Kakangmas, kula nyawang salira Paduka ingkang kadi mekaten, saking paningal batos kula cetha manawi Kakangmas Arya Kumbakarna dèrèng saged manjing tetunggilan kaliyan Inggang Kawasa.

KUMBAKARNA: Dhasarmu apa déné kowé bisa nyawang aku mangkono?

WIBISANA: Awit kula nuwun sèwu, Kakangmas taksih lenggah wonten ing alam antara.

KUMBAKARNA: Saka pangrasaku kuwi dudu alam antara, nanging kuwi swarga tundha sanga tumrapping pun kakang, 'dhi.

WIBISANA: Kakangmas, pangraosipun Kakangmas ingkang makaten kala wau, dhawah klintu. Kula nuwun sèwu, menawi dipun-èsthi sarana pelenging cipta maya,

manungsa tumitah wonten ing alam padhang menika namung tansah nengenaken dhateng budi darma, inggih menika hambabaraken 'sih katresnan dhateng sakpepadhaning titah kanthi srana kautamèn.

KUMBAKARNA: Yèn nganggo srana kautaman, kurang utama apa 'nggonku dadi titah nalika ana ing Negara Ngalengka mbiyèn? Tinemuné mbok-arani yèn ta aku isih ana ing jagading penasaran?

WIBISANA: Kakangmas, kinarya mitulungi kacintrakan kasangsayan, menika mbetahaken pangorbanan, inggih menika kanthi srana ngantepaken tékad lan Paduka nyrantos sawetawis wekdal.

Ada-ada Jugag, sléndro nem

*Tan samar pamoring suksma,
Sinuksmaya winahya ing asepi,
Sinimpen telenging kalbu.*

KUMBAKARNA: O, o, o, lha dalah. Dadi yèn ngono cethané aku iki isih durung nyawiji klawan Kang Gawé Urip. Apa aku durung bisa bali marang kamulanku, 'dhi?

WIBISANA: Nuwun inggih dèrèng, Kakangmas.

KUMBAKARNA: Banjur dalané piyé?

WIBISANA: Kula mboten badhé saged, awit tékading kasampurnan setunggal-setunggaling titah menika dipun-tanggél piyambak-piyambak. Marginipun Kakangmas sanès margi kula. Mekaten ugi kosok wangsulipun.

KUMBAKARNA: O lha dalah, yèn ngono banjur aku kudu piyé 'dhi, gagé srananana. Telungané kowé sing wis bisa nyecep kawruhé sang martèng jagad Bathara Ramawijaya.

WIBISANA: Inggih, anggèn kula badhé ngukut jagad kula kanthi srana kamuksan menika labet saking piwucalipun Sang Bathara Rama. Mila Kakang, sakmangké wonten wanci ingkang prayogi, rèhning Sang Hyang Wisnu sampun sasana wonten ing bumi, kula aturi nitik sinten manungsa ing marcapada ingkang dados sasananing Sang Hyang Suman déwaning kabagyan. Kula aturi tedhak mangétan leres,

sampun ngantos ménggok ing margi. Kula aturi nyuwun pitedah dhateng titah ingkang dados sasananing Sang Hyang Wisnu kala wau, Kakang.

KUMBAKARNA: Wé lha dalah, terwaca apa ingkang dadi kandhamu 'dhi.

Sampak, sléndro nem

[Kumbakarna késah.]

(Sampak, sirep, dados Srepeg, sléndro nem)

POCAPAN: Saya sekung semèdiné Begawan Kunta Wibisana, ing cipta arsa ngipataké bebandan kang pungkasan, hanenggih kadangira catur warna. Éling-éling pandhita ingkang wis mumpuni agal miwah lambat, jumeplug ing angga konus kadangira catur.

(Srepeg, udhar)

[Napsu sekawan medal saking angganipun Wibisana.]

(Srepeg, suwuk)

Ada-ada Jugag, sléndro nem

*Buta Pandhawa tata gati wisaya,
Indri yaksa sara maruta,
Pawana bana margana.*

SUPIYAH: Wadhuh-wadhuh-wadhuh Pukulun, ngantos mawi prebawa panas kula konus sangking salira Paduka, Pukulun.

MUTMAINAH: Wo lha dalah, wonten wigatos menapa, Pukulun?

AMARAH: Wé, mboten kados padatan, kagèt raos kula. Kula nyuwun dhawuh, Pukulun.

ALUAMAH: Kula nyuwun dhawuh Pukulun, wonten menapa? Kula pun Aluamah ditokaké saking salira Paduka, lajeng kula mangké saged mangan 'napa?

WIBISANA: Kadang-kadangu kabèh, dina iki wus tumeka wahyaning mangsakala kudu pisah klawan panjenenganingsun.

SUPIYAH: Wadhuh, kadospundi déné Paduka paring dhawuh mekaten?

AMARAH: Wé, kadospundi Pukulun?

ALUAMAH: Paduka kok badhé pisah kalih 'Luamah, kula mangké mangan sinten, Pukulun?

WIBISANA: Aku kepéngin bali mulih marang kamulanku. Jenengsira ora tunggal karo aku, mula golèka kasampurnan dhéwé.

SUPIYAH: Wadhuh, wadhuh. Kadospundi nalika gesang samad-sinamadan kaliyan para rowang menika, jebul sareng Paduka badhé kondur wonten ing tepet suci, kula sakprianca lajeng dibucal-bucal ngaten kémawon? Pukulun, kula mboten purun.

AMARAH: Wé lha dalah, kula mboten purun pisah, Pukulun.

WIBISANA: Aja kaya mengkono. Kabèh winengku déning kodrating Kawasa. Kowé lumakuwa marang Alas Duryapura. Golèka manungsa ingkang sumorot cahyané, perdinen supaya bisa nyampurnakaké kowé kabèh, kadang-kadangku.

SUPIYAH: Wadhuh, Pukulun.

Sampak, sléndro nem, suwuk

SUPIYAH: Menawi mekaten cetha Paduka sampun téga dhateng kula. Inggih, menawi pancèn kedah mekaten lampah kula, kula amung ndhèrèkaken kondur Paduka wonten ing pamancat, Pukulun.

MUTMAINAH: Inggih, kula namung ndhèrèkaken supados Paduka saged wangsul dhateng jaman kelanggengan, Pukulun.

WIBISANA: Iya, mara gagé énggal budhala.

Sampak, sléndro nem

[Napsu sekawan bidhal.]

(Sampak, suwuk)

POCAPAN: Éling-éling pandhita ingkang wus mumpuni panjing-suruping pati mulyaning sangkan-paran. Ngracut kang pramana jati, saya ical saya ical saking pandulu. Kumrasak ing antariksa, déwa anyawuraké kembang wewangi mangka tandha pakurmatan muksaning Sang Wibisana.

Sampak, sléndro nem

[Wibisana muksa.]

(Sampak, suwuk)

Pathet Lindur, sléndro nem

*Nembang tengara mundur,
Sawadyané nedya,
Kondur jroning puraya,
Waraha pragosa,
Samya amarigi,
Sanget palayuning bala,
Samya rebut dhucung,
Pan sampun atebih,
Praptèng jro pura,
Sang nata duk sinéba.*

POCAPAN: Lah ing kana ta wau, riwusnya wus manjing anèng alam langgeng, nenggih Sang Begawan Kunta Wibisana, bawana tidhem sakala, bawané ing mangké wus ngancik mangsa kasanga.

Pathet Sanga

Pathet Wantah, sléndro sanga

*Sangsaya dalu araras abyor kang lintang kumedhap,
Titi sonya tengah wengi,
Lumrang gandaning puspita,
Karengwaning pudyanira,
Sang dwijawara brengengeng,
Lir swaraning madubrangta,
Manungsung sarining kembang.*

POCAPAN: Lah ing kana ta wau, dhedhep tidhem sakala ing ratri, dupi ing mangké wus byar padhang labet saking sulaking sang sitaresmi ingkang madhangi ing tengahing langit, nenangi riptaning cipta mulya ingkang anjokira mring puja-puji luhuring Kang Murwèng Rat, déné ambabar daya tentreming jagad. Nalika ing mangké, éndahing tawang labet taranggana ingkang sumawur, kathah warnaning kang lintang-lintang ingkang abyor ing langit.

Pathet Jugag, sléndro sanga

Leng-lenging driya mangu-mangu mangun kung,

*Kandhuan rimang,
Lir léna tanpa kanin.*

POCAPAN: Sinigeg ganti ingkang winursita, 'tan kadi ingkang mapan anèng telenging wanadri. Nyata lamun satriya ingkang wus sembada hangempelaké raos.

Adegan Wana

Ketawang Gendhing LAGUDHEMPEL, kethuk 2 kerep, sléndro sanga

[Arjuna tuwin Semar medal; kasusul Garèng, Pétruk, lan Bagong.]

(Lagudhempel, sirep)

JANTURAN: Anenggih pundi ta ingkang cinarita, ora kaya ingkang ana madyaning wana-wasa. Sotya coplok sangking embanan; mila winastan mangkana, sayekti satriya ingkang hamendhem kula. Nalika samana sang bagus lagya lenggah ing séla kumalasa, sangandhaping kajeng mandéra. Dahat sungkawaning penggalih, datan lipur ing pangimur-imur, datan lilih ing pangarih-araih. Apa ta darunané kang mangkono? Sayekti muhung dènirarsa anggayuh wahyuning kamulyan, ya wahyu kamulyaning praja. Sapa dasa namané; dasa sepuluh nama kekasih. Nenggih Radèn Janaka, Harjuna, Kumbalwali, Pamadé, Parta, Dananjaya, Jahnawi, Palguna, ya Sang Wibatsuh, Kiritin, Kuntadi, ya, Sang Pandhusiwi.

Nalika samana sang bagus lagya mantheng melenging cipta mangèsthi marang pangwasaning déwa. Mila nalika samana Sang Parta hanggung sobèng wana, muhung dènirarsa hangendheg getering karsa sarana muningani èdèn-èdèning wana. Kabèh saisining wana bebasan hamemuji jaya-jaya marang kang lagya hanggayuh wahyuning kamulyan.

Tinut repat punakawan; nenggih ingkang mungging ngayun, wongé rèmbès mripaté, awaké lemu, lanang ora lanang, wadon dédé, nenggih Ki Lurah Nayantaka, Badranaya, Lurah Semar, ya Risang Ismaya. Aja dupèh ala wujudé, parandéné iki déwa ingkang asalira manungsa, manungsa ingkang umur déwa.

Ing wingking menika sunu, tegesé anaké Kyai Lurah Semar. Sinebat Nala Garèng, ya Cakrawangsa, Pegatwaja, Pancalpamor. Nala Garèng tegesé ati garing, wong kang atiné kemrisik, énthéngan. Cakrawangsa, cakra: gaman, wangsa: sanak

piyandeling sedulur. Pegatwaja, pegat: pisah utawa tugel, waja: wesi atos; bisa ngrampungu gawé ingkang werit-werit. Pancalpamor, pancal: obahing suku, pamor: kembanging keris; tumindaké gawé anengsemaké. Nanging Nala Garèng kuwi sejatiné wong sedhengan, ora èlèk ora apik, sedheng.

Ki Lurah Pétruk, Kanthong Bolong, Jengglong Jaya, Ronggung Jiwan. Sinambet Ki Lurah Bagong, ya Bawor, ya Oglug. Dadya mangkana panglocitaning 'galih lamun ta kababar ing lésan.

(*mérong Lagudhempel, udhar*) → *minggah Ladrangan, suwuk*

Pathet Ngelik, sléndro sanga

*Jrudemung ingela-ela,
Kawilet lang-langan lalu,
Leng-leng kalingan kalulun,
Kalangen langening brangta,
Ngarang mirong rangu-rangu,
Karungrungan maring riya,
Riyaning tyas lir tinutus.*

Gara-gara

SEMAR: Hai, èh. Mbegegeg ugeg-ugeg hemel-hemel sadulita. É, 'ndara lanang kula, 'ndara lancur kula, 'Dèn. Hé, kedhungsangan mawon turut ngalas kaya ngaten, éi, ha, mesakaké kalih anak-anak kula niku, éi. Gorèngan, Truk, Gong.

GARÈNG: Nyeluk anak dicaruk, "Gorèngan, Truk, Gong."

PÉTRUK: Kowé 'ki mbok aja nglorohi ta 'Rèng. Kakèkné 'ki angger wis tanpa ngruwat telu 'ki wis rumangsané wis peng-pengan, ngono kuwi.

SEMAR: Hèh, kakrokané, 'dha nggarapi wong tuwa. Héh, iki 'ndaramu lagèk kèndel, ora kersa ngendika. Angger astané wis disampiraké ngono kuwi, hih, iki 'ngko genah 'jik suwé.

PÉTRUK: Ha wong ngentèni kok ngentèni piyayi meneng.

BAGONG: Jané ngéné ya 'Kang.

PÉTRUK: Alah, iki wis iki klakoné iki.

BAGONG: Awaké dhéwé 'ki sakyahana-sakyahéné mung dadi batur, ngetutaké ngalor-ngidul, 'ning nèk liwat ngalas mesthi agèk 'dha dijak lèrèn, angger liwat nggon bango ramé-ramé kok ya bablas waé ya 'Kang?

PÉTRUK: Ya nyat ngono kuwi kok. Wong tirakat 'ki ngono kuwi. Angger kira-kira ènèk warung rubung-rubung, ènèk wong dodol panganan, ènèk dodol wédang ngono kuwi, nèk piyayi prihatin 'ki malah bablas.

BAGONG: Lha kok mandhegé kok ming ènèk mbulak?

PÉTRUK: Lha ya 'no, wong jenengé wong prihatin kok.

BAGONG: Nèk mandheg nèng bulak ya "kéné kéné 'dha nguyuh."

GARÈNG: Lèrèn-lèrèn kok nguyuh, ora

BAGONG: Bapak kuwi ya?

GARÈNG: Sapa?

BAGONG: Bapak Semarno kuwi.

GARÈNG: Semarno piyé ta? Bapak Semar.

BAGONG: Wong tuwa ora ... wong genah wong lemuné kaya ngono kok angger nguyuh 'ki dadak golèk ledhu. Bareng angger ledhuné dilus kaé trus nguyuh. Nguyuh kok 'nggo nulis: "Semar dan Tutik."

PÉTRUK: 'Dhuh, Bagong 'ki ora

BAGONG: Lagèk "Semar dan Tut" ngono wis kentèkan. Lha trus tak-terusaké.

PÉTRUK: Lha kowé kuwi ora

BAGONG: Lha tak-tutugaké kok, wah apik banget tulisané kok. Bareng wis ditinggal 'ki diuyuhi simbok. Ha bubrah ta. Bareng tak-tiliki, apa iki?

PÉTRUK: Hu, ora

BAGONG: Wong senengané kok ngrusak tulisan.

PÉTRUK: Kuwi ora ngrusak, kuwi ora disengaja 'Gong. Bocah 'ra

SEMAR: Éh. Kowé, hé ... karo kowé, karo

BAGONG: Hayo, "kowé" ngono. Senengané nduleki rai, ora

SEMAR: Iki 'ndaramu lipuren. Éh, bendara lancur kula, éh, gendèr kawat mangga kula teraké.

PÉTRUK: Wis wiwit kuwi.

SEMAR: Hi, gong alit, mangga kumpul sedhèrèk 'ndika kémawon, éh 'Dèn. Ééi, kenong cilik, ampun mung methuthuk ènten mriki mawon, prayoginé wangsul mawon nggih 'Gus.

GARÈNG: Hem, gawé ukara wong tuwèk kok ora kenèk dienggo

BAGONG: Mbok sing apik, wong *pendidikan* kuwi. Wong *pendidikan* kok, sekolahé 'nèng manca negara kok basané ora apik.

PÉTRUK: 'Thik malih lambému 'Gong?

BAGONG: O ya, ngéné ya 'Kang ya?

PÉTRUK: 'Thik lali 'ki piyé? O, 'dhus èlèk 'ki 'ok, angger dhuwité entèk kok lali, kowé 'ki.

GARÈNG: Kéné, kéné, kéné, kéné, mundur kéné! O, wong ora ... mbudaya ngono! O, wong ora mbudaya ngono. O!

PÉTRUK: Wah, angger arep, théklé 'ki ngapa rékaké.

GARÈNG: Aku 'ki nèk wis gelem ura-ura, wis gelem nyuwara, wis gelem nyuwara: "Sapta catur."

PÉTRUK: Wah, bawané 'ki léh.

GARÈNG: Kowé ora ngerti, ana wong nembang 'ki ya di

PÉTRUK: Nembang 'ki sing apik, ora Kowé kuwi *semester* pira ta?

GARÈNG: Pitulas.

PÉTRUK: Wah, *semester* kok pitulas? Iki jané sekolah apa gur Wong kok kaya anakku, kok sing penting 'ki kloyang-kloyong. Ènèk 'pa ora wongé? Kloyang-kloyong ning wis.... Angger wis "rung," wah Gayané kaya pejabat. Kandha karo aku jaré sing arep nyekel sekolahan 'suk mbèn 'ki dhèké.

Nothing here

Semut ireng ngendhog jroning geni,

Ana merak memitran lan baya,

Kéyong sakkenong matané,

SEMAR: Hè, “mripaté,” trondholo!

PÉTRUK: Ha nyat cathetané ya “matané” ngono kok. Tembang kok dipaido.

Tikusé padha ngidung,

Kucing gering ingkang nunggoni,

Kodhok nawu segara,

Olèh banthèng sèwu,

Wah, ngono kuwi.

Percil-percil ingkang njaga,

Semut ngangrang angrangsang Gunung Merapi,

Wit ranti awoh dlima.

Pathet Jugag, sléndro sanga

Ascarya Parta wekasan muwah ékatana,

Yèka Wisanggeni maya Sang Hyang Isupradipta.

ARJUNA: Surasané jero lan dhuwur banget tembangmu, Pétruk.

PÉTRUK: Iki men tunggalé sing dèrèng kula tokaké wah, ngantèk jeru nika.

ARJUNA: Saka bungahing atiku, mara gagé tampanana iki ana dhuwit satus éwu.

PÉTRUK: Eh eh, ha, lé anyir kaé, dhuwité piyayi, wis, ‘agèk lé ngethok, anyir, éh. Ngéné

‘ki wis genah ‘nyang mata padhing. Wong kedhuwitan karo ora ‘ki ya wis béda.

Wis nyekel satus ngéné iki huh, Bambang Sis apa. Tak-pangan mentah.

GARÈNG: O, nembang kaya ngono waé, o, olèh satus éwu.

Semut ireng anak-anak kebo karo sapi,

Kebo bongkang nyabrang kali Bengawan Solo,

Kéyong gondhang jarak sunguté timun.

ARJUNA: Garèng.

GARÈNG: Kula nyuwun arta.

ARJUNA: Dhuwit apa?

GARÈNG: Arta semut.

ARJUNA: Nya, nya, nya, tak-wènèhi.

GARÈNG: Ha, ngaten. Pinten niki?

BAGONG: O, ora weruh dhuwit ketrangané.

ARJUNA: Rong èwu rupiah.

GARÈNG: O, satus èwu 'ki apa! O, 'rong èwu 'lé! Mampir Palur. TV 'ki regané pira ya?

BAGONG: Dhapuré Garèng, 'dhit rong èwu takon TV. O, kéré ora

SEMAR: Hiii, bocah ndrondos. Ora Kula nèk mboten nyaosi 'ndika *Glathik Glindhing*, é, mboten 'isa éntuk satus sèket.

PÉTRUK: Wah wis, kok ya tuwèkané emoh kalah ngono. Angger ènèk wong disangoni kok wong tuwa kok ngolik, ora

SEMAR: *Glathik Glindhing*. Ha, kula nyuwun dhumateng ingkang winantu ing pakurmatan kados swanten, swantenipun widawati waranggana sangking kahyangan.

PÉTRUK: Kahyangan ngendi, ora

SEMAR: Saking Kahyangan Bajul Kesupèn, èh. Mangga!

BAGONG: "Singa singa, raja singa."

PÉTRUK: "Singa tirta, mang---"

BAGONG: Lah, angger wong nembang kok disalahaké. Mangga.

Jineman GLATHIK GLINDHING, sléndro sanga

(andhegan Glathik Glindhing)

SEMAR: Ha, piyé? Kaya swarané mbokmu. Aku wis telung mbengi melèk. Krungu kaya swarané mbokmu, hé ... sésuk mbokmu dadi apa.

GARÈNG: Hu ..., dadi apa, dadi apa.

SEMAR: Rungokaké!

SUYATMI: “Antuk daya...”

SEMAR: Kaya ngapa.

GARÈNG: Gegedhèn ‘Mir.

(andhegan Glathik Glindhing)

YATMI: “Cahya katri, ‘tri.”

SEMAR: Ya wis ngono kuwi. Kaya sewidak taun kepungkur. Wih, ya ngéné iki. Nyenyet.

GARÈNG: Adhuh, ‘dhuh, nyenyet-nyenyet.

SEMAR: Ngonon kuwi. Éi, iki sing duwé omah ngetokaké janggan. Ditokaké sakuwaliné.

Sing nggawa kuwali wongé ‘rung kétok, éh, gagangé irus wis tholang-tholang.

PÉTRUK: Kok ‘lé wangun ...?

(andhegan Glathik Glindhing)

BAGONG: Lha, senengaku ‘nggon kéné iki. Senengaku.

(Glathik Glindhing, suwuk)

SEMAR: Ha, niku èh, budaya niku kaya ngoten niku.

GARÈNG: Wa ... ‘nggon apik-apik kok ora ènèk gamelané.

SEMAR: Iki ‘ki alas, hé drondos! Alas kok ènèk gamelané, gamelané dhengkulmu! Ora

Sing duwé alas iki ora butuh gamelan. Nduwé kenong siji, didol.

PÉTRUK: Adhuh, dhuh, dididol...

SEMAR: Hem, dinggo tuku gerèh.

PÉTRUK: O, gerèh, ora....

GARÈNG: Hambok alas iki ‘bèn rada ora sepi ngéné iki ya dirondhani!

PÉTRUK: Apa ya tumon kok alas kok dirondhani ta ‘Reng ‘Reng, ora

GARÈNG: Ha ngrondhani lemut. Ayo, rondha!

PÉTRUK: Lagon cara kuna, hèh.

Lagu RONDHA KAMPUNG, sléndo sanga

BAGONG: Eh, ha. Senengku 'ki.

GARÈNG: Ngapa ta 'Gong?

BAGONG: Wah wis, mèlu pisan wé 'thik tiba nggon "kik-kruk." Ah wis. Wis kecekuwel.

PÉTRUK: Kecekuwel, mbahmu 'ki ora

BAGONG: Ha wis iki kari ngincim sapa sing di-"thik-kruk."

PÉTRUK: Kok ngincim uwong.

BAGONG: Rumangsamu, lagon ngono wé *sedherhana* kok ya lé pènek.

PÉTRUK: Lha iya. Wong *arah nadané* 'ki jelas .

BAGONG: Dhapurmu wé ngerti *arah nada*. Kemlinthi ora

PÉTRUK: Ya wong mung rungong-rungong kok ya. Wong 'dha omong kaé jaré *arah nada*.

Nèk "padhang ulihan," dadi nèk ngétan 'ki madhang nèk ngulon ulihan. Kuwi jenengé madhang ulihan.

BAGONG: O, layak ta, Cipta Garèng 'ki angger ngétan 'ki madhang.

GARÈNG: O. Nika kala wau lagu kula 'Dèn. Kula aturaken Jengandika 'Ndara Janaka, mugu-mugu dados panglipuring panggalih 'Ndara Janaka. Manawi mekaten angger kula nyumbang lagu *Rondha* menika kala wau kagama jampi sayah 'Ndara Janaka. Mugu-mugu slameta ing ndonya ngantos akératipun, lagu menika.

ARJUNA: Iya iya Nala Garèng.

GARÈNG: 'Nggih. Gandhèng lagu menika kala wau mboten saged rampak menawi mboten dipun-ungelaken kaliyan kanca kathah, mila saking menika sedaya menika jer basuki mawa béya.

ARJUNA: Iya iya Garèng, aku wis ngerti tumanggaping aturmu.

GARÈNG: Lha mila menika, gandhèng Panjenengan sampun pirsas, lan sampun saged ngraosaken menawi kabudayan menika, menika kénging kanggé ngukur asor-luhuring drajat bangsa. Mila saking menika, inggih kabudayan ingkang nami *Rondha* kala wau saged njunjung drajating nusa lan bangsa, supados merdika salaminya.

ARJUNA: Iya iya Garèng.

GARÈNG: Inggih. Sampun?

ARJUNA: Iya Garèng.

GARÈNG: Pareng. 'Nggih mugi-mugi sami raharja salaminya.

ARJUNA: Iya iya Garèng.

GARÈNG: Mekaten? Inggih.

PÉTRUK: Théklé.

SEMAR: Wong ngalam donya waé, éh bocah ora éwuh iki, aja seneng dadi prawira jaluk.

Éh, wong 'ki malah sing suka wèwèh. Wèwèh 'ki wujuding laku. Wèwèh iku dalané metu saka katresnan, metu saka kawelasan, lan metu saka panembung. Éi, kowé tak-kandhani. Wong wèwèh kuwi nèk wujud rajabrana pamrihé supaya dadi tetulaking kebutuhan. Kuwi nèk wèwèhé rajabrana. Nèk wèwèhé bau-suku, kuwi diajab supaya dadi mayar anggoné nindakaké pegawéyan. Nèk tumindak ing pamikir, kuwi bisa ngènthèng-ngènthèngaké rerigen samubarang sing ditindakaké. Banjur sesurupan, srana wulang wuruk, pitutur, lan pituduh-pituduh, kuwi uga bisa bakal madhangaké. Éi, wong wèwèh ora kudu dhuwit. Éh, 'Ndara, éi, gendhèng kula bocor.

GARÈNG: O, wong tuwèk ora kenèk digugu, o. Lagèk 'bar nuturi, awaké dhéwé ndremis, ora

PÉTRUK: Kuwi nèk ora dijunjung diléh wis ora Iki sing mbaureksa Benawa iki.

BAGONG: Lha ngerti manukku, kowé? Wong manuk kok, angger ènèk wong teka kok. "kathokku kèri, kathokku kèri."

PÉTRUK: Ha wong kuwi pancèn uniné ngono kok. Wèh, ha, nèk 'ki 'ngko 'ndara 'ki keremenané mesthi gegendhingan sing, hé hé. Mangga, hé. Aku tak-nyuwun lelagon ya sing tunggalé kepénak-kepénak ngéné iki. Mangga, tak-nyuwun karo 'Bu ... ingkang dèrèng 'Bu kaca tingal, 'Bu Parni, inggih. Mangga, mangga 'Bu. Hé lha, namung sak-*Mijil*, namung sak

GARÈNG: Suwèkna 'Truk, nganti suwi kaé.

Ketawang SINOM PARIJATHA "Kethoprak", sléndro sanga

(andhegan Sinom Parijatha)

SEMAR: É, didum, didum. Ah, aku 'kok kèpi-kèpi swarané sindhèn 'Yuk. Sindhèné bocah-bocah.

PÉTRUK: Sindhèné kok bocah-bocah?

(andhegan Sinom Parijatha)

SEMAR: Ibumu Ngatirah, hé, ha. "Pinesu tapa brata" Nggawil.

PÉTRUK: Kapan matiné? Hah

(andhegan Sinom Parijatha)

SEMAR: Èh, dipun-lajeng kémawon. Èh. Hiii, telungané sing wis tuwa, ora 'isa, ora 'isa sewayah-wayah. Nèk 'nom 'ki sewayah-wayah. Nèk tuwa 'ki èh, arang-arang.
Distarter Setu mlakuné Senèn, wah.

PÉTRUK: Iki apa athik?

SEMAR: Mangga.

(Sinom Parijatha, suwuk)

BAGONG: Tak-kira 'ki mau Méga.

PÉTRUK: Kok tekan Méga barang ta 'Gong, 'Gong, ora.... Anakmu kaé?

BAGONG: Ya. Ya wis ngono kuwi, angger ngasta *mik* ngono wis. Alah 'yuh, gumun aku. Anggeré, wong, nèk anggeré 'cah cilik ngono 'ok, ngéné ngono kok, nyuwara, trus dhukaké, 'nèh, nèk nyuwara terus diangkat menèh. Lha kok sing jenengé sindhèn 'Yu Yatmi kok ora dienggo barang kok dipantheng 'nèng kéné. Karo muni "wong édan."

PÉTRUK: Mbok meneng ngono, ngapa!

BAGONG: Dipantheng 'nèng kéné karo diingeti ya, "wong édan."

PÉTRUK: O, wis 'ra

ARJUNA: Kakang Semar.

SEMAR: Éh kula, 'Dèn.

ARJUNA: Ciptaning atiku ora bakal kondur marang kasatriyan lamun ta durung sembada kang tak-gayuh.

SEMAR: Éh, lajeng keparengipun?

ARJUNA: Ayo lumaku lon-lonan, Kakang.

Alas-alasan: Arjuna tuwin Panakawan

Ayak-ayak, sléndro sanga

[Arjuna bidhal, kadhèrèkaken panakawan.]

(Ayak-ayak, sirep)

[Arjuna ningali éndahing swasana.]

JANTURAN: Lampahé satriya panengah Pandhawa Risang Arjuna, nalika samana wus ngambah ing pategalan. Akèh wong kang padha nambut gawé, padha sengkut dènira makarya. Tetanduran katon ijo royo-royo, mratandhani ora bakal kekurangan pangan. Awit saka wulu wetuning tetanduran, rajakaya aglar ing pangonan. Kacaryan tyasé Sang Parta ningali sesawangan ingkang éndah.

Akèh wong-wong padésan kang padha mulat lampahé Sang Permadi. Akèh kang samya kamitenggengen nganti kedhèp tesmak panduluné. Wanèh-wanèh panarkané; ana ingkang ngira lamun ta iku déwa ndharat, sawenèh ana ingkang anarka lamun ta iku ratuning gandarwa. Kagyat wong padésan ingkang linangkungan déning Sang Bagus Margana. Ana ingkang ngetutaké sakparan-parané, sawenèh ana ingkang nginjen saka ing pepager, ana ingkang celuk-celuk kanca-kancané, kaya mangkana ujaré:

WONG DÉSA: ‘Bat-tobat-tobat, ènèng wong bagus, ènèng wong bagus. ‘Bil-tobil-tobil, wong bagus liwat. Wong...uwong apa déwa dharat, bagusé kok kaya ngono, ‘bat-tobat-tobat? Biyuh-biyuh, gagé rénéya, nini jaken, jaken putumu, jaken putumu. Aku tak-ndelok wong bagus.

WONG TUWA: Aku ya arep nonton dhéwé. Aku ya péngin weruh kaya ngapa wong bagus, mumpung ijik urip. ‘Engko nèk wis mati aku wis ora ‘isa ‘eruh wong bagus.

SEMAR: Ah, èh, iki kok reja temen désa ngendi? Hé, iki ènèk pageré ditulis, hé.

“Sangkrah.” Wah, ha.

WONG DÉSA: Kula nuwun, èh.

SEMAR: Ah.

WONG DÉSA: Pinarak Kyai.

SEMAR: É, iya. Aku ora mampir, éh ora mampir ah, ‘suk mampir ‘suk nèk mayang waé aku tak-mampir.

WONG DÉSA: ‘Nyang Prambanan Kyai.

GARÈNG: Wah, wah, wah, wah, lha kula ‘thik mboten dijak? Mengko nèk kula mboten dijak napa mboten ngguyu kula mengké.

PÉTRUK: Eh eh, wong kok ènèk wong liwat wé ‘thik ‘dha ambyuk semana. Harata ya! Wong wédok kok ‘dha pènèkan kaya ngono? Hara ya ta kaé, tiba klumah, ho ... pethanthangan kaya ora Ènèk wong wédok lemuné kaya ngono kok geglundhung, kok, bareng mlumah kok gur meneng waé, ora Apa ora ‘isa malik apa piyé? Lha gur mak glundhung, lha kok trus njepupung ‘nèng ngenggon, wis ora unyet-unyet.

BAGONG: Nèk apika mono.

PÉTRUK: Oalah.

BAGONG: Wah, jan, wis-wis, wah wis. Lha iki ènèk sing gering barang, ‘yuh karèk balung. Wah wis. ‘Yu, bojomu ‘nèng ngomah?

WONG WADON: Mboten Kyai, nembé késah. ‘Bat-tobat-tobat, mangga pinarak Kyai. Naminipun sinten Kyai, Penjenengan?

BAGONG: Jenengku Kamto. Éh, Bagong dhing.

(Ayak-ayak, udhar, sirep)

JANTURAN: Risang Dananjaya wus ngambah geriting ancala tepining waudadi. Akèh buron wana ingkang samya kabarosot, katrajang lampahé sang bagus. Wus datan tolih pringga bayaning hawan, anasak njujur madyaning wana. Dhasar alas ‘gung

liwang-liwung, rengket singup ponang kekayon, datan kena tinrabras sunaring srengéngé.

Ramé swaraning peksi isining wana: “Sag-sag-sag gedebug brus.” Asri swaraning kéwan: “gaok-gaok-gaok, hur-ketekuk, dhèt-dhèt-dhèt-dhèt, cog-cu-cu-myeg.” Ramé jroning wanadri akèh manuk ingkang kunta ragané. Nalika samana saya sengsem mulat éndahing sesawangan.

(sirep lagi)

Yèn ta bisa manguna janma, kaya mangkana ucaping kukila: “É, kanca batur, aja cedhak-cedhak karo lungguhé satriya iki. Iki dudu satriya ala-ala, nanging isih trahing atapa rembesing madu, wijiling andana worih. Yèn ta nganti pinidak wewayanganmu, yekti bakal lebur tanpa dadi.”

Kacarita, kukila wus padha suminggah-sumingkir, ‘tan ana ingkang wani parek mring Sang Dananjaya. Mung ana ingkang nothol wohing gurda katibakaké ngarsaning sang bagus, sarwi manembrama. Yèn ta bisa tata jalma: “Radèn, menika pasugatan kula, kénginga kanggé jampining salit.” Kacaryan tyasé Sang Margana.

(Ayak-ayak, udhar, suwuk)

[Arjuna tuwin panakawan kèndel.]

ARJUNA: Kakang Semar.

SEMAR: É kula ‘Gus, mandheg wonten ngriki.

ARJUNA: Iki gunung ngendi?

SEMAR: Ké, gunung ngendi?

GARÈNG: Nèk ora klèru iki Gunung Paré.

BAGONG: Oh, Kemukus dhing.

PÉTRUK: O, tak-sampluk lambému ora

SEMAR: Éh, menika gunung, éh Gunung Pringgalaya.

GARÈNG: O, Gunung Pringgalaya kuwi ngendi, ora....

ARJUNA: Kakang Semar, sing prayitna ngati-ati, anakmu kandhanana.

SEMAR: Inggih. É, tholé, hé. Hiii, kowé ora ngerti kaé. Iki jenengé banthèng. É iki macan cilik. Hé, iki kethèk. Lha, iki kethèk kawin.

PÉTRUK: Wong tuwa ora kenèk 'nggo patuladhan.

ARJUNA: Aja adoh-adoh klawan tindakku, Kakang.

Ada-ada Greget-saut, sléndro sanga

*Bumi gonjang-ganjing langit kelap-kelap katon,
Lir kincanging alis,
Risang mawèh gandrung,
Sabarang kadulu,
Wukir moyag-mayig,
Saking tyas baliwur,
Lumaris sang gandrung,
Dhuh ari Sumitra,
Tanaya paran rèh,
Kabèh 'sining wana nangsaya maringsun.*

[Arjuna tuwin panakawan minggah gunung.]

Prang Kembang

POCAPAN: Wus nasak wana-wasa. Sinigeg ingkang lumaris, genti kocapa. Ora kaya reksasa ingkang samya ngadhang ing dedalan, solahé nganti kaya jangkrik mambu kili.

Ladrang JANGKRIK GÉNGGONG, sléndro sanga

[Napsu sekawan medal.]

→*Ladrang SUMINGIN, sléndro sanga*

(Sumingin, sirep)

JANTURAN: Inggih mapan madyaning wanadri, nenggih dumadi sangking rowangira pandhita punjul Sang Kunta Wibisana, ingkang nedya ngupaya kasampurnan, nenggih raksasa catur warna. Bawané bingung, liwung, kaya wis ilang kéblaté. Tambuh-tambah ingkang ginagas, déné datan pinanggya ingkang dèn-upaya. Dadya mangkana pating caruwèt, pating brengok.

(Sumingin, udhar, suwuk gropak)

Ada-ada Greget-saut, sléndro sanga

*Sigra kang bala tumingal,
Prang campuh samya medali,
Lir thathit wileting gada,
Dahywang gung manguncang niti,
Bénjang sang aji mijil lathinya ngedali wuwus.*

SUPIYAH: É lha dalah, cacandhala-cacandhala mangéndrawala. Éh kanca, iki piyé dhawuhé sang adi panembahan, déné ora numusi?

MUTMAINAH: Wé lha dalah, apa arep dadi sasar klambrangan méncok 'nèng kayu watu?

AMARAH: É, ora wurung nèk méncok kayu watu mung dikutugi wong pendhak malem Jumuah Kliwon, dadi memedi kaé.

ALUAMAH: Malah beneran, muga-muga 'ja ketemu sing digolèki, dadi awaké dhéwé klambrangan 'nèng ngendi-endi.

MUTMAINAH: Oé hé hé, aja kaya mengkono!

SUPIYAH: Karepmu piyé kanca, batur?

MUTMAINAH: Kaé ana cahya ingkang mijil saka sisih kana kaé.

SUPIYAH: Wé lha dalah, kok mambu kaya mengkéné, ayo diprepegi kanca.

Srepeg (dari ngelik), sléndro sanga

[Supiyah nggoda Arjuna.]

(Srepeg, suwuk)

Ada-ada Greget-saut, sléndro sanga

*Buta Pandhawa tata gati wisaya,
Indri yaksa sara maruta,
Pawana bana margana,
Samirana lan warayang,
Panca bayu wisikan gulingan lima.*

SUPIYAH: Uit lha dalah, biyuh-biyuh-biyuh, bagusé, bagusé, sumunar cahyané. Ya cetha iki dudu déwa, kowé menungsa, ketara ngambah lemah sikilmu. Babo. Jenengmu

sapa, sapa jenengmu, ngendi omah? Ngakuwa, ngakuwa, aja mati tanpa aran, kowé ngakuwa wong bagus!

ARJUNA: Panengah Pandhawa Radèn Premadi.

SUPIYAH: Radèn Premadi?

ARJUNA: Ya Radèn Arjuna.

SUPIYAH: Babo-babo.

ARJUNA: Kowé sapa? Tak-sawang sikilmu ora ngambah bantala.

SUPIYAH: Ya, pancèn aku putu nyèluman. Takon marang aku Ditya Kala Sukarda.

ARJUNA: Apa gawému ngadhang lakuku?

SUPIYAH: Babo-babo! Aku sumurup cahyamu kang ngenguwung, cethané aku njaluk tulung karo kowé, aku sampurnakna, balèkna marang alamku.

Ada-ada Cekak, sléndro sanga

*Mulat mara sang Arjuna èsmunira kamanungsan,
Kasrepan tingkah ing mungsuh.*

ARJUNA: Dudu karepé dhéwé. Ora ana ceceging rasaku kepéngin gawé patining liyan. Kowé aja ngganggu nggonku lelana-brata.

SUPIYAH: Babo-babo! Kowé ora gelem nyampurnakaké aku, malah tiba kosok balèn kowé sing tak-ajab patimu.

ARJUNA: Cethané kowé mung kepéngin njarag prekara.

SUPIYAH: Pancèn kuwi sing tak-jaluk.

ARJUNA: Apa abamu?

SUPIYAH: Majuwa sejangkah tak-kokop getihmu.

ARJUNA: Jajalen kaprawiraning Janaka.

Srepeg, sléndro sanga

[Supiyah prang kaliyan Arjuna, pinejahan, nanging gesang malih.]

→*Sampak, sléndro sanga*

[Amarah medal.]*(Sampak, suwuk)**Ada-ada Palaran, sléndro sanga*

*Raseksa krura kagiri-giri,
Gengnya lir prabata,
Abang kawelagar,
Manguwuh ing mungsuh,
Haminta lawan,
Hanggro sru singanabda,
Kadyènggal yun manubruka.*

AMARAH: É, é, é lha dalah, kowé sapa nglanangi temen hèn?

ARJUNA: Radèn Janaka.

AMARAH: Hé hé lha dalah. Ora ngerti watak wantuning buta nyèluman. Cedhak tak-saut pedhot gulumu, hé hé hé.

*Sampak, sléndro sanga, suwuk**Ada-ada Hastakuwala, sléndro sanga*

*Menthang gandhéwa dibya,
Bintulu marcu gadhing,
Parianya kumuning,
Kang trisula panggah,
Rikata apamuk,
Wat gata naratas,
Pegat jangganira swuh,
Mengsahira sirna.*

[Arjuna menthang langkap.]*→Srepeg Martana, sléndro sanga***[Arjuna nglepasaken jemparing.]***→Srepeg, sléndro sanga →Sampak, sléndro sanga***[Amarah kataman jemparing, pejah, nanging gesang malih.]**

(Sampak, suwuk)

SEMAR: Sampéyan matèni buta niku sedina 'ping pitu mboten badhé pejah.

ARJUNA: Sababé apa Kakang?

SEMAR: Èh, niku ora sakbaéné. Mang ngèsthi nala hagni, 'Dèn.

Sampak, sléndro sanga

[Arjuna hangobar dahana, napsu sekawan musna.]

(Sampak, suwuk)

Pathet Jingking, sléndro sanga

*Tunjung mbang teraté,
Irim-irim atap,
Taping kayu apu,
Asrining lelumut,
Kangkungira ijo,
Sri gadhing diwasa,
Retnaning rejasa,
Kembang karang sungsang,
Bogemé araras, radèn,
Kembangira karang sungsang.*

→Ayak-ayak, sléndro sanga

[Arjuna bidhal, kadhèrèkaken panakawan.]

(Ayak-ayak, suwuk)

POCAPAN: Lah ing kana ta wau, wus lepas lampahé Risang Margana, tinut Ki Lurah

Semar Badranaya, Garèng, Pétruk, sumawana Bagong. Samarga-marga bawané wus sirna bebayaning marga bégalaning kayun, gya laju lampahé. Nengna ingkang winursitèng kawi, datan kadi ingkang karèndhèt ing 'ri bandhil bebondhotan kasrimpet penjalin cacing. Mila anggung hanggagra kusika, kaya kumaléyang lampahé, sisah ing 'nggalih.

Candhakan: Sembadra ing Wana

Ketawang Gendhing TLUTUR kethuk 2 kerep, sléndro sanga

[Sembadra dhateng.]*(Tlutur, sirep)*

JANTURAN: Peteng ndhedhet lelimengan, keteling patra datan kena tinrabras sunaring srengéngé. Ing kono anané muhung sesawangan ingkang tansah angeres-resi. Pambaunging sona ajag miwah panggeroning singa-barong kang keluwèn, akarya geter saisining wanadri. Planggranging oyot-oyotan miwah kayu 'gung ingkang rubuh, bongkoté ginubet rerawatan, wor suh glukut ingas, kembang rawé ingkang nggegateli. Parandéné ing kono ana musthika sumorot, nenggih pangaribawaning putri Madukara garwaning Sang Arjuna, Dèwi Wara Sembadra. Kasangsaya sinangsaya, tumbuh-tumbuh ingkang jinangka, amung ngetutaké jumangkahing suku. Nadyan ta mlenthung sakjagung-jagung, sebit rontang-ranting busanané, datan rinèwès krana labet saking notoling raos énggala pinanggya kaliyan memaniking nala nenggih panengah Pandhawa.

Ingkang linangkungan sang kusuma 'yu, godhong gegodhongan samya alum, nadyan ta sesekaran layu tibèng kisma. Peksi puter putih anyekukruk sedhah, kedasih munya angasih-asih, canthoka munya ing balumbang. Yekti ing kono janma mara janma mati, sato mara ketiwasan, sangking gawating wana. Parandéné sang ayu datan mendha amiyak puleting penjalin cacing miwah gegodhongan ingkang mawa wisa. Ciptaning ndriya muhung kepéngin pinanggya Risang Dananjaya.

Éling-éling wus kaèsthi, gya lumémbak pangwasaning bathara luhung, temah anuwuhaken gara-gara. Gara-gara tumanduk ing Kahyangan Jonggringsalaka, tanggap Sang Hyang Jagad Pratingkah, sigra angutus tuwangganing para déwa, Bathara Naradha tumurun sangking wiyati.

*(mérong Tlutur udhar →minggah Ladrangan)***[Naradha dhateng.]***(Ladrangan, suwuk)**Sendhon Rencasih, sléndro sanga*

*Lawa-lawa gumandhul,
Nèng pang kebet-kebet,*

*Lir mèlu susah,
 Yèn ta bisa muwus,
 Pagéné Pandhawa,
 Tan ana tumut,
 Pribadi aminta,
 Prajanta sepalih,
 Kang sekar tanjung,
 Ruru ambelasah,
 Lesah kadi susah,
 Susah kapisah,
 Sumrambah ing kisma.*

NARADHA: Ha ha ha ha ha ha. Pragénjong-pragénjong, pak-pak-pong, pak-pak-pong, buk bolong waru dhoyong kali codhé sapa sing gawé. Éh, wong susah lha kok dadi ya urut temen. 'Nggèr, Sembadra? Wong ayu kuwi nèk susah marakaké gègèr, ngono. Kahyangan horeg ora kuwat panasé, déwa mudhun sumuk merga saka hawané wong susah.

SEMBADRA: Aku ngaturaké basaku, Pukulun.

NARADHA: Ya, ya, ya, éh, ya éling-éling arepa metu wédok 'ning kowé kuwi wong kodo, ora bisa ndhodhok, ora bisa nyembah, ora bisa basa, 'tan perbéda kaya si Werkudara. Éh ya ora dadi apa, ya. Ulun tanpa akarya bombong. Ora liwat pengèstu ulun tampanana, Lara Ireng.

SEMBADRA: Iya Pukulun, tak-pundhi dadiya jimat paripih, Pukulun.

NARADHA: Ngapa kok kowé susah 'ki yagéne, hem? Susah 'ki yagéne kowé, ngapa kowé kuwi? Pénak-pénak ana ngomah ngeloni anaké, lha kok dadi wong wédok jelulutan turut ngalas. É, lha tujuné kéné iki alas gedhé ora kambah uwong. Upamané wong lanang ngambah kéné, ora kétang wong lanang golèk godhong kayu, kuwi nèk weruh karo kowé kaya ngono kuwi, apa ora bingung weruh wong ayu. Ayumu 'ki kliwat ukur ngono, wiwit pucuk rambut nganti jempoling suku ora ènèng gèthèk ciriné. Ulun iki déwa ya ngantèk gumun, ènek wong ayu kok kaya ngono. Éman-éman, kowé saba ngalas malah awakmu ireng kabèh. Hé, awak resik-resik kok malah diregedi kaya ngono. Sembadra?

SEMBADRA: Pukulun, aku mung kepéngin nyuwun dhawuh marang Paduka Pukulun, rehning kowé wis kepareng rawuh ana kéné.

NARADHA: Éh, njaluk penemuku babagan apa?

SEMBADRA: Yagéne Pangéran Arjuna lunga waé ora sraba-sraba. Aku iki tinitah dadi wong wadon, jaréné wong wadon mono nggoné wewadi. Gawéyanku ngreksa utuhing kulawarga, bektiku menyang wong lanang kiraku Pukulun wis bisa nyawang sapa sejatiné Wara Sembadra. Aku ora tau ngéna-ngéné, ambak ditinggal wong lanang sasèn-sasèn, nèk perlu tetaunan, nanging aku ora bakal méngo ngiwa lan nengen, Pukulun, Pukulun. Kaya jinempana ing angin, ilanging Pangéran Arjuna éngga sepréné durung ana kawusanané. Tinimbang aku ngentèni wong lunga ora genah lawasané, aku ora niat bali yèn ta durung gegandhèng kunca karo memaniking atiku, Pukulun.

NARADHA: É lha dalah, ha ha ha ha ha, èh pragénjong-pragénjong 'nggèr, aku ora maido kowé kuwi wong ayu lair lan batinmu. Ayuning lair nggonmu sregep nata baléwisma, nata awakmu dhéwé, ngadi sarira ngadi busana. Ayuning batin, watak setya bektimu menyang gurulaki, sing nyatané jagad tanpa timbang. Mung waé ngéné ya 'nggèr, menungsa mono mung urip ana sajroning kodrat, dilairaké ya wis winengku ing kodrat. Bojomu nadyan ta dina samengko kaling-kalingan godhong selemba, nèk ta pancèn 'urung wewanci wahyaning mangsakala ora bakal kétok. Mula kang saka kuwi, aja gawé panasing swasana kahyangan. Cupeten seméné, kowé tumuli baliya. Mbésuk tekaning gati bojomu mesthi bali marang pepangkonmu menèh.

SEMBADRA: Ora. Wis dadi sumpahku, yèn ta ketekan Déwa Narada ora bisa madhangaké atiku, mbésuk ndadak ngentèni apa, saiki waé aku banjuten, Déwa Narada.

Ada-ada Jugag, sléndro sanga

*Déwa nyugata marang surèng prang,
Ngudani arum-arum,
Ngendanu ing ngawiyat.*

NARADHA: Ah lha dalah, ah. Lha kok dadi kaya mengkono? Nèk ngono tékadmu kuwi wis geleng tenan? Ora pethuk bojomu, kowé wis ora mulih.

SEMBADRA: Ora. Wis kaya ngono kuwi wong lanang nguwatiraké rasa. Aku 'ki ora piyé-piyé, mesthi 'nèng paran apalané 'ki 'njur rabi.

NARADHA: 'Ning kétoké bojomu 'ki ora rabi.

SEMBADRA: 'Ning aku ya ora maido, wong aku ya ora tau serik. Witikna wong lunga saka nglawang pisah karo bojo, nèk 'ra rabi ya piyé, timbang kongkon sapa-sapa mbayar.

NARADHA: Ah, bocah 'ki 'ok gunemané kok plenthas-plenthus.

SEMBADRA: Gagé aku patènana, Pukulun.

NARADHA: É lha dalah. Ya, nèk antep tékadmu nggonmu kepéngin ketemu karo bojomu, ana srananing laku.

SEMBADRA: Sranané apa?

NARADHA: Aja wujud kaya mengkono. Manuta, ulun dandani 'nggèr.

Sampak, sléndro sanga

[Sembadra kadandoson malih dados Sintawaka.]

(Sampak, suwuk)

NARADHA: É lha dalah, ha ha ha. Wah, lé cakrak. É, lé malangkerik 'engko waé.

SINTAWAKA: Ya mèn. Apa 'nèng ngarepé déwa ora éntuk malangkerik?

NARADHA: Ya, sakarepmu, ya. Déwa 'ki angger déwa kaya aku 'ki wis ora diajèni nguwong. Kowé tak-jenengaké Bambang Sintawaka.

SINTAWAKA: Bambang Sintawaka?

NARADHA: Ya, Bambang Sis-ntawaka.

SINTAWAKA: Terus?

NARADHA: Sing bisa nata menyang udanegara, wewangunaning wandamu aja nganti ngawistarani. Golèkana urut Ngalas Duryapura nganti saketemuné bojomu.

SINTAWAKA: Ya nyuwun pamit, Pukulun.

Sampak, sléndro sanga

[Naradha kondur makahyangan.]

(Sampak, suwuk)

SINTAWAKA: Wah, wis dadi wong nggajak ngéné iki, upama aku kemaki kemlinthi ngono ya ora apa-apa, wong wandaku kaya ngéné. Hem. Aku arep nggolèki Janaka. Eh, ènèk wong lanang kok tegelé mentalané 'nyang kulawarga kok kaya ngono. Ninggal anak, ninggal bojo pirang-pirang 'ok lunga sakgelemé dhéwé. Wong lunga kok ora nganggo wangenan? Apa wis éntuk éncón ngono 'pa piyé? Angger wis éntuk éncón trus ora mulih-mulih, plak-plèk-plak-plèk. Ana ngendi kowé Janaka?

[Sintawaka bidhal.]

Samapk, sléndro sanga, suwuk

Pathet Manyura

Pathet Wantah, sléndro manyura

*Mèh rahina semu 'bang Hyang Haruna,
Kadi nétraning oga rapuh,
Sabdaning kukila ring,
Kanigara saketer,
Kinidunganingkung,
Lir wuwusing winipanca,
Pepetoging ayam wana.*

POCAPAN: Lah ing kana ta wau, wus lulus raharja lampahira Bambang Sintawaka, amarengi wanci marbabak sunaring arka ing brang wétan. Mratandhani wus gagat bangun énjang. Akèh bakul ingkang padha nggéndhong ténggok isi wulu wetuning bumi, urut ing marga samya tetembangan. Sawenèh ana wong wadon ingkang rada kabotan 'nggoné nggéndhong, mangka rada kebelet. Rèhning datan bisa ngudhukaké géndhongané, mung minggir-minggir. Senadyan amung kanthi jumeneng kéwala, parandéné meksa daléwéran dumugi pundi-pundi. Ora kaya among tani ingkang anggereg kebo sapiné tumuju ing pategalan miwah ing pasabinan, sami ura-ura, lagoné *Caping Gunung*. Nadyan ta tanpa digameli, parandéné gayengé angluwihi, nganti sewengi muput. Ésuk tekan surup bali

menyang ngomahé sowang-sowang. Bocah angon kebo ana ngisoring uwit sinambi ngunèkaké sulingé, “thulat-thulit-thulat-thulit-crit.” Keboné aring, padha anjerum sapiné. Nanging si tukang angon kebo amung kepénak kéwala anèng gigiring kebo sinambi rengeng-rengeng. Nengna kawuwusa ing mangké, datan kadi ingkang minangka sambunging kandha. Inkang mapan anèng Negari Cintakapura. Nyata lamun ta naléndra ingkang asih mring kawula dasih.

Adegan Manyura: Praja Ngamarta

Gendhing MALARSIH, kethuk 2 kerep, sléndro manyura

[Puntadéwa medal, kaadhep Bima, Nakula, tuwin Sadéwa.]

(Malarsih, sirep)

JANTURAN: Anenggih ingkang kacarita, ing Negari Ngamarta, Cintakapura, inggih Batanakawarsa. Kadhaton ingkang winastan Ngéndraprastha, labet minangka kratoning sang satriya mahambeg brahmana gegunungan kang angrenggani dhampar keprabon Ngéndraprastha. Pambayuning Nata Pandhawa ajejuluk Prabu Puntadéwa, Yudhisthira, Gunatalikrama, Darmaputra, Darmakusuma, Darmawangsa, inggih apeparab Sang Ajathasatru.

Nyata nata ing Ngéndraprastha sengsem ing kautamèn, legawa ing pati. Kalanturing kandha Prabu Darmakusuma kedunungan ludira séta, saking sucining penggalih bekti lan kautamèn. Mila senadyan jumeneng naléndra Sang Ajathasatru datan wikan jejeg-dhoyonging praja, jumenengira nata amung saking setya bektinira para kadang ingkang ngembat jejeging Praja Ngéndraprastha.

Sinten ta ingkang kepareng ngayun yayah prayitnèng kéwuh pindha Lintang Bimasekti nuwak tutuking naga. Nenggih menika panenggak Pandhawa Risang Werkudara, Bimaséna, Brataséna, ya Risang Jayalaga. Nadyan ketingal kau lan dhoso, parandéné jujur atiné, utama tumindaké. Kembar kemanikan wus sumahap mungging ngayun, parandéné sengkeling kalbu Sang Nata Prabu Yudhisithira dadya mangkana pangandikané.

(mérong Malarsih udhar →minggah kethuk 4, suwuk)

Sendhon Sastradatan, sléndro manyura

*Tatkala Narpa Kresna,
 Tan tulus hanyakra ring,
 Resi Wara Jahnawisuta,
 Kang mungguh kalih ing rata,
 Teher tumiyangaken,
 Ikang Sarotama,
 Tan warta magawé,
 Pupug ring guna sang resi,
 Lèlèh manggya tatar,
 Ujwala tekwan puh,
 Umiyat Risang Wara Srikandhi karananing,
 Gupe sirèng laga.*

PUNTADÉWA: Kadanging pun kakang 'Dhimas Werkudara.

BIMA: Haaa. Ana dhawuhmu apa, mbarep kakangku?

PUNTADÉWA: Yayi, tak-entèni nganti kaya ngentèni kumambanging watu item saka dhasaring samodra. Ora ana kawusanané 'dhimas panengah, Werkudara.

BIMA: Jlamprong gawéné minggat ndadak digolèki. Mengko nèk wis jelèh 'lé lunga mesthi mulih dhéwé.

PUNTADÉWA: Kowé aja guneman kaya ngono, Werkudara.

BIMA: Kaya ora apal karo lagak-lagon lelagéyané Janaka.

PUNTADÉWA: Ya 'dhi, nanging sumurupa. Saka pangrasaning pun kakang, lungané Janaka ing 'ri palungguhan iki kaya bènèh lan padatan. Kaya nggawa pangaribawa ingkang ora sakbaéné. Dhasaré pun kakang antuk wasitaning ndéwa, lamun ta dina iki jawata bakal ngandhapaké kanugrahan. Werkudara, mara gagé golèkana adhimu, yayi.

BIMA: Hem, ora pisan ora pindho aku 'ki nggolèki Janaka. Nèk wis ketemu malah mung marakaké muring.

NAKULA: Kaka Prabu.

PUNTADÉWA: Kembar apa, yayi?

NAKULA: Sampun mboten kirang-kirang ingkang rayi, anggèn kula ngupaya ngisep pawarta miwah nyebar juru panelik, parandéné cabar tanpa karya, Kaka Prabu.

SADÉWA: Inggih, semanten ugi kula, Kaka Prabu. Dèrèng mangertos ing pundi lenggahipun Kakangmas Madukara.

PUNTADÉWA: 'Dhimas Werkudara, si adhi jejegna pangidhepmu. Ngertiya lamun ta Pandhawa iku ngibaraté antiga sakpetarangan. Lamun ta pun kakang mukti klawan si adhi tanpa 'Dhimas Permadi, yektiné gothang. Yèn kowé ora gelem nggolèki, pun kakang dhéwé ingkang bakal ngupaya, Werkudara.

Ada-ada Jugag, sléndro manyura

*Manganjur lakuning angin,
Guntur agraning harga,
Gora gurnita kagiri-giri,
Horeg bumi prakempita.*

BIMA: Haaa, kowé ora tau njangkah lawang, parandéné arep nggolèki Jlamprong, 'nyang ngendi nggonmu arep nggolèki?

PUNTADÉWA: Ndadak adoh-adoh, tumpuk glondhong, manjing hagni murub.

BIMA: Haaa, pol-polé ngono kuwi.

Sampak, sléndro manyura

[Sedaya nilaraken paséwakan.]

[Bima samekta dhiri.]

(Sampak, suwuk)

Bima Mlumpat

Ada-ada Jugag, sléndro manyura

*Bumi gonjing langit kelap-kelap,
Katon lir kincanging alis,
Risang matwèh gandrung,
Sabarang kadulu wukir moyag-mayig.*

POCAPAN: Satriya Munggul Pawenang Risang Bimaséna. Bawané Sang Séna wus tau taté tunggal kahanan klawan sang gurunadi, mantheng pangèsthiné, mancorong

cahyané. Mangké wus sampet busanané. Apa ta busanané satriya Tunggul Pawenang?

Gelung minangkara cinandhirengga èndhèk ngarep dhuwur mburi. Pupuk mas rinéka jaroting asem, sumping pudhak sinumpet; tegesé kembang pandhan kang diwalik. Anting-anting panunggul maniking warih, sangsangan nagabanda, gelang candrakirana, kelat bau kencana winangun blibar manggis binelah tekan kendhagané. Kampuh polèng bangbintulu, paningset cindhé bara binelah numpang wentis kanan-kéring, clana cindhé wilis kinancingan porong endhasing nagaraja. Pranyata busanané Sang Harya Séna minangka pralampita kekeraning budi.

Gelung minangkara cinandhirengga èndhèk ngarep ndhuwur mburi: pranyata Sang Arya Séna datan kéwran dununging kawula lan Gusti. Pupuk mas rinéka jaroting asem: pupuk minangka pratandha dènnya necep pangawikan marang Sang Hyang Bayu. Jaroting asem: Werkudara ngrawit budiné kaya jaroting asem. Sumping pudhak sinumpet: tegesé kembang pandhan kang diwalik, mengku kawruh panunggaling Hywang Hodipati. Anting-anting panunggul maniking warih: Brataséna padhang paningalé. Sangsangan naga banda, ula gedhé: tegesé, kruraning Sang Séna nganti kaya nagaraja, yèn bandayuda ora watak kalah, kalahé yèn wus teka pati. Kelat bau rinéka blibar manggis binelah tekan kendhagané: Kusumadilaga trus njaba lan njeroné, binasakaké bawa-leksana. Gelang candrakirana: candra rupa, kirana wulan. Kawruhé Séna sumorot kaya wulan purnama. Kampuh polèng bangbintulu: abang ireng kuning putih, minangka pralampita pancandriya mahyaning kanepson limang perkara. Pancaré mangkono kang abang marang kaprawiran, ingkang ireng marang kasantosan, kuning marang kabiraèn, ingkang putih marang kasucèn. Paningset cindhé bara binelah numpang wentis: Brataséna bisa mbédakaké laksitaning brata. Porong dhapur nagaraja minangka kancing: nyata Arya Séna wus memet-amomot marang sawernaning jagad. Samana wus sangkep busananira Sang Werkudara. Matek aji ungal bener, bandung bandawasa, blabak pengantol-antol, angin mijil bajra maliweran.

Ada-ada Bima Mlumpat, sléndro manyura

*Manganjur lampahing angin,
Guntur agraning harga,*

*Gora gurnita kagiri-giri,
Horeg bumi prakempita,
Padhola mangambak-ambak,
Udan deres wor lan lésus,
Sindhung riwut magenturan,
Situ-situ banda layu.*

Sampak, sléndro manyura

[Bima bidhal.]

Candhakan: Gathutkaca/Sintawaka

[Gathutkaca medal ing gagana.]

(Sampak, suwuk)

Ada-ada Jugag, sléndro manyura

*Irikata Sang Gathutkaca kinon,
Mapag Arkasuta,
Tekapira Kresna,
Parta maneher muji saktinira.*

GATHUTKACA: Wah, Paman Janaka ana ngendi, ora ana katon? Kaé ana kemlébat ana mbulak kang ngenthak-enthak wong mlaku ijèn. Hé, mandhega!

Sampak, sléndro manyura

[Sintawaka pinanggih kaliyan Gathutkaca.]

(Sampak, suwuk)

SINTAWAKA: Ana wong kok bagus, gagah.

GATHUTKACA: Kowé wong ngendi, kétok nyalawadi lakumu?

SINTAWAKA: Aku Bambang Sintawaka, alias Radèn Gathutkaca.

GATHUTKACA: Wah, ngerti jenengku?

SINTAWAKA: Ya ngerti 'no, karo kowé mosok ora ngerti.

GATHUTKACA: Yèn ngono ketemu wong waskitha, tiwas kebeneran, aku arep nyarawidèkaké.

SINTAWAKA: Nyarawidèkaké apa?

GATHUTKACA: Murcané Paman Permadi, ya Paman Janaka.

SINTAWAKA: Nah, nèk kowé takon perkara kuwi, ya takona aku.

GATHUTKACA: Kandhanana gagé ana ngendi?

SINTAWAKA: Aku gelem ngandhani, 'ning ana saraté, ana sranané.

GATHUTKACA: Sranané apa?

SINTAWAKA: Kowé kudu dadi siswaku, kowé dadi muridku.

GATHUTKACA: Piyé?

SINTAWAKA: Dadi muridku gelem ora? 'Engko tak-ajari *Ladrang Wilujeng*. Gelem ora?

GATHUTKACA: Kowé kok ngayawara temen gunemamu.

SINTAWAKA: Gelem ora?

GATHUTKACA: Nggatelaké kuping, ora sotah. Aku nadyan isih mudha nanging aku wis jumeneng naléndra.

SINTAWAKA: Iya iya, kowé 'ki ratu aku ngerti. Sing ngarani petik sapa? Ratu, ratu. Aku 'ki ngerti, angger plak-plèk-plak-plèk ngono kuwi ratu, karo "ha ha ha ha," ngono.

GATHUTKACA: Saya nggatelaké talingan.

SINTAWAKA: Kowé gelem teluk karo aku apa ora?

GATHUTKACA: Ora sudi!

Sampak, sléndro manyura

[Sintawaka prang kaliyan Gathutkaca.]

(Sampak, suwuk)

GATHUTKACA: Adhuh, mati aku. Awakku anyep kabèh kaya ngéné iki.

SINTAWAKA: Anyep kabèh 'no. Gur nglempohaké kowé wé pira 'wéné.

GATHUTKACA: Adhuh, aku ndhrodhog kaya ngéné.

SINTAWAKA: Ndhrodhog. Angger wis yahéné 'ki wis wiwit ndhrodhog kowé. Wis "hè hè hè hè hè," wis ngono.

GATHUTKACA: Wong édan, kowé aja gawé wirang.

SINTAWAKA: Lha gawé wirang, wong mung dikon teluk karo aku, 'kon suyut karo aku wé kok emoh kuwi lho.

GATHUTKACA: Adhuh, aku marènana, kaya ngéné ora kuwat aku.

SINTAWAKA: Tak-marèni, nanging kowé gelem percaya karo aku 'pa ora? Trima dadi balaku ora?

GATHUTKACA: Ya, trima, trima.

SINTAWAKA: Mari.

Sampak, sléndro manyura, suwuk

GATHUTKACA: Wah nyuwun pangapunten.

SINTAWAKA: Mula aja kemlinthi. Eh, lagèk menang rong puluh èwu ngono, kegedhèn 'ndhasé.

GATHUTKACA: Inggih, nyuwun pangapunten.

SINTAWAKA: Ya. Kowé péngin ketemu wong sing jenengé Janaka ta?

GATHUTKACA: 'Nggih.

SINTAWAKA: Ya, tutna aku.

Sampak, sléndro manyura

[Gathutkaca tuwin Sintawaka késah.]

Candhakan: Wana Duryapura

[Mahambira medal, mrawasa Arjuna.]

(Sampak, suwuk)

Ada-ada Cekak, sléndro manyura

*Mulat mara Sang Arjuna,
Èsmunira kamanungsan.*

MAHAMBIRA: Radèn, kowé ora gelem mrawasa aku? Mangka kowé wis tak-prawasa arep tak-mangsa. Aku kalirén. Wareging telihku yèn ta aku bisa mangsa dagingmu, Radèn.

ARJUNA: Ciptaku ing kéné kepéngin ngudi tumuruning kanugrahan, aku ora kepéngin gawé pepati. Mula sing gedhé pangapuramu, garudha.

MAHAMBIRA: Kowé arep golèk wahyu?

ARJUNA: Ya dhasar mengkono.

MAHAMBIRA: Arep mbok-’nggo apa?

ARJUNA: Idheping tékad muhung kepéngin memangun katentremaning sagung tumuwuh miwah mulyaning para kawula dasih.

MAHAMBIRA: Wah, goroh. Yèn lagi angkat golèk drajat, pangkat, semat, kowé mesthi gunemamu ngono kuwi, kabèh-kabèh mung kepéngin nglabuhi karo kawulamu. ‘Ning nyatané yèn kowé mengko wis éntuk lungguh, éntuk kamulyan, éntuk kawibawan, mesthi kowé lali karo janjimu.

ARJUNA: Tak-seksèkaké kéblat papat, isining rina-wengi, klebu kowé Sang Garudha, yèn ta nganti mengko samangsa aku wus antuk kanugrahan banjur aku lali purwa-duksina, tak-pasrahaké pati-uripku menyang kowé, aku panganen.

MAHAMBIRA: Wé lha, Radèn.

Sampak, sléndro manyura

[Mahambira mundur. Naga Kuwara mrawasa Arjuna.]

(Sampak, suwuk)

POCAPAN: Waspada ing cipta Risang Dananjaya, wruh lamun ta sipating panggodha miwah pangrencana. Katandha késahing Sang Garudha Mahambira, ana naga ngakak sakbongkoting tal gedhéné. Sigra megeng napas lan nupus minta sih nugrahaning Kang Sukma Kawekas. Dayaning semèdi mijil pangaribawa anempuh kang Naga Kuwara, kéndhang ‘mbuh tibané.

Sampak, sléndro manyura

[Kuwara tuwin Situbanda kawon déning Arjuna.]

(Sampak, suwuk)

SEMAR: É, ah, Sampéyan ‘pun lantip ing cipta sasmita. Èh, ‘Dèn, niku tandha-tandha nèk gegayuhan Sampéyan niki cara-carané wong mènèk gunung ‘pun mucuk, saya gedhé anginé, sing ngati-ati ‘nggih ‘Gus.

ARJUNA: Iya, Kakang.

Sampak, sléndro manyura

Adegan Manyura: Pertapan Kutharunggu

→*Ayak-ayak, sléndro manyura*

[Késawasidi medal, kaadhep Kumbakarna.]

(Ayak-ayak, suwuk)

Pathet Jugag, sléndro manyura

*Jahning jahning talaga kadi langit,
Mambang tangpas wulan upamanéka,
Lintang tulya kusuma ya sumawur,
Lumrang wé kang sari pindha jaladha.*

KUMBAKARNA: Nuwun amit pasang kaliman tabik, sinabeta ing ila-iladuni, dhumawah ing tawang-towang, linepatna ing tulah sarik, déné kula cumanthaka ngadhep ing ngarsanipun Sang Ayogi. Mugi katepangna kula menika rumiyin satriya Pangleburgangsa, kadangipun Prabu Rahwana, nami kula pun Kumbakarna. Panembahan, ujaripun ing mriki Jengandika Sang Awatara ingkang sampun wegig mumpuni ing agal miwah lambat. Keparenga kula badhé ndhèrèk anggulang tepung anggladhi wanuh, Sang Mahayogi.

KÉSAWASIDI: I, i, hong wilahèng mastuhuna sidham sekaring bawana langgeng.

Kisanak, Jengandika iki tak-sawang wus salira kumara. Wis ora nggawa jasat kwadhagan, nanging wis ngambara nganti tumeka ing papan kéné. Apa wigatining lakumu Arya Kumbakarna?

KUMBAKARNA: Adhuh Sang Mahayogi, mugi wonten 'sih wilasa Jengandika, labet saking pituduhing sedhèrèk kula mudha nami pun Kunta Wibisana, kula tinanggenah ngupaya dalaning pepadhang murih sageda tinuntun wonten ing kalanggengan. Nanging ingkang saged nuntun lampah kula kala wau kacariyos inggih namung manungsa ingkang sampun dados sasananing Sang Hyang Suman, déwananing kabagyan, ingkang nalika jaman Ngalengkadiraja rumiyin manuksma wonten angganipun Bathara Ramawijaya. Rèhning kula wawas sangking pramana kula, jebul Jengandika Sang Mahayogi gandanipun miwah sunaripun sami kaliyan sang martèng jagad rumiyin, Sang Rama Regawa, mila nyuwun pangapunten paripaksa kula ngaup ketrimah Paduka Sang Ayogi. Mugi wonten kersa Paduka nuntun lampah kula, kawangsulna dhateng alaming kelanggengan.

Ada-ada Jugag, sléndro manyura

*Pandhita akarya wangsit,
Pindha kombang angajab ing tawang,
Susuh angin ngendi nggoné,
Myang galihing kangkung isining wuluh wungwang.*

KÉSAWASIDI: É, é, mengko ta Kumbakarna. Sira isih durung antuk dalan manjing ana ing kaswargan jati.

KUMBAKARNA: Inggih, awit kula raosaken jebul déwa ingkang gawé gesang kula menika kok kirang adil.

KÉSAWASIDI: Kowé aja guneman kang kaya mengkono. Sing klèru kuwi kowé dhéwé. Kowé mung manut grubyug gegayuhan, 'ning ora tau ngerti juntrungé lan kowé ora bisa tumandang kanthi tékad pribadi kanggo nggayuh kasampurnan.

KUMBAKARNA: Pukulun, walèh-walèh menapa, kula tinitah menika dados buta, ngantos dumugi ing alam pati tetep dhumawah ing kacintrakan. Mila parikedah kula oncad saking penandhang papa, gaduking manah kawula namung badhé tut wingking kaliyan sedhèrèk kula Gunawan ingkang sampun ngempèk éyom dhateng katrimahipun Bathara Ramawijaya ingkang samangké sampun sasana ing mriki.

KÉSAWASIDI: Kumbakarna, kowé aja klèru cipta. Tumrapping lelabuhan, Sang Wisésa iku sayekti ora mbédak-mbédaaké buta apa satriya. Endi ingkang becik tindaké, tetep

tékadé, gedhé lelabuhané, sayekti pinaringan nugraha saukur klawan lelabuhané nalika ana ing marcapada. Tumrap kowé dhéwé, duk nalika kowé tinitah ana ing janaloka, sira ketungkul nggedhèkaké kamuktèn. Kowé karem mangan klawan turu, sepen saka ing penggayuh marang wekasaning sukma. Mula bareng tekan ing perang gedhé Ngalengka, èsthining tyasira ngadoni pupuh kongsi kasambut ing rana madyalaga tetep mung nglabuhi negara miwah lelabuhanira ingkang sira anggep wus awèh kamuktèn marang sira, tanpa ngrasa lamun ta sira uga ngalap pirang-pirang kanikmatan saka Sing Murbèng Dumadi, ketara kowé lemu awakmu merga nggonmu seneng mangan lan turu. Kumbakarna, tékadira kang kaya mengkono senadyan ora kejarag, nanging kowé ngungkiri marang kamurahané Sing Gawé Jagad iki. Mula tekan ing alam pati kowé ora ngalami kahanan ingkang padhang, nanging uga kowé ngalami lelakon kang peteng, merga saksuwéning uripmu mung mbok-isèni mangan lan turu.

KUMBAKARNA: Wadhuh Pukulun.

Sampak, sléndro manyura, suwuk

Ada-ada Cekak, sléndro manyura

*Buta Pandhawa tata gati wisaya,
Indri yaksa sara maruta.*

KUMBAKARNA: Wadhuh, kula pitaya Paduka sang minulya ing jagad. Kula pasrah sakwetahipun, Pukulun.

KÉSAWASIDI: Iya. Ngèlmu pangukudan, sira marepa ngulon.

KUMBAKARNA: Inggih.

KÉSAWASIDI: Rungokna dhawuhku iki.

KUMBAKARNA: Inggih.

KÉSAWASIDI: Yèn wis apal unèkna.

“Ingsun sejatining dat kang murba misésa, patang perkara ingkang wus tinamtu ing sun kukut dadi sewiji manunggal klawan datingsun Inggang Maha Suci. Mulya sampurna klawan kodratingsun, ingkang asal saka bumi muliha marang bumi, ingkang asal saka geni muliha marang geni, ingkang asal saka angin baliya marang

angin, kang asal saka banyu muliha marang banyu. Saka kodrat wiradatingsun selawasé, yèn wis padha mulih marang asalé dhéwé-dhéwé, nuli ingsun racut dadi sawiji anunggal kahananingsun selawasé. Langgeng ora kena ing owah-gingsir.”

KUMBAKARNA: Wadhuh, ngaturaken panuwun, Pukulun.

Sampak, sléndro manyura, suwuk

KUMBAKARNA: Lajeng, manawi kula tandukaken?

KÉSAWASIDI: Mung kuciwané, kowé isih kudu nerusaké lelabuhan kanthi anteping darma kanggo nebus dosamu.

KUMBAKARNA: Srananipun?

KÉSAWASIDI: Mudhuna menyang Alas Duryapura, golèkana satriya ingkang sumunar cahyané. Kowé titipa kaswargan ana kono.

KUMBAKARNA: Wadhuh, kula nyuwun pamit, Pukulun.

Sampak, sléndro manyura

[Kumbakarna késah. Anoman sowan sarwi mbekta Wijayandanu.]

→Ayak-ayak, sléndro manyura, suwuk

KÉSAWASIDI: Aku nganti ngungun setaun njembleng serendheng karo kowé, Anoman.

ANOMAN: Inggih, kula nyuwun pangapunten Panembahan, paripaksa kula nyaut pusakaning Adipati Karna, kula aturaken Jengandika Sang Mahayogi.

KÉSAWASIDI: Karepmu apa?

ANOMAN: Idheping tékad kula, kanggé ngajar Prabu Karna Basuséna, nggembélo mustakanipun sakenthèng sirahipun, gadhah piyandel nami Kunta Wijayandanu, dèrèng wancinipun sampun kaedalaken wonten ing rananggana, ingatasipun boboting Kapiwara dipun-tamani senjata Kunta Wijayandanu. Kula ngertos menawi sejatosipun pusaka menika peparinging déwa jaman rumiyin kedahipun dhateng kadang kula Madukara, Radèn Janaka. Nanging saking nisthaning patrap culikaning tanduk Suryaputra, binégal jawata ingkang maringaken kanugrahan, satemah kabeta déning maling aguna inggih pun Suryaputra. Wonten dhakdhakan

anggèn kula kepéngin ngajar Prabu Karna, supados ènget dhateng sisiping tindakipun, Penembahan.

KÉSAWASIDI: Anoman, kowé klèru.

ANOMAN: Klintu kula mapan wonten pundi?

KÉSAWASIDI: Yèn ta Karna Basuséna njupuk pusaka ingkang dudu darbèké, kuwi perkarané Narpati Ngawangga, dudu perkaramu. Sing wenang ngukum Narpati Ngawangga kuwi déwa pribadi, Anoman ora diwenangaké. Mula, kowé salah gedhé tumraping lelakon iki.

ANOMAN: Nanging menapa mboten prayogi pusaka menika badhé kula aturaken dhateng kadang kula Yayi Janaka kéwala?

KÉSAWASIDI: Kowé wis salah nanging isih durung gelem ngrumangsani. Ya yèn sing mbok-wènèhi pusaka gelem. Wataking satriya Pandhawa kuwi dudu satriya sak-udhon sak-urupan. Ora wataking wong macukiling balé longan, nanging watak satriya kang sampurna, teteken kasucèn, pepayung budi rahayu. Yèn nganti Janaka ora gelem nampa, yektiné saya tambah dedosan kang mbok-sandhang.

O, Anoman, Anoman, kowé kuwi pendhita, umurmu wis tuwa, isih kanggonan watak murka sugih pepénginan. Mangka ngertiya, wong murka mono gampang kena perbawa saka njaba ingkang anjalari tuwuhing pepénginan. Atimu ngangsa, ora nyeblok, dahwèn, mula kurang jembar, kurang jembar jagadmu, Kapiwara. Kowé ora gelem ngajèni marang béda-bédaning panemu lan ora gelem nggayuh marang pepadhang, dalanmu mung mbok-petengi. Yèn kowé kepéngin golèk pepadhang, sanguné ya kudu kaweningan. Senjata iki tak-tampani, nanging kowé tak-ukum baliya menyang Kendhalisada.

Sampak, sléndro manyura

[Anoman késah, Arjuna dhateng.]

→*Ayak-ayak, sléndro manyura, suwuk*

Pathet Jugag, sléndro manyura

*Myang lunging gadhung malengkung,
Lir kawersan pindha kiswa lukar,*

Pangawéning sang dwija.

KÉSAWASIDI: Hong wilahèng mastuhuna sidham sekaring bawana langgeng. Radèn, padha raharja praptanira?

ARJUNA: Nuwun inggih, Panembahan. Niskala sowanipun Arjuna manggih rahayu. Namung pangabekti kula mugi konjuk wonten sahandhaping pada Paduka Sang Mahamuni.

KÉSAWASIDI: Ya iya, Radèn, tak-tampa gawé bombonging rasa. Ing kéné ora ana apa-apa, anané muhung sepi lan samun. Radèn, apa karyanira praptèng kéné?

ARJUNA: Adhuh Panembahan, kula nyuwun 'gunging samodra pangaksami. Èsthining tékad kula muhung ngempèk éyom ketrimah Paduka Sang Mahamuni. Èsthining raos namung kepéngin nyiswa mring Paduka. Teteping lampah kula muhung kepéngin lumintiring kanugrahan ingkang badhé dhumawah, mboten langkung saking asta Paduka Sang Panembahan Begawan Késawasidi.

KÉSAWASIDI: O, o, o. Kowé kepéngin golèk kanugrahan ponang wahyu, Radèn?

ARJUNA: Nuwun inggih, Panembahan.

KÉSAWASIDI: Pancèn bener, ing kéné papaning Pepakem Makutharama. Mula kang saka iku, mara gagé saraté kowé kudu percaya klawan panjenenganingsun.

ARJUNA: Lair-batos kula pitaya dhateng Paduka.

KÉSAWASIDI: Yèn percaya, mara gagé majuwa, tampanana, tampanana peparing saka pun bapa iki minangka lambaraning kawruh Pepakem Makutharama, sira kudu gelem nampani peparingé pun bapa.

ARJUNA: Nuwun inggih, Panembahan.

KÉSAWASIDI: Mara majuwa.

[Arjuna badhé piningan Wijayandanu, nanging boten purun nampi.]

Pathet Jugag, sléndro manyura

*Jahning yahning talaga kadi langit,
Mambang tangpas wulan upamanéka,
Lintang tulya kusuma ya sumawur.*

KÉSAWASIDI: Yagéne kowé malah mundur, Radèn Janaka?

ARJUNA: Nistha pocapaning Arjuna manawi kula lajeng èpèh ing bebudèn. Kula mangertos bilih menika senjata Kunta Wijayandanu, kagunganipun Kakang Basukarna. Panembahan, menawi kula kadhawuhan nampi lowung kula kapanduka jemparing menika, supados Janaka pejah wonten mriki kéwala. Nistha sanget bebudèn kula, lajeng wantun nampi pusaka ingkang pancènipun dédé darbèk kula.

Sampak, sléndro manyura → Ayak-ayak, sléndro manyura, suwuk

ARJUNA: Nyuwun pangapunten Panembahan.

KÉSAWASIDI: Ya iya, Radèn, kanthi mengkono ingkun percaya lamun ta jenengsira unusaning titah pithataning janma, ingkang kuwawa ngagem makutha keprabon. Ngertiya Radèn, ora klèru, ya Begawan Késawasidi aku ingkang bakal medharaké Pepakem Makutharama. Apa wis sawéga tyasira, Arjuna?

ARJUNA: Nuwun inggih, ndhèrèk kepareng Paduka Sang Mahayogi.

Piwulang Hasthabrata

KÉSAWASIDI: Sayektiné walèh-walèh apa ingkang winastan Pepakem Makutharama mono sinebut Hasthabrata. Astha tegesé wolu, brata iku laku; laku wolung prekara. Wewolu sarira ora kena sira oncati salah siji. Sumurupa ya Janaka, jroning layang kuna anyebutaké:

1. *Nihan brata ni sang hyang indra lapen, siran hudanaken tumrapping jagat, sirata tuladen ta indrabrata, sudana yan hudan ya manlaya birat.*

Tegesé:

Lampahing Bethara Éndra,

Ngudanaké wewangi ing sabumi,

Dana sumebar sumawur,

Mratani ing jagad,

Waratan 'gung alit sawadyanipun,

Pan ora amilih janma.

Kuwi lakuning Bethara Éndra. Dadi nggonira nulad déwa wewolu, kawiwitan nulada
Sang Hyang Bathara Surapati.

Kapindhoné:

2. *Yamabrata dhumandha karmmahala, sirekana malung maling yarpejah, umilwa kita malwa n
olah salah, asinga umawarang sarat prih pati.*

Iki janji lakonana,

Sawadyané akèh kabèh kang kamot ing bumi,

Déné Yama lampahira,

Milara karma ala,

Wong durjana ing praja kabèh linebur,

Nora nganggo kadang warga,

Yèn durjana dèn-patèni.

Barang kang laku dursila,

Ingupaya kabèh dèn-osak-asik,

Anggoné angungsi tinut,

Kecandhak pinatènan,

Reregeding praja pinrih bératipun,

Mangkono Bathara Yama,

‘Nggoné rumeksa praja adi.

Maling memalaning praja,

Pinrih ilang dursila ngreregedi,

Angundhangi wadyanira,

'Tan kena ulah ala,
 Inggang sandhing penggawé ala tinundhung,
 Inggang ala wus pinatènan,
 Sajinisé tumpes tapis.

Iku inggang kaping pindho, Janaka. Wondéné inggang kaping telu:

3. *Bathara Rawi manhisep wwai lana, ndatan kara sinaih saih de nira, samankana kitat alap panguhen, tatar gelisa yeka suryyabrata.*

Tegesé, surya kaping tigané,

Lakuné paramarta,

Angudanaké sabarang rèh arum-arum,
 Manjingaken rerasan,
 Asrep inggang dèn-tetepi.

'Tan galak nutut sakarsa,
 'Tan rasa wadya pinrih ing becik,
 'Tan ana rerengunira,
 Sumusup amrih kena,
 Inggang pinrih rinasan rerasan alus,
 Pangisepé reresepan,
 Karesep kena ing pinrih.

'Tan agé saliring karsa,
 Nadyan mungsuh tyasé kena pinulih,
 'Tan katenger pan rinasuk,

Pangisepé sarasa.

Kuwi ingkang angka telu. Inkang angka papat:

4. *Çaçibrata humarsukang rat kabèh, ulah ta mrdu komala yan katon, guyun ta mamanis ya tulyamrta, asing matuha pandhitat swagatan.*

Inkang werdiné:

Kang kaping papat Bethara Candra, ingkang laku apura sasamané amenuhi ing sabumi.

Mrih éca isining wong saknegara,

Ing pangrèhé wewangi lan memanis,

Sawuwus-wuwus amanis-arum,

Saulat parikrama,

Guyu-guyu èsemé winor ing tanduk,

Satindak datan rekasa,

Mung maréntahken memanis.

Ambeg santa sabuwana,

Trus ing manah marta-marta memanis,

Sangsaya sru arum-arum,

Asih sagung pendhita.

Wondéné ingkang angka panca:

5. *Hanin ta kita yat paninte ulah, kumwruhana buddhi ning rat kabèh, sucara ya panon ta tatan katon, ya dibyaguna suksma bayu-brata.*

Inkang kaping lima,

Lampahing Bethara Bayu,

Anginé pakaryané budining rat dèn-kawruhi.

Tanpa wangenan tanpa tengeran,
 Anggoné mamrih mèt budining dumadi,
 Kena kabudayanipun,
 Ing rèh datan kawruhan,
 Bisa amèk budining wadya sawégung,
 Dursila mulya kawruhan,
 Sasolahing wadya kèksi.

Sinambi angupaboga,
 Myang busana anggung mangun kamuktèn,
 ‘Tan ana antaranipun,
 Mrih sukaning pra bala,
 Amemaès saparayoganing wadu,
 Sarta ‘nggung tyasé sinuksma,
 Gunaning yuwana pinrih.

Radèn Janaka ingkang angka nenem, Hasthabrata ingkang angka nenem:

6. *Mamuktya n upabhoga sinambin n inak, taman panepeneng panan mwangn inum,
 mamandhana mabhusana mahyasa, nahan ta dhanababratatunung tirun.*

Inkang kaping nem mau, tegesé:

Sang Hyang Kuwéra,
 Anggung mukti boga sarta ngénaki,
 ‘Tan anggepok raganipun,
 Namakaken sarana,

Ingang wus kinon amusthi psthining laku,
 Amung precaya kéwala,
 Dènira 'tan amrih silib.

'Gunging praja pinarcaya,
 Dananya sru kayektèn dèn-ugemi,
 Nora ngalem nora nutuh,
 Kabèh sinasama,
 Rèhning 'sung warah kabèh kawiryan wus sinung,
 'Tan wruh ing upaya sira,
 Tuhuning pribadi pinrih.

Kaping pitu:

7. *Bathara barunangego sanjata, mahawisa ya nagapacanapus, sirata tuladen ta pacabrata,
 kitomapusanang watek durjjana.*

Bethara Baruna,
 Anggung ngagem sanjata lampahnèki,
 Bisa basukining laku,
 Amusthi ing wardaya,
 Guna-guna kagunan kabèh ginulung,
 Angapus saisining rat,
 Putus wewéka kaèksi.

Angapus sagung durjjana,
 Sedhih kingkin dursila juti,
 Saisining rat kawengku,

Kèsthi ingkang ala arja,
 Tempuhing sarana datan kéguh-kéguh,
 Kukuh kautamanira,
 Tuladen Bethara Baruna yekti.

Wondéné ingkang wekasan, ya kang kaping wolu, geneping Hasthabrata:

8. *Lanangéseni çatru bahnibrata, galak ta ri musuh yekapuya, asing sainason taçirnnapasah, ya tekana sinanguh agnibrata.*

Tegesé,

Brataning Bathara Brama,
 Ngupa boga sawadyané 'gung alit,
 Kabèh galak maring mungsuh,
 Bisa basaning wadya,
 Sirna parangmuka kaparag kapusus,
 Tirunen Bathara Brama,
 Tirunen Bathara Hagni.

Sampak, sléndro manyura, suwuk

Ada-ada Cekak, sléndro manyura

*Mulat mara Sang Arjuna èsmunira,
 Kamanungsan kasrepan tingkahing mungsuh.*

ARJUNA: Padhang tetrawangan raos kula, Penembahan.

KÉSAWASIDI: Ya iya, Janaka. Tegesé sira wus bisa mundhi Hasthabrata. Anggonen
 kekudhung lan kudhungana para wong-wong kang padha kepetengan. Negara
 bakal bisa hayu-rahayu lamun ta kabèh menungsané padha ngagem Hasthabrata,
 Janaka.

Sampak, sléndro manyura, suwuk

ARJUNA: Inggih, mugu-mugu sageta anetesi nyandhi dhawuh Paduka, Penemban.

KÉSAWASIDI: Iya. Wis purna anggonku medharaké yaiku sejatining Pepakem Makutharama, iku rumuhun ingkang andadèkaké Sang Bathara Rama kinamulèn widadari diagungaké déning wong sakbawana, merga naléndra ingkang ngagem makutha wolu mau.

ARJUNA: Nuwun inggih.

KÉSAWASIDI: Tak-tundhung baliya, tindakna ana ing uripira ing padinan, dadya tuladha tumrap ing dhiri pribadi, tangga teparo, munggahe menyang nusa lan bangsanira, Janaka.

ARJUNA: Inggih Penemban.

KÉSAWASIDI: Lan iki aku titip gamaning Adipati Karna, balèkna marang kang kagungan.

Sampak, sléndro manyura

[Arjuna késah.]

(Sampak, suwuk)

POCAPAN: Mèsem jroning wardaya Begawan Késawasidi. Dupi wus purna darmané ngandhapaké ponang Pepakem Makutharama. Kawuwusa, gya nata laksitaning huswa, mahya manjing winawas kongsi 'tan wor suh. Wor liyeping paningal, gumana ing tyas, krasa jro ros-rosan kèngser kosik. Katarik 'nenging piranti badan, badhar jatining wujud naléndra Dwarawati.

Sampak, sléndro manyura

[Késawasidi badhar dados Kresna.]

(Sampak, suwuk)

KRESNA: Jagad mangèstungkara. Hyang Agung, kula ngaturaken 'genging panuwun, déné pepadhang njinglang kang sinandhang. Kresna lan Janaka kaya geni lan urubé, kembang lan sariné. 'Dhimas Arjuna, sejatiné sira yayi musthikaning para satriya.

Sampak, sléndro manyura

Candhakan: Arjuna ing Wana

[Arjuna pinanggih kaliyan panakawan.]

PÉTRUK: Mbiyèn 'rung ènèk ngono kuwi!

(Sampak, suwuk)

SEMAR: Éh, trondholo kecut, ora Iki 'ki kraton, ora nganggo "thung-thung."

BAGONG: Kraton apa?

ARJUNA: Kakang Semar, aku kasembadan.

SEMAR: Ah, hiii, hé, 'ndaramu wis kasembadan. Pikantuk wahyu?

ARJUNA: Makutharama.

SEMAR: Ah éh, genah kowé. Kowé arep njaluk jajan apa, hem? 'Is, iki mesthi, iki 'engko sedhéla engkas uwong 'dha kemlinthi. Éh, liwat ngarepé kancané karo dikitir-kitiraké.

PÉTRUK: Kuwi kok Bandi Bagong iki. Wong mènèhaké kaya 'nyang sing wédok kok ditumpangaké, karo: "'Ki lho jupuken.'" Kurang ajar kuwi.

SEMAR: Hiii, sokur 'Dèn, sokur pikantuk.

ARJUNA: Iya Kakang, kabèh mau merga saka pamomongmu, Kakang.

SEMAR: Ah 'nggih, enggih, ah.

PÉTRUK: Ha, gèk sukuran, sukuran, ha. Rampung, rampung 'Gong. Wis ludhang, wis ludhang.

BAGONG: Sakdhasara rampung kowé arep tak-'jak 'nyang Jurug.

PÉTRUK: 'Thik gur Jurug ta 'Gong, 'Gong? Aboté kaya ngéné kok Jurug?

BAGONG: Apa kowé tak-jajakaké nggoné Mbok Suta?

SEMAR: Ha, kuwi senengaku. Aku nèk jajan nèk ora 'nèng kono ora seneng. Ah, seneng kotangé 'lé ngglambèh, ah.

PÉTRUK: Ha, wong kemben kok logro. Angger di'nggo njupukaké janggan, trus nyampluki klèk-klok-klèk-klok-klèk. Lha angger 'nggo njengking njupuk janggan, kok iki

nyampluk klèk-klok-klèk-klok. Aku ya, “swara apa ta Bu?” aku ngono. “Swara ‘ndhasmu kuwi.”

SEMAR: ‘Pun, wong kécokan wahyu niku kudu ndang kondur.

Sampak, sléndro manyura

[Arjuna pinanggih kaliyan Karna.]

(Sampak, suwuk)

KARNA: Janaka, kowé mencorong temen, yayi. Si adhi wis mundhun saka Kutharunggu, apa si adhi éntuk Wahyu Pepakem Makutharama?

ARJUNA: Nuwun inggih, pengèstunipun Kakang ‘Dipati tetéla mekaten.

KARNA: Adhuh adhiku ‘dhi, adhiku. Wis ora lidhok ujaré wong dhaplok.

ARJUNA: Inggih, Kakang.

KARNA: Yayi, mbok ya aku mbok-wènèhi ta ‘dhi, yèn ta wujud banyu ora kétang mung secawuk.

ARJUNA: Inggih, badhé kula aturi. Mangga kula aturi nampi, Kakang.

Sampak, sléndro manyura

[Arjuna ngaturaken Wijayandanu dhateng Karna.]

KARNA: Lho, lho, adhiku ‘dhi, adhiku, Janaka. Wah.

(Sampak, suwuk)

KARNA: Wong bagus tulus ora kaya kowé Janaka, Janaka. Wis bali kekuwataning pun kakang Ngawangga merga si adhi wis bisa mbalèkaké gamanku kang ilang, ‘dhimas.

ARJUNA: Inggih menika raos katresnan kula miwah bekti kula dhateng Kakang ‘Dipati Ngawangga.

KARNA: Puji-pinuji, Janaka.

Sampak, sléndro manyura

[Arjuna tuwin panakawan pinanggih kaliyan Sintawaka.]

(Sampak, suwuk)

SINTAWAKA: Pethuk wong kok anyir. Wong kok meling-meling. Wah, dingarèn ora nganggo gelang.

PÉTRUK: Lha ‘mpun payu kok. Gur apus-apusan wé. Éh, éh, ha, ‘Pak Raji, ha. Éh, éh, ha, piyayi kok lé.... ‘Pun dhahar soto godhong pring?

SINTAWAKA: Kok godhong pring ‘ndhasmu kuwi. Soto kok godhong pring?

BAGONG: Lha apa? Ora Lho angger awaké kenceng ngéné kuwi genah ora doyan sega iki. Lha anakku ‘ki ora doyan sega awaké ya kengkeng ngono kuwi.

PÉTRUK: Kowé tau ‘eruh wong kuwi ‘Gong?

BAGONG: ‘Mbuh. Ketoké ya tau ‘eruh ‘ki. Sing gawéné nggojèki wong mburi RRI kok.

SINTAWAKA: Ayo ngakuwa jenengmu sapa kowé, Janaka!

ARJUNA: Kok ngerti karo aku, Pétruk?

PÉTRUK: Ngertos mawon, ‘Njenengan piyayi kondhang kok. Mula nèk wong kondhang ‘ki aja gremat-gremet nèng ngendi-endi. Senengané kok apa dikira ora ènèk wong ‘eruh ngono? Bareng anu trus diceblèki wong édan: “Ah masé, masé, ‘Mas Saminto.”

ARJUNA: Wong édan.

PÉTRUK: Riyèn rak kurang sèket ta, ‘Mas.

BAGONG: Pétruk ora

ARJUNA: Kowé wis ngerti karo aku.

SINTAWAKA: Ya. Jenengmu Janaka, kowé. Arep tak-tantang gelut sepira kadigdayané. Wong kok kondhangé ora jamak.

ARJUNA: Kowé ora bakal tak-ladèni.

PÉTRUK: Ora gelem ngladèni ‘no, wong niki ‘pun éntuk wahyu kok ngladèni, ngladèni uwong. Wong éntuk wahyu niku ora éntuk kerengan. Sing éntuk gelut ‘ki ya, upamané kuwi wong rebutan iket, ngono ‘ki, gelut nèng prapatan Ngemplak ngono kuwi. Niku wong rebutan iket. Jotosan tenan. “Wani?” “Wani ‘aé!” Niku.

SINTAWAKA: Ora kok. Mburi kaé kok guneman waé!

PÉTRUK: Lha nyat mèn aja perang kok, mèn suwi kok. Mèn.

BAGONG: Hayo, “lamun cinandra pindha Liwung,” ngono! Hayo!

PÉTRUK: Mèlu wong, dhenggelé mrocot ora

ARJUNA: Piyé Pétruk?

SINTAWAKA: Alah, ora gelem gelut trus gèrèt ‘thik.

Sampak, sléndro manyura, suwuk

BAGONG: ‘Thik dilapi pipiné, ‘Dèn?

ARJUNA: Wong lanang kok ngambungi séngak-séngok-séngak-séngok.

BAGONG: Lha, aku ‘ki ya ‘eruh wong ambung-ambungan, wah. Wah, jan, ‘mat. Wis, ngantèk nguéné-nguéné, mak luèweg-luèweg. ‘Thik pripun, ‘thik ngambung-ngambung pripun?

ARJUNA: Ora ngerti sekti tenan. Aku emoh Bagong.

Sampak, sléndro manyura

[Arjuna pinanggih kaliyan Kresna.]

(Sampak, suwuk)

ARJUNA: Kaka Prabu.

KRESNA: Ya aku. ‘Ka ngendi?

ARJUNA: Gelut.

KRESNA: ‘Ka ngendi kok gelut?

PÉTRUK: Éh, lha iki, éh. ‘Mas Panuju, hé, ha. Saking Betawi jam pinten?

KRESNA: Wong édan Pétruk ‘ok. Kresna apiké kaya ngéné ‘ok ‘nggo dolanan.

PÉTRUK: Iki angger bangsa ngéné-ngéné iki ‘suk mbèn angger satus tahun ijik ngono, wé. Nèk ‘ra didol Kuku. ‘Cah asu kok kaé. ‘Suk mbèn, nèk aku wis ora ènèng, wis tuwèk trus didol ngono tak-primpèni.

KRESNA: Kowé ngapa Janaka?

ARJUNA: Wonten tiyang nantang kaliyan kula.

KRESNA: Sapa? Sapa ta 'Truk?

PÉTRUK: Kirangan.

KRESNA: Tak-Cakra endhasmu lho kowé.

PÉTRUK: Nyakra wé 'thik endhas?

KRESNA: Coba tak-sawangé premana jati.

Sampak, sléndro manyura, suwuk

KRESNA: Baliya 'nèh.

ARJUNA: Nun?

KRESNA: Baliya menèh.

ARJUNA: Nanging nggilani, ngarasi ingkang rayi.

KRESNA: Ngambungi ya mèn, menenga waé. Togna nganti sakmaremé.

BAGONG: Wis pokoké ngèhna nganti luèweg, luèweg, luèweg ngono.

ARJUNA: Nèk 'eruh uwong.

BAGONG: Alah, 'ruh ya wis mèn, pokoké luèweg.

KRESNA: Kowé tak-kandhani lho, hé, hé.

[Kresna mbisiki Arjuna bab Sintawaka.]

BAGONG: Ngerti 'urung?

ARJUNA: Wong édan ngemut kuping.

PÉTRUK: Éh, kuwi Jeng Tarini. Ngerti, Jeng Tarini?

ARJUNA: Apa iya?

Sampak, sléndro manyura, suwuk

SINTAWAKA: Kowé iki ngapa lho, kowé iki ngapa?

ARJUNA: Ayo, ndang adus ora

PÉTRUK: Ayo 'Gong wis arep *mulai* 'Gong!

BAGONG: Alah, wis ndang luèweg, luèweg.

Sampak, sléndro manyura

Prang Tandhing

[Kumbakarna medal.]

(Sampak, suwuk)

KUMBAKARNA: Wé lha dalah. Wah, ora ketemu-ketemu 'ki satriya sing endi ya? Wè hè hè. Iki ènèng angin sumribit gandané wangi. Wé, ketébang-ketébang sapa kuwi?

Sampak, sléndro manyura

[Bima dhateng.]

(Sampak, suwuk)

BIMA: Haaa.

KUMBAKARNA: Lho, nggereng. Kowé apa weruh aku?

BIMA: Iya, regemeng-regemeng. Apa kowé bangsaning gandarwa?

KUMBAKARNA: É lha dalah. Aku dudu gandarwa, Radèn, aku Arya Kumbakarna.

BIMA: Kaya aku tau krungu jeneng kuwi.

KUMBAKARNA: Iya, 'ning pirang-pirang atus tahun kepungkur. Aku seduluré Ratu Ngalengkadiraja, nanging aku ora bisa antuk kaswargan. Mula Radèn, aku tak-mèlu kowé, Radèn.

BIMA: Ora sudi kanggonan sétan mrayang kaya dhapurmu. Minggata!

KUMBAKARNA: Éntuk mèlu, ora éntuk ya mèlu, waé.

Sampak, sléndro manyura

[Kumbakarna prang kaliyan Bima.]

(Sampak, suwuk)

POCAPAN: Gineget jangganing Sang Werkudara. Saksana kridha, modot kuku pancanaka. Jinojoh wantun wadhuké Sang Kumbakarna. Ical, manjing mring wentisira Sang Bagus Werkudara.

Sampak, sléndro manyura

[Bima ngasoraken Kumbakarna.]

[Bima pinanggih kaliyan Kresna.]

(Sampak, suwuk)

BIMA: Wah, kowé wis 'nèng kéné?

KRESNA: Uwis. Sumunar cahyamu tambah, Werkudara.

BIMA: Aku iki nggolèki buta gendruwo. Tak-jojoh kuku, ilang musna tanpa lari.

KRESNA: Ora kok tanpa lari, 'ning sajiwa klawan kowé.

BIMA: Waaa, ora nggenah.

KRESNA: Yayi, kuwi titip kasuwargan, arep nggenepi darma, supaya bisa suda dosané.
 Tampanen, nambahi kasantosanira, Yayi Bimaséna.

Sampak, sléndro manyura

[Duryudana pinanggih kaliyan Sangkuni.]

(Sampak, suwuk)

SANGKUNI: "Tong-tong-tong-tong ket-tak dhen tong, ket-tak dhen tong."

DURYUDANA: Ora 'sah nganggo gendhing. Yahéné barang gendhing. Jarené wahyuné
 tetep dipèk Janaka?

SANGKUNI: Inggih.

DURYUDANA: Rebut!

Sampak, sléndro manyura

[Duryudana pinanggih kaliyan Bima.]

(Sampak, suwuk)

DURYUDANA: Wah, 'Dara! Werkudara!

BIMA: Piyé?

DURYUDANA: Tak-jaluk Pakem Makutharama.

BIMA: Nyoh!

Sampak, sléndro manyura

[Duryudana prang kaliyan Bima.]

→*Srepeg, sléndro manyura*

(Srepeg, sirep)

SANGKUNI: Nah, sing semangat 'cah. Ayo. Iki 'sih suwé iki. Isih telung adegan 'cah. Ayo. Ngéné iki. Ora nganggo ngapa-ngapa 'ning wis ngéné iki waé, 'ning sing suwé 'cah. Aja kaya ngono, lha kedadi. Ayo sapa sing wani arep miwiti, ayo, wiwitana, ayo. Nganti entèk cakepané. Ha, ambak piyayi sepuh-sepuh ora gelem ndhisiki aku. *Tak-tak-dhang, tak-tak-dhang, tung-dhang-dhang*---Ora wani. Nèk ora wiwiti awaké dhéwé ora

→*Sampak, sléndro manyura*

[Bima tayungan.]

→*Ladrang KAKI TUNGGU JAGUNG, sléndro manyura*

Adegan Manyura: Praja Amarta

→*Ayak-ayak, sléndro manyura*

[Puntadéwa medal, kasusul Arjuna, Kresna, Bima, tuwin Semar.]

(Ayak-ayak, suwuk)

PUNTADÉWA: Kaka Prabu, sepinten bingahing manah kula timbulipun 'Dhimas Arjuna gegandhèng kunca kaliyan Kanjeng Kaka Prabu Harimurti.

KRESNA: Inggih Yayi. Inggih mekaten kula nindakaken darma, labet saking wisésaning Hyang Latawalhudya kedah matedhakaken tumuruning kanugrahan agung Pepakem Makutharama.

SEMAR: Ah, Sinuwun, kula ndhèrèk bingah. É, mugi-mugi dayaning pepakem kala wau, murakabi dhateng tiyang sakdonya. Awit sekedhik utawi kathah, lami lan mboten lami, lelampahan menika badhé dipun-agem kaliyan tiyang sakdonya. Saé lan mbotenipun kula namung nyuwun pangapunten. Nanging idheping raos kula

namung ngleluri tilaranipun para pepundhèn, supados saged dipun-pepetri ngantos ing mbénjang mataun-taun ingkang badhé dhateng.

KRESNA: Kakang Semar, iya.

BIMA: Haaa, Semar, iya.

ARJUNA: Kaka Prabu mangga, kula ndhèrèkaken mangèstu pada ngarsaning Hyang Agung.

PUNTADÉWA: Kaka Prabu, suwawi bojana mangandrawina manggiha karahayon, Kaka Prabu.

Ayak-ayak Pamungkas, sléndro manyura, suwuk

Tancep Kayon